# МАХ ДУГ

6

2010





# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**
Ахсар КОДЗАТИ

**Редакция**
Ответств. секретарь, проза – Борис ГУСАЛОВ
Поэзия, драматургия – Казбек МАМУКАЕВ

**Общественный совет**
Руслан БЗАРОВ, Гриш БИЦОЕВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Елизавета КОЧИЕВА, Анатолий КУСРАЕВ,
Наира НАКУСОВА, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2010

# МАХ ДУГ

6

2010

РЕСПУБЛИКӔ ЦӔГАТ ИРЫСТОН-АЛАНЫ
ФЫСДЖЫТЫ ӔРВЫЛМӔЙОН ЖУРНАЛ

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ



**Сæйраг редактор**

ХЪОДЗАТЫ Ӕхсар

**Редакци**

Бæрнон секретарь, прозæ – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи, драматурги – МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

**Журналы æхсæны уынаффæдон**

БЗАРТЫ Руслан, БИЦЪОТЫ Гриш, ДЗАНТИАТЫ Анатоли, КОСТЫ Лизæ, КЪУСРАТЫ Анатоли, НӔКУЫСАТЫ Наирæ, ХОДЫ Камал



Дзæуджыхъæу, 2010

## НОМЫРЫ ИС:

**БЕСАТЫ ТАЗЕ: 100 АЗЫ** 7

*БЕСАТЫ Тазе.* **Новеллæтæ**

**ХУЫТЪИНАТЫ ЦЫППУ: 100 АЗЫ**

*ДЖЫККАЙТЫ Шамил.* **Разныхас** 21

*ХУЫТЪИНАТЫ Цыппу.* **Царды тын — фæллой.** Æмдзæвгæтæ, фельетон 24

*ХУЫГАТЫ Сергей.* **Уыцы тæссар-мæссар фæндаг.** Уацау. Кæрон 30

*РÆМОНТЫ Геор.* **Уды æлвæст хъистæ.** Æмдзæвгæтæ 100

*АБАЙТЫ Эдуард.* **Рæстæджы фæлмæй.** Æмдзæвгæтæ 105

*КОКОЙТЫ Эльзæ.* **Нæ риссæгтæ.** Æмдзæвгæтæ 108

**«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ** 110

**АХУЫРГÆНÆГÆН ÆХХУЫСÆН**

*МАМИАТЫ Изетæ.* **Аивад — удварны рæзæн** 117

*ХÆМЫЦАТЫ Фузæ.* **Хибар куысты хуызтæ ирон æвзаджы урокты** 131

**АРВИСТОН** 138

# БЕСАТЫ ТАЗЕ: 100 АЗЫ





*Рахизырдыгæй галиуырдæм: Дзадтиаты Тотырбег, Тазе, Балаты Тембол, Ходы Камал, Темыраты Давид, Гаджиты Георги.*

*БЕСАТЫ Тазе*

# НОВЕЛЛÆТÆ

## ДИССАДЖЫ БÆЛОН ÆМÆ ÆХХУЫРСТ ЛÆППУ

Бонджын æлдар Асланмæ афтæ бирæ фос уыдис, афтæ, æмæ йæ фысты дзугтæ æмæ бæхрæгъæуттæ быдырты нал цыдысты. Гъе, уымæ гæсгæ-иу æлдар йæ фос фæйнæ ранмæ æххуырстытæн аскъæрын кодта: фысты дзугтæ — хæхбæсты цæгæттæм, ставд фосы рæгъæуттæ — тархъæды æрдузтæм, бæхты та быдыры лæгъзмæ. Йæхæдæг-иу хаттæй-хатт йæ зæрдæйы дзæбæхæн сираг бæхыл сбадтис, афтæмæй-иу йæ фос, йæ æххуырстытыл йæ цæст ахаста.

Иу хатт сау æлдар Асланмæ æрбайхъуыст йæ уæтæрæй хабар: йæ гыццыл æххуырст лæппу Сахан æрцахста тархъæды мидæг диссаджы бæлон. Хабар куыд хъуыст, уымæ гæсгæ бæлон уыдис мæргътæн сæ рæсугъддæр, æмбæрста гыццыл æххуырст Сахановы ныхæстæ. Уый йын хуыздæр фæйнæджытæй бынат скодта, йæ куыстытæй-иу гыццыл куы февдæлон лæппу, уæд хъазыдис бæлонимæ, йемæ-иу ныхæстæ кодта.

Бадис сыл кодта æлдар, куы сæ федта, уæд. Бæлоныл уыдис æрвхуыз рæсугъд базыртæ, митæй урсдæр уыдис йæ дæллагхъуыр, стæй йыл Сахан цы сырх дари хæцъил сбаста, уый дымгæ базырты æмбæрц фæйнæрдæм фæйлауын кодта.

— Исты-ма зæгъ дæ бæлонæн, — бахудгæйæ, загъта æххуырст лæппуйæн сау æлдар, йæхæдæг, йæ бæхыл бадгæйæ, æдзынæг кастис бæлон æмæ лæппумæ.

Æххуырст лæппу бæлоны хъусы цыдæртæ адзырдта, стæй йæ хæрдмæ стæхын кодта. Диссаджы бæлонæн йæ рæсугъд базыртыл дарийы гæппæл уæлдæфы æрттывдтытæ калдта. Сау æлдары сæрмæ хъæлдзæгæй бирæ ратæх-батæх фæкодта, æлдар йæ нард бæрзæйы нуæрттæ, бæхыл бадгæйæ, фæстæмæ тыххæй ратасын кодта æмæ хæрдмæ кастис диссаджы бæлонмæ. Æрæджиау бæлон æлдары уæхскыл абадтис. Æлдар æй рацахсынмæ хъавыдис, фæлæбурдта йæм, фæлæ бæлон атахтис æмæ

Саханы хъæбысы смидæг. Уæд сау æлдары зæрдæ бынтон бахъазыдис диссаджы бæлонмæ.

«Уый мæ лæппуйы куы уаид, уæд дзы йæхи рæвдауид... Цæмæн хъæуы уыцы рæсугъд бæлон ме 'ххуырст лæппуйы?» — ахъуыды кодта сау æлдар æмæ йæ фæндон стырзæрдæйæ загъта лæппуйæн:

— Дæу ницæмæн хъæуы ацы рæсугъд маргъ, æри йæ æмæ йæ æз ахæссон мæ лæппуйæн!

Сау æлдар гуырысхо нæ кодта, йе 'ххуырст лæппу йын йæ бæлон кæй ратдзæн, ууыл, æмæ гыццыл æххуырстæй разыйы дзуапп куы нæ фехъуыста, уæд тынг фæмæсты æмæ дисгæнæджы каст бакодта лæппумæ. «Æрра у æви куыд бауæндыдис мæнæн ахæм дзуапп раттын?», — ахъуыды кодта Аслан æмæ мæсты каст бакодта гыццыл Саханмæ.

— Æндæр цы зæгъай, уый бакæндзынæн, фæлæ мæ бæлон никæмæн ратдзынæн, — уæндонæй загъта Сахан.

— Уæд дын мæнмæ бынат нæй, ацу, кæдæм дæ фæнды, уырдæм. Мæн ахæм къулбадæг æххуырст лæппу ницæмæн хъæуы. Иу æхсæв дæр куыд нал баззайай мæ уæтæры, афтæ! — загъта æлдар, йæхæдæг йæ бæхы рохтæ иннæрдæм аздæхта æмæ хистæр æххуырстытимæ байдыдта ныхас кæнын.

Диссаджы бæлон æнкъардæй бакаст лæппумæ æмæ йын зæрдæбынæй загъта: «Хъусыс, мæн амарыныл ныхас кæны дæ хицау, мæнæн ам цæрæн нал ис, бузныг, гыццылæй нырмæ мæ кæй схъомыл кодтай, уый тыххæй. Æз тæхын, фæлæ дын кæнын лæвар: æри, мæ бырынкъ дын дæ хъæлæсмæ бакæнон — ардыгæй фæстæмæ фос, сырдтæ æмæ мæргътæй алкæй æвзагæй дæр зондзынæ. Æрмæст уыцы хъуыддаг искуы искæмæн куы ской кæнай, уæд де сæфт æрцæудзæн».

Уыцы ныхæстимæ хæрзбон загъта диссаджы бæлон æххуырст лæппуйæн æмæ та саухъæдмæ атахтис.

Йæ бынаты бирæ фæлæууыдис Сахан, æнкъардæй кастис саухъæдырдæм, æнхъæлмæ ма кастис йæ уарзон бæлоны фæзындмæ, фæлæ уый нал фæзындис. Цæстысыгтæ Саханы рустыл æрцыдысты, æмæ сæ йæ цъæх цухъхъайы дысæй асæрфта. Райста йæ лæдзæг Сахан, æмбæлттæн «хæрзбон» загъта æмæ ацыдис, йæ къæхтæ йæ кæдæм хастой, уырдæм...

Æххуырстытæй ма чидæртæ рацыдис Саханы фæстæ, урæдтой йæ: «Уæддæр райсоммæ лæуу, ныр талынг куы у». Фæлæ

сыл ӕлдар схъӕртӕ кодта: «Ауадзут къулбадӕджы ӕмӕ цӕуа, кӕдӕм ӕй фӕнды, уырдӕм!»

Лӕппу бирӕ фӕцыдис тархъӕды иунӕгӕй, стӕй бахӕццӕ иу хъӕумӕ. Уым иу усы зӕрдӕмӕ фӕцыдис, ӕмӕ йӕ уый йӕхимӕ баурӕдта.

Иухатт уыцы ус, сӕ хъӕуы астӕу цы дон цыдис, уым мӕнӕутӕ тынг бирӕ ныхсадта, доны былыл сӕ нымӕтыл ӕрытыдта ӕмӕ сын лӕппуйы хъахъхъӕнынмӕ сӕвӕрдта.

Изӕрырдӕм мигътӕ кӕцӕйдӕр фӕзындысты, ус йӕхӕдӕг дӕр рауадис йӕ хуртуанмӕ, ӕмӕ хуртуан ӕфснайыныл фесты.

Лӕппу кастис ӕмӕ уыдта: дыууӕ цъиуы мӕнӕуӕй аскъӕфыныл нӕ ауӕрстой. Сӕ иу ӕрмӕст хӕргӕ кодта, иннӕ та ӕддӕмӕ зӕхмӕ фылдӕр калдта ӕмӕ цъыбар-цъыбурӕй ныхас кодта иннӕ цъиуимӕ:

«Уӕртӕ уарын ӕрбацӕуы. Ӕддӕмӕ уал кал, стӕй уый фӕстӕ хӕрдзыстӕм».

Фӕлӕ иннӕ цъиу уымӕ нӕ хъуыста, йӕ хӕрын къаддӕр нӕ кодта, афтӕмӕй дзырдта, калгӕ чи кодта, уымӕ: «Хӕргӕ уал исты куы акӕнин, хӕргӕ, ацы ус чъынды у ӕмӕ сӕ зӕххӕй дӕр ӕруидздзӕн, фӕлтау хӕргӕ кӕн, науӕд бынтон ӕнӕ хай фӕуыдзынӕ».

Сахан бамбӕрста цъиуты ныхӕстӕ ӕмӕ фӕлмӕн бахудтис. Ус федта лӕппуйы ныххудгӕ ӕмӕ йӕ нал уагъта: «Зӕгъ мын, цӕуыл ныххудтӕ, уый».

— Нӕ, уый дын нӕ зӕгъдзынӕн.

— Уӕдӕ мӕ хӕдзарӕй ацу!

Лӕппу асагъӕс кодта: «Уӕд та йӕ зӕгъин...»

Уыцы сахат сыхӕгты уасӕг ныууасыди: «Рӕдийы лӕппу, цӕуыл ныххудтис, уый куы зӕгъа, уӕд бынтон фесӕфдзӕн».

Уӕд ӕм иннӕ уасӕг дӕр ныууасыди: «Лӕппуйӕ куы уаин, уӕд фӕлтау ацӕуин уыцы хӕдзарӕй».

Нал загъта Сахан усӕн, цӕуыл ныххудтис, уый. Рацыдис та йӕ фӕндагыл. Изӕрӕй фыййӕуттӕм куыд фӕцӕйхӕстӕг кодта, афтӕ хъӕдӕй айхъуыста балбирӕгъты ниуд. Сӕ ниудӕй базыдта Сахан, бирӕгътӕ цӕуыл цин кодтой, уый: «Ахсӕв ӕнӕуаг уарын ӕмӕ мӕйдар куы уыдзӕн, цы хъал стӕм, уӕлӕ уыцы фыййӕутты фыстӕ бынтон цагъд куы кӕндзыстӕм».

Уӕд сӕм иннӕрдыгӕй бирӕгъ ниуы:

«Уыцы фыййӕуттӕй куы уаин, уӕд, уарыны агъоммӕ сӕ

дзуджы астæу цы бур нæл фыс ис, уый аргæвдин, дзæбæх æй сфыцин, стæй дзы раздæр фыййау куыдзы бафсадин... Афтæ куы бакæниккой, уæд цы бахæриккат, уый уæ фенин!»

Лæппу та ныссагъæс кодта: фыййæуттæм цæуинаг нæ уыдис, фæлæ нып уым фысым бакæнынвæнд скодта. Фысымтæ сæ уазæгыл тынг бацин кодтой. Хистæр загъта кæстæрæн: «Нæ уазæгæн кусарт хъæуы».

Лæппу сæ нæ уагъта, фæлæ уæддæр фыййæуттæ иу далыс æрбакодтой. Далысæн æнæ æргæвдгæ куынæуал уыдис, уæд лæппу загъта:

— Уæдæ мын кæд кусарт кæнут, уæд, уæртæ, уæ дзуджы астæу цы бур нæл фыс ис, уый аргæвдут!

Кæстæртæм хорз нæ фæкастис уыцы хъуыддаг, фæлæ сын зæронд лæг загъта: «Сæххæст кæнут уазæджы фæндон, æрбаласут уыцы нæл фыс».

Кæстæр фыййæуттæ фæмæсты сты: «Уæд нын æппындæр кусарт кæнын нæ уагъта, ныр та барæвзартæ агуры». Фæлæ хистæры дзырдыл ницыуал загътой, æрбаластой нæл фыс æмæ йæ аргæвстой. Бирæ фæфыхтис стыр артыл, стæй йæ райстой, кæстæртæ хæринаг æрæвæрдтой хистæр фыййау æмæ уазæджы раз, фæлæ та сæ уазæг баурæдта:

— Уæ куыдзмæ фæдзурут, уый уал бафсадут, стæй ма дзы мах фаг дæр уыдзæн.

Кæстæртæ та бынтон фæмæсты сты. Ныр хынджылæг цы скъæры, зæгъгæ, ахъуыды кодтой, фæлæ та сæ зæронд лæг сразы кодта.

Фыййау куыдз бур нæл фысы фыдæй йæхи куы бафсæста, уæд адæм дæр хæрын байдыдтой. Хæрд нæма фесты, афтæ мигътæ, уарын, мæйдар æмæ дымгæ сæмхæццæ сты. Ахæм уарын рацыдис, æмæ лæгæн æддæмæ иу санчъех ракæнæн нæ уыдис. Бирæгътæ фæзындысты æмæ кæдæмдæр сæ разæй фæтардтой фосы дзуг, семæ ацыдис сæ куыдз дæр.

«Фесæфтыстæм, фесæфтыстæм», — тыхстысты фыййæуттæ. Сæ фылдæртæ «оххæй» ныккæуынмæ цæттæ уыдысты. Фос зæрдæйы фиу у, афтæ æнцон кæмæн уыдзæн сæ сæфт.

Ацы ран йæхи нал бафæрæзта бауромын фыййæутты хистæр йæхæдæг дæр, тынг стыхстис.

— Ма тыхсут, æз уын дзырд дæттын, кæд уæ куыдз семæ ис, уæд æппындæр зиан кæнын нæ бауадздзæн уæ фос! — уырнын

кодта лæппу фыййæутты, фæлæ йæм уыдон хорз нал хъуыстой. Мæсты кодтой йæ ныхæстæм...

Æхсæв аивгъуыдта, мигътæ уыцы бæстæй сæхи кæдæмдæрты дард айстой. Банцад уарын, фыййæуттæ фæйнæрдæм фæцыдысты. Алкæй сæры дæр дзы уыдис иунæг хъуыды: «Уæддæр ма нæ фосæй кæд иу гыццылыл фæхæст уаин». Фæлæ фысты мæрдты бæсты фæндагыл уыдтой бирæгъты мæрдтæ. Уыцы æхсæв цалдæр бирæгъы аргæвста сæ иунæг куыдз, йæхæдæг та æгас фысты дзугæй иу далыс дæр хæрын нæ бауагъта.

Кæрон нал уыдис фыййæутты цинæн, æмæ сæ хъæбысты кодтой уазæг лæппуйы.

Уæд дарддæр цæуын фæнд скодта Сахан, фæлæ йæ фыййæуттæ нæ уагътой: сæ дзугтæй йын иу хай тыххæй лæвар кодтой.

— Райс нын нæ лæвар, иу сæдæ фысы уæддæр, — дзырдтой лæппуйæн, фæлæ уый нæ коммæ каст.

Æппынфæстаг, куы нал æй уагътой, уæд фысты кæронæй иу мæллæг далыс бауасыд: «Мæн куы райсис, уæд дын алы мæй дæр уæрыкк бæргæ заин». Уыимæ бауасыд иннæ кæронæй мæллæг фыркъа:

— Мæн та дын фырæн куы райсид, уæд бæргæ хорз уаид.

Лæппу бахудтис хинымæр æмæ загъта фыййæуттæн:

— Кæд мæ æнæ лæвар нал уадзут, уæд мын мæнæ уыцы далыс æмæ фыркъайы раттут. Истæмæйты сæ снард кæндзынæн...

Фыййæуттæ зæрдæбынæй бахудтысты: «Уый та куыд?! Худинаг нæу, æгас дзуджы ‘хсæнæй ахæм мæллæг далыстæ ратт».

Фæлæ Сахан уыдон йеддæмæ ницы бакуымдта, арфæ ракодта фыййæуттæн æмæ рацыдис йæ далыстимæ.

Цалдæр азы фæстæ Саханы дзугтæн бакæнæнтæ нал уыдис, афтæ сбирæ сты. Йæ зонгæтæ йæм цыдысты æмæ сæ уыдонимæ æмбис кодта, йæхи фаг дæр æмæ уыдоны фаг дæр уыдысты. Хай бакодта, кæддæр йемæ сау æлдар Асланмæ æххуырсты чи хаттис, уыдонæн дæр. Æмæ хъæлдзæгæй цардысты.

Сау æлдарæн та, куыд дзурынц, афтæмæй йæ хъал бæх, кæмдæр арф комы цæугæйæ, бирæ бæлæтты пæр-пæрæй фæтарстис, стыр былæй аппæрста Асланы, æмæ уый ныппырх, йæ мард ын аргæ дæр нал скодтой.

Сахан та йæ царды бонты никуы ферох кодта йæ диссаджы бæлоны...

*1930 аз*

# ÆХСÆВ ЦЫРАГЪДАРÆЙ

## 1

Ног азмæ ма цалдæр боны уыд, афтæ иу райсом фосы дохтыр Алыматы Габола йæ ус Госæдамæ фæдзырдта:

— Усай, хурæй раздæр лæг йæ сыхаджы фены. Фехъуыстай ахæм æмбисонд?

— Фехъуыстон бирæ хæттыты дæхицæй.

— Бæлас куы акæлы, уæд йæ сыхагыл банцайы, уый дæр уæдæ зондзынæ.

— Зонын...

— Æгайтма сæ зоныс. Ныр дзæбæх æрбайхъус. Ног аз æрбалæууы.

— Хорзæй ныл æрбацæуæд!

— Хорзæй цæуы, не 'фсин. Гъемæ ногбоны æхсæв нæ дзæбæх сыхæгтимæ хъуамæ махмæ абадæм. Иумæ фæцин кæнæм. Бавдæл æмæ дæ хъарутыл ма бацауæрд. Сыхæгтæн раздæр бамбарын кæн: Габолайы, зæгъ, афтæ фæнды, æмæ сæ уый фæстæ «нæ фехъуыстон» куыд ничи зæгъа...

— Хорз. Æрмæст та-иу дæхæдæг дæ хæдзармæ ма байрæджы кæн.

— Уый фендзыстæм. Нырма уæдмæ бирæ рæстæг ис, — загъта Габола æмæ йæ куыстмæ ацыдис.

Госæда йæ фæстæ кæсгæйæ баззадис.

## 2

Иуæй-иу адæм сæ цардæн аргъ кæнын нæ фæзонынц. Царв æмæ сæ мыдæй хæсс, паплитæ сын уæлæдарæсæн дар, уæддæр царды ад нæ фембарынц. Никуы ницæмæй бафсæды сæ цæст, мулк-мулкгæнгæ амæлынц. Никуы рачындæуы сæ хорзы кой, ницы ныууадзынц сæ фæстæ раппæлинагæй.

Нæ, ахæмтимæ иумæйагæй ницы уыдис Алыматы бинонтæн.

— Дæуæн циу, Алыматы Габолайы хуызæн сыхаг кæмæн ис! Дæ цин, дæ зианы бон — де стыр æнцой, дæ мæсыг. Ахæм сыхагæн æз мæ дæндагæй цырагъ дарин...

Ахæм ныхæстæ-иу арæх фехъуыстой Габолайы сыхæгтæ сæ хъæуккæгтæй. Ныхæстæ-иу æрцыдысты Госæдайы хъустыл, æмæ-иу йæ мойæ тынг сæрыстыр уыд...

Госæда йæ цæстæнгас ахаста сæ хæдзар, се стыр цæлгæнæны къуымтыл. Ацы рæстæджы та ма хæдзары дзаума хъуаг чи у. Хуыцауæй бузныг, æнæнизæй куы цæриккой нæ хъæбултæ, нæ лæг кæй уарзы æмæ йæ чи уарзы, уыдон се 'ппæт дæр. Алыхуызон авджын рæсугъд вазæтæ, тæбæгътæ, агуывзæтæ, графинтæ, цинкæ къустæ, — айдагъ кастрункæтæ сæм цал хуызы ис: стыртæ, рæстæмбистæ, къаддæртæ, — Госæда сæ ног æхсадæй тæрхæгыл куы рарæнхъ кæны, уæд дзуджы хуызæн вæййынц. Æмæ æцæгдæр, уыдон фыстæ, далыстæ æмæ уæрыччытæ куы фестиккой, уæд Габолайы фыййау æххуырсын бахъæуид...

Ноджы ма хæрзæрæджы Габола дæс æмæ ссæдз туманæй балхæдта æвзистдонытылд сервиз. Раст сæ дæ хъуыры æгънæджытæн бакæнис, ахæм диссаджы рæсугъд цайцымæнтæ, цайдан, сæкæрдон, мыд кæм æрæвæрай, ахæм.

Чысыл, хæрз чысыл ахуыргонддзинад уыдис колхозы фосы дохтыр Алыматы Габоламæ. Революци йæ гъæйтзæгъгæ лæгæй æрæййæфта. Уый размæ йын скъолайы бакæсыны фадат нæ фæци. Фæстæдæр та æгæр фæкарджын, стæй йæ хæдзар дарын хъуыдис. Къухæй дæсны. Сæ хъæуы Габолайы къухæй амад агуыридур хæдзарæй рæсугъддæр нæ разындаид. Фæрæт, хырх, лæгъзгæнæн аивдæр никæй къухты сфидыдтаиккой.

Бидаркæйæн цы хъæуы, — цалхы дæндæгтæй райдай æмæ гуыффæ, рæтæнæгъдты онг, — уыдон-иу йæхи къухæй скодта. Бæх-иу дзы куы баифтыгътой, уæд æм-иу адæм кæд кæсгæйæ нæ баззадысты. Горæты иу аз сахуыр кодта æмæ райдыдта колхозы фосы дохтырæй кусын. Колхозы правлени йын хъæугæрон иу æвзæргомау къуындæг агъуыст радта. Æмæ уыцы хæдзары дуарæй чи нæ бакастаид!

Габоламæ-иу цал æмæ цал курдиатимæ æрбацыдысты! Афон нæ зыдтой. Хи хæдзары къæсæрыл хизæгау-иу бахызтысты...

Æмæ Габола фæллад нæ зыдта, æфсон никуы скодта. Уæд сæ хъæуы электрон рухс нæма уыд. Фосы дохтыр-иу кæддæриддæр йемæ хаста æхгæд фанар. Уый йын рухс кодта йæ фæндаг. Кæм-иу нæ балæууыд!..

Æмæ-иу зымæгон уазал даргъ æхсæвты стыр хъæуы уынгты цырагъимæ исчи куы фæцæйцыд, уæд-иу æй Габола фæхуыдтой. Чи йæ агуырдта, уый-иу æй ссардта.

Бирæ æхсæвты-иу ын сæ хæдзары рудзынгæй йæ цырагъы

рухс хъахъхъæдта йæ фыццаг ус Залихан дæр. Кæм цы ми кодта, уыдæттæ йын уый æппæтæй дæр хуыздæр зыдта. Йæ фанары рухс ын иртæста иннæ рухсыты ‘хсæн дæр. Йе ‘рбацыдмæ йын-иу хъарм дон цæттæ дардта, уазал хæринаджы æвджид æй никуы бауагъта.

Афтæ дæр-иу рауадис: Габола-иу æнафоны фæлладæй æрбацыдис йæ куыстæй. Ус-иу йæ размæ рауад, йæ цырагъ-иу нæма æрæвæрдтаид, афтæ йын-иу хъуамæ загътаид:

— Нæ лæг, мæ хæдзар, дæлæ Фаризæты хъуг цыдæр кæны. Ууыл ын исты куы ‘рцæуа, уæд ма, мæгуыр, цæмæй цæрдзысты. Сывæллæттæ æнæ урссагæй баззайдзысты. Цалдæр хатты дæм æрбацыд...

Æмæ-иу Габола фæраст ис.

Райдыдта Фыдыбæстæйы Стыр хæст. Габолайæн уæдмæ йæ сæр фæхалас. Ацыдис уырдæм. Йæензмæ гæсгæ бахаудта кусæг батальонмæ. Арвыстой йæ Каспийы денджызы фæстæмæ, эвакуацигонд чи æрцыдис, ахæм хæстон заводмæ. Хæдзары баззадысты йæ ус Залихан æмæ йæ дыуузæ чызджы. Дыууæ азы æмæ æрдæг Габола фæци заводы, уый фæстæ йæ арвыстой цавæрдæр хæстон медицинон курсытæм. Уыдон каст куы фæцис, уæд кусын райдыдта Астæуккаг Азийы госпитальтæй иуы санитарæй.

Хæст йæ кæронмæ фæцæйхæццæ кодта. Габолайы сæ хæдзармæ арвитынмæ хъавыдысты. Иу райсом йе ‘мкусджытæ бафиппайдтой уымæн йæ сусæг цæссыгтæ. Уыдон базыдтой: ууыл сæмбæлдис æбуалгъ хабар — йæ уарзон къай Залихан фæзиан. Æмæ йын йе стыр зианыл тынг фæхъыг кодтой...

Сæ фыды ссыдмæ, Залихан дæр ма æгас уыдис, хистæр чызг Уарзет смой кодта. Кæстæр, Зоя, ахуыр кодта Дзæуджыхъæуы. Хæдзармæ сæ цæст дардтой хæстæджытæ.

Хионтæ, уарзон сыхæгтæ æрбамбырд сты урссæр салдатыл. Æгъдау ын радтой йæ зианы тыххæй. Зианджынтæ бирæ уыдысты хъæубæсты. Фæсивæды дзæбæхтæй хæсты артæй бирæтæ нал сыздæхтысты. Уыдоны ныййарджытæм тæфæрфæстæ кæнынмæ фæцыдис Габола. Йæ чызг Уарзетимæ ссыди уæлмæрдтæм. Йæ къух бавæрдта йæ уарзон бинойнаджы ингæныл. Ставд цæссыгтæ йыл фæкалдта...

Фæлæ цард уæддæр йæ кæнонтæ кæны. Нæй хæдзар æнæ сылгоймагæй. Æнæ бинойнаг лæг та, дыууæйы бæсты уæрдоны

ифтыгъд чи вæййы, ахæм галы хуызæн у. Чи йын бахъарм кæндзæн хæринаг йе 'рбацыдмæ, чи йын дардзæн сыгъдæгæй йæ дарæс?

Йæ фыццаг бынаты кусын райдыдта Габола. Куыддæр ферхæндæг. Йæ зæрдыл-иу æрлæууыдысты Залиханы хъазæн ныхæстæ: «Нæ лæг, куы дын æрбамæлон, мыййаг, уæд-иу бирæ рæстæг дæхи æнæ бинойнагæй ма ныууадз. Нæ чызджытæ мойтæ скæндзысты, æнæ 'фсин хæдзар та æнæфснайд мус, æнæхгæд хосдонæй хъауджыдæр нæу, дымгæ йæм кæд цы 'рбахæсдзæн æмæ дзы кæд цы ахæсдзæн, уый бæрæг ын нæ вæййы. Æрмæст-иу дæхицæн цардæмбал равзарын базон...»

Залиханы ныхæстæ йæм ныр уæлдай растдæр кастысты. Фæлæ йын сæ баххæст кæнын æнцон нæ уыд. Дæ фыдгул йæ фыццаг бинойнагимæ амонд ма ссара! Афтæ хъуыды кодта Габола дæр, цалынмæ Госæдайы не 'рхаста, уæдмæ.

Госæда бирæ кæстæр уыд йæ мойæ. Æфсæрмдзаст, мадзура, абадгæ чызг. Уый куыста районы, сывæллæтты хæдзары хъомылгæнæгæй. Габола йæ фыццаг хатт куы федта, уæд ын йæ зæрдæ цыдæр стыр тых фелхыскъ кодта. Хæстæг нæ уæвгæйæ, дыууæ адæймаджы кæрæдзийæн мацы æййафой, афтæмæй тынг æмхуызон уой, уый зын зæгъæн уыдис. Госæда уыди раст Залиханы кæддæры сурæт. Йæ урс цæсгом, даргъ дзыккутæ, йæ фæлмæн цæстæнгас, йе 'ппæт уæнгты фезмæлдæй.

Æнахуыр диссаджы змæлд бакодтой Габолайы хъуыдытæ. Джихæй кæсгæйæ баззадис чызгмæ. Фефсæрмы. Фæлæ йæм æнæ кæсгæ йæ бон нæ уыд.

Лæджы цæстæнгас бафиппайдта Госæда йæхæдæг дæр, фæсырх æмæ сывæллæттимæ иуварс азылд. Ацыди Габола. Фæлæ уыцы сылгоймаджы сурæт йæ цæстыты разæй нал хицæн кодта. Æвиппайды бамбарæн кæмæн нæй, ахæм æхсызгондзинад æмæ стыр ныфс йæ зæрдæйы райгуырд. Æгæр кардзыд кастис Габола йæхимæ æмæ уымæй къæмдзæстыг кодта...

## 3

Уæдæй ардæм бирæ азтæ рацыдис. Ныр Госæдайæн йæ лæппу æмæ йæ чызг скъоладзаутæ сты. Габолаимæ фыццаг хатт куы ныхас кодтой, уыцы изæр арæх æрымысы. Хинымæр фæсырх вæййы, мидбылты бахуды.

Ирд фæззыгон изæр уыд. Габола йæ фæндаг акодта сывæл-

лæтты хæдзарыл. Фæдзырдта Госæдамæ. Уый сывæллæтты акодта сæ хъазæн уатмæ, рацыдис тыргъмæ, Габолайы цурмæ...

— Бахатыр кæн, Госæда... Хистæр дæн. Чи зоны, æмæ мын не ‘мбæлди бауæндын дæумæ уыцы хъуыддаджы. Фæлæ мæ зæрдæ нæ бакасти мæ коммæ... Кæд мыл ничи фæхуда... Зонынц мæ адæм, зоныс мын мæ уавæртæ, мæхи. Иу æмæ дыууæ хатты нæ ахъуыды кодтон ацы хъуыддагыл...

Йæ ныхы хид асæрфта.

Госæда хорз æмбæрста Габолайы, цыдæр дзæбæх рæвдауæн ныхæстæ зæгъын æй фæндыд, фæлæ йæ йе ‘фсарм æххæстæй дзурын нæ уагъта.

— Дæ зæрдæ мыл нæ фæхудт? — тарст хъæлæсыуагæй йæ куы бафарста Габола, æрмæст уæд схаудтой Госæдайы æрдæгныхъуырд ныхæстæ:

— Нæ! Цæмæн!.. Æз дæуæн... сымахæн стыр аргъ кæнын...

Фæззыгон æхсæвæй дзæвгар ацыдис. Ирд арвæй худтысты стъалытæ... Уæды онг зæрдæбынæй фæныхас кодта Габола, стæй хæрзæхсæв загъта Госæдайæн.

О, ахæм хъуыддæгтæ адæймагæй никуы ферох вæййынц. Нæ ферох сты Госæдайæ дæр. Æмæ ацы райсом, ногбон æхсæвмæ цæттæтæ кæнгæйæ дæр, йæ зæрдыл æрлæууыдысты. Ай-гъай, цыдæриддæр æмбæлы Ног азæн «æгас æрцу» зæгъынмæ, сыхæгтæн хорз фынг саразынмæ, уыдон бацæттæ кæндзæн Госæда. Гъе, æрмæст та Габола йæхæдæг уыцы æхсæв дæр афоныл куы не ‘рбацæуа сæхимæ, уымæй тарстис рагагъоммæ...

4

Æмæ мæнæ Ног аз сæ уæлкъæсæр. Хъæубæсты цырæгътæ ма фæстаг хатт судзынц. Зæронд азы уæлдæф цæлгæнæнтæй фæйнæрдæм хæссы нард физонджытæ æмæ дзадҗджын чъириты тæф. Цæттæ сты Госæдайы кувинæгтæ. Йæ чызг æмæ йæ лæппу сæхиуыл зыгъуыммæ фæлдæхт кæрцытæ скодтой æмæ се ‘мбæлттимæ зилынц хæдзæрттыл. Нæй сæхимæ Габола дæр. Фæссихор иу уад æрбакодта, цыдæртæ ахордта, зæрдæтæ авæрдта Госæдайæн, фæскуыст æнæмæнг кæй фæзындзæн, уый тыххæй. Фæлæ та, æвæццæгæн, кæйдæр зæронд хъуг мæлы, æнæрай сын макуы фæуа!..

Госæда ахъахъхъæны рудзынгæй. Фæнды йæ уынджы цырагъы рухс бафиппайын. Фæлæ сæ хъæуы уынгты ныр æгæр бирæ цырæгътæ ссыгъди. Хатгай сæм Госæда лыстæг куы ных-

кæсы, уæд æм афтæ фæзыны, цыма уыцы цырæгътæ се 'ппæт дæр иу ран нæ лæууынц, цыма цæугæ кæнынц. Куыддæр сæ цæстытæ ныкъулынц. Мæстæй марынц Госæдайы. Нæй, никуы зыны Габола. Ахæм ма дзы цирчы адæймаг фендæуыдзæн! Ногбон æхсæв дæ хæдзармæ афоныл ма 'рбацу!

Къулыл стыр сахат цъыкк-цъыккæй нымайы зæронд азы фæстаг минуттæ. Рæстæг афтæ тагъд кæй цæуы, уый Госæдайæн зын у. Фæлæ йæ куыд баурома...

Уалынмæ сыхæгтæ иугай-дыгай æмбырд кæнын райдыдтой Габолайы хæдзармæ. Арфæтæ, хъæлдзæг ныхæстæ сарæх сты. Хæрд æмæ нозтхъуаг ничи у уыдонæй, фæлæ уæддæр, æгъдау куыд амоны, афтæ рагагъоммæйы нуазæнтæ исынц Госæдайы къухтæй. Чи сæм æрбацыди, уыдоны се 'ппæты нæ зоны æфсин. Цавæрдæр зыгъуыммæконд кæрцытæ ис сæ уæлæ, сæ цæсгæмттæ — æхгæд. Дынджыр рихитæ æмæ боцъоджынтæ. Чи сæ дзуры сывæллоны хъæлæсæй, чи та дзы кæны бынтон зæронд лæджы цыдтытæ.

Госæда сæ хæдзаронтæгæнæг сывæллæттæ фенхъæлдта. Æмæ сын хыссæйæ конд дедатæ авæрынмæ хъавыд. Фæлæ уыдонæй сæ иу йæхи фæкæстæр кодта æмæ йæ къухмæ райста цайдан æмæ иннæтыл рæгъ ауагъта. Дыккаг къæрит кæрцджын фынджы уæлхъус рагагъоммæ бадты хистæры бынат æрцахста.

Æртыккаг, маймулийы хуызæн чи уыдис, уый ныхасы бар ракуырдта æмæ загъта:

— Цæй, цалынмæ Ног аз нæ къæсæрæй нæма æрбахызт, уæдмæ уал фæйнæ баназæм Алыматы хорз Габолайы рухсаджы тыххæй, уымæн йæ хæдзары, йæхи фæллойæ...

Адæм ыл схор-хор кодтой. Гаджидауы ныхмæ сыстадис хъуынджын кæрцы мидæг боцъоджын лæг, йæхимæ райста ныхасы бар æмæ загъта:

— Мæнæ хорз адæм, маймули раст нæ загъта, фæлæ йæ зонд уымæй фылдæр нæ кæрды, æмæ йын хатыр кæнæм йæ рæдыд.

— Хатыр ын фод! — загътой се 'ппæт дæр.

— Ныр та æз афтæ зæгъын, — дарддæр йæ ныхас хаста стыр боцъоджын, — ацы хæдзары хицау Алыматы Габола, йæхи зонынхъом куы фæцис, уæдæй нырмæ нæ адæмæн æхсæв цырагъдарæй фæцыдис... Цæй, æмæ йын мах йæ цæрæнбонты тыххæй фæйнæ баназæм...

Фæлæ уыцы минут иннæ фæцырд. Рог фæгæпп ласта йæ бынатæй æмæ карзæй загъта:

— Нæ! Æз разы нæ дæн гаджидауыл. Габолайæ хистæр у нæ уазæг — Ног аз! Кæсут-ма! Мæнæ нæ къæсæрыл æрбахызти. Цæй, æмæ йын нæ худтæ сисæм æмæ йын «æгасцуай» зæгъæм!

Къулыл стыр сахат дыууадæс хатты ныццагъта. Адæм æмхуызонæй систой сæ худтæ. Хъазгæ æмæ худгæйæ банызтой гаджидау.

Уый уыд Габолайы гаджидау. Йæ худ дæр нæма систа, афтæмæй йæ йæ хъæлæсæй базыдта Госæда.

Тыхджын æхсызгондзинадæй сног ис сылгоймаджы зæрдæ. Афтæ йæм кастис, цыма бирæ, тынг бирæ азты фæстæ дæр адæм ацы хæдзары ныртæккæйы хуызæн цинты баддзысты... Йæ мой Габола дæр æнустæм цæрдзæн æмæ цырагъдариуæг кæндзæн сæ хъæубæстæн...

Ног азы æхсæв та йæ цыд кодта дарддæр. Куывды бадджытæй чидæр рудзгуытæй иу байгом кодта. Хъазæгау æрбадымдта зымæгон сыгъдæг уæлдæф. Арвæй та сæм худтысты стъалытæ.

*1954 аз*

## АЦÆГЪД МЫН, АЦÆГЪД!

О, цал æмæ цал хатты æндæвтой дæ фæндыры зæлтæ мæ риу, ирон чызг!

Ацæгъд мын, ацæгъд!

Цал æмæ цал хатты фæхъуыстон йæ диссаджы зыланг мыртæм! Никуы сæм бафсæстæн хъусынæй, никуы сæ бафæллад зæрдæ, никуы сын загътон «æгъгъæд!»

Ацæгъд мын, ацæгъд!

Хæххон уыгæрдæн нын дидинджытæй фидауы, акæс сæм — цас ысты, цас! Сырх уарди дын сæрæй æркувдзæн. Басмуд æм! — Æхсызгон дын уыдзæн йæ тæф! Бурбын кæрог-иу ахæр. Иу чысыл судзаг у. Сойджын æртæсыфон, донхуыз æхсырмырза, пæлæхсар сæнчытæ! Чи сæ фæуыдзæн нымад! Скæнынц даритæй фæйнæхуызы дарæс: иу дзы урс нымæтхуд дары, иннæуыл — аив сырх хъулæттæ къаба. Чи дæм дзы кæсдзæни йæ хъоппæг цæстытæй, кæмæн та уддзæф йæ рихитæ фасдзæн.

Иумæ та уыдон — куы ма дын æй загътон — нывæфтыдтæ цъæх гауыз — зад кæрдæг тугыл кæм аскъуыд, ахæм уыгæрдæны фидауц!

Ацæгъд мын, ацæгъд!

Гъе, афтæ фæйнæхуызы сты дæ фæндыры зæлтæ: чи дзы бæзджындæрæй фæазæлы, чи дзы цъæхснагдæрæй айхъуысы, чи та дзы бынтондæр ныллæгæй мырмыраг свæййы!

Ацæгъд мын, ацæгъд!

Тасаг æнгуылдзтæ аивæй базмæлынц. Уыдоны базмæлдæй, бирæ рæсугъд зæлтæй, бирæ здæхтæй мæлгъæвзаг куы фестынц дæ фæндыры тæнтæ. Нарты нæртон цагъд. Уый, дам, дæттæ 'мæ хæхтæ нæ уромынц, Ирæй Кæсæгмæ дæр айхъуысы.

Ацæгъд мын, ацæгъд!

Ахæм цагъдмæ, дам, æхсæвыгон арвыл стъалытæ фæсимынц. Мæй дæр æм дзæбæхдæр фæхуды... Райдзаст райсом та зæрæдты æркæны сæ лæппуйы бонтæм, сæ кафты, сæ симды, сæ зарджыты се 'мдзу фæкæнынц лæппутæн! Уый тыххæй агайы фæндыры цагъд афтæ арф, афтæ æхсызгонæй зæрдæ. Уымæн æм уарзын æз хъусын!

Ацæгъд мын, ацæгъд!

Цъититы уддзæф сыгъдæг у. Цардæн æй хонынц æвдзадзы хос, удæнцой. Æз уыимæ барын дæ фæндыры цагъд, ирон чызг!

Сæрдыгон тæвд бон сатæг суадонæй йæ дойны куы басæтты хосдзау, — куыд дзæбæх, куыд æхсызгон ын вæййы. Æз уыимæ барын нæ фæндыры зæлтæ.

Ацæгъд мын, ацæгъд!

Мыдыбындз дидинджыты адджинаг куыд ссары, афтæ æз арын цин æмæ æхсызгонад нæ фæндыры зæлты.

Ацæгъд мын, ацæгъд!

Боныгон сæм бирæ куы фæхъусын, — æхсæв дæр фæуайынц мæ хъустыл, мæ риу дзы фæтæлфы фыны дæр.

Ацæгъд мын, ацæгъд!

О, цас æмæ цас уарзын сымах æз, нæ фæндыры зæлтæ, мæ уд уæ сæрвæлтау раттынмæ алкæд цæттæ дæн! Никуы уæм бафсæстæн хъусынæй. Никуы уæ бафæллад зæрдæ, никуы уын загътон «æгъгъæд!»

Ацæгъд мын, ацæгъд!

Чи зоны, искуы мæ азтæ куы 'рбырсой, мæ фæстаг хæс цардыкуы фидон, уæддæр-иу мын, курын дæ, курын, хъарæджы бæсты, ирон фæндыр, ацæгъд!

*1955 аз*

# ХУЫТЪИНАТЫ ЦЫППУ: 100 АЗЫ



*Хуытъинаты Налыхъы фырт Цыппу райгуырд 1910 азы 21 майы Хъæдгæроны. Йæ сабибонты тыххæй фыста: «Рацыд мыл авд азы, афтæ ма хъæугæрон родтæ хызтон... Раст уæд Октябрь дæр базмæлыд, базмæлыд фисткалæн бон...» Дарддæр йæ цардвæндаг уыди традицион: скъола, ногдзау, фæскомцæдисон. Куыста газет «Æвзонг тых»-ы. 1931 азы бацыди пединститутмæ. Фæрынчын æмæ йæ каст нæ фæци. Куыста Алагир-Æрыдоны районы газет «Раздзог»-ы. Амард 1938 азы 18 октябры рæуджыты низæй.*

*Цыппу сфæлдыстадон куыст хъаруджынæй кодта æрмæст 1928 — 1931 азты. 1931 азы рацыд йæ иунæг чиныг «Сидт». Уæдæй фæстæмæ йæ ном арæх нал зынди мыхуыры. Фæлæ æдзухдæр уыди ног дуджы хуыздæр поэтты хыгъды.*

*Чиныг «Сидт» у ирд æвдисæн йæ дуджы поэзийæн. Уæды рæстæджы æрыгон поэтты чингуытæн разныхæстæ фыста Дзагуырты Гуыбады. Уый аивадæн аргъ кодта вульгарон социологизмы домæнтæй, арф нæ каст аивады æрдзмæ, агуырдта дзы æрмæст ног цард стауын æмæ социалон оптимизм, афтæмæй йын зыгъуыммæ здæхта йæ фæндæгтæ. Гуыбады фыста: «Цыппуйы æмдзæвгæтæ сæ хъуыдытæм гæсгæ сты, нæ рæстæг цы агуры, ахæмтæ»[1]. Аргъгæнæг поэты сæйрагдæр æнтыст хоны, æнкъарддзинад æм кæй нæ ис, уый. Хатдзæг раст нæу дыууæ хуызы. Фыццаджыдæр, аивады бæрæггæнæн, æнкъарддзинад дзы ис æви нæй, уый нæу. Æнкъарддзинадæй дзаг сты «Æрвон комеди» æмæ «Гамлет», æмæ сæ уымæй ничи фауы. Дыккаг уый, æмæ Цыппуйы чиныг бынтон иппæрд нæу æнкъард хъуыдытæй, — уыцы æууæлтæ йын бæстон рафæлгъуыдта Нигер.*

*Ныхас цыд поэзийæн йæ формæйыл дæр. Фæзмын хорз нæу. 20 — 30-æм азты æвзонг ирон поэттæ фæзмыдтой Маяковскийы. Стыр поэт ахæм хигъæдон вæййы хъуыдыйæ дæр æмæ формæйæ дæр, æмæ йын нæй фæлхат кæнæн. Цыппу Маяковскийы фæзмыдта рæнхъытæ сæттынæй; оригиналон поэзийы æрдзон миниуæг цы уыд, уый фæзмæн фæлварæнты сси ныхæстæй хъазт, афтæмæй Цыппуйы уацмысты хæлди ирон стихамад, уыимæ та — æрдзон*

[1] *Дзагурти Губади.* Разныхас//Хуытъинаты Цыппу. Сидт. — Дзæуджыхъæу, 1931, 16 ф.

*ирон ныхас. Дзагуыры-фырт фыссы: Цыппуйы поэзийæн «йæ формæ дæр сиды, размæ кæны кæсæджы, здахы йæ социализм аразыны ‘рдæм... Цыппу цы формæты хуызы фыссы, уый у нæ литературæйы мидæг ног...» Ацы хъуыдыйы мæнгдзинад æргом кæны Нигер: «...классикон формæйæ дарддæр нæ ацыд Цыппу. Кæд дзы искуы классикон формæтæй уæлдай исты фæзыны, уæд уый вæййы классикон формæты хæлд хуыз...»*[1]

*Цыппуйы чиныгыл хорз бады йæ ном «Сидт». Йæ уацмыстæ иууылдæр сты сидæнтæ. Сиды ногдзаутæм, цæмæй рафыссой газет, сиды кусджытæм æмæ колхозонтæм, цæмæй кусой хорз; ныстуантæ кæны æфсадæн, цæмæй æххæст кæной сæ хæс; сиды колхозмæ: «Хурау ды — нæ царды хос; Æрттив, æрттив, æрттив!» Сиды суанг цъиутæм дæр: «Уæ зарджытæн скæнут дзыхъхъынног æгъдау, уæ зарджытæ ивут нæхи ивдтытау...» («Нæ цъиутæм»). Сиды колхозон сылгоймагмæ; «Æри дæ къух, сылгоймаг, Æрбакъæдз кæн дæ цонг... Æмæ колхозы быдырты симæм иумæ рог!..» («Колхозон сылгоймагмæ»). Ацы æнæхъола ныхæстæ поэт кæны зæрдиагæй, æцæг хуызы. Бынтон пароди у æмдзæвгæйы кæрон: «Цæй, нæ колхозы сылгоймаг, рыг мæ фарсмæ скал!» Цыппу «Колхозон цин»-ы (1934) сиды: «Гъей, нæ колхоз, гъей, нæ хуым, Гъей, нæ трактор, гъей, нæ цард...» Æмбисондаг у, «Историон аз»-ы Ирыстонæн цы фæдзæхсы, уый: «Кæм ниудтон дæ къуымты, кæм калдтон мæ сау туг, уым абон дæ зæронд рихитæ ныддас!» Поэты сидæнтæй йæ фæлтæры хъуыдæджы баззади æрмæстдæр иу: «Дуг — нæ дуг — куы сси советон, раст уæдæй йæ уарз! Æз дыууадæс кафты скодтон хуры алыварс...» («Дыууадæс кафты»). Ахæм цъæлхъæр уæд нымад цыди ног поэзийыл. Уыдон бар нæ дарынц аивадмæ, фæлæ сты историон фактæ æмæ сæ хъæуы зонын.*

*Цыппуйы æмдзæвгæтæй бирæтæ фыст цыдысты газетты уацхъуыдты фæдыл («Тыхлæвæрд», «Додойтæ»). Поэт нæ зоны бæрц. Хицæн уацмысты, советон цард козбауæй стаугæйæ, Цыппу мысы гротескон гиперболæтæ: «Уæйыг нын у æрвад», «Карк фыдызгъæл ратдзæни бригады куывды фаг!» («Колхозонты марш»). Кусджыты фæллойæн кад кæнгæйæ, Цыппу ахизы этикæ æмæ эстетикæйы арæнтæй: «Хæхтæн стигъæм сæ фыдтæ, — Се стæг сæхицæн — æгъгъæд» («Хæхты»); «Æз*

---

[1] *Нигер.* Уацмысты æххæст æмбырдгонд æртæ томæй. Æртыккаг том. — Чиныгуадзæн «Ир», 1968, 77 ф.

*кусæг дæн, зон! Зæхх хæрын, Æрдз цъирын Мæнæн у мæ бон» («Хъазуатон лæгæрдæг»).*

*Цыппу ныффыста цалдæр номарæны. Хъыг кæны зæрдæйæ Хъамбердиаты Мысосты мардыл, æмæ йæ уацмысы фæзынд поэтикон ныв: «Мæ цæстытæн у уаргæ бон, Тæдзынджытау тæдзынц». Поэт æвдисы фæззыгон куыстытæ («Фæззæг») æмæ сæм кæсы нывгæнæджы цæстæй: «Нæ быдыр фестад раст мыдыбындзыты хъæу»; цардæй цы нывтæ исы, уыдон сты ирд æмæ поэтикон.*

*Нæ райхæлд Цыппуйы курдиат. Æрмæст иу дыууæ раны ферттывта йæ зынг, фæлæ дзы арт не ссыгъд. Поэзийы комулæфт бахæццæ æрмæст йæ пейзажон нывтæм. Советон критикæ аивадмæ æмгæрон нæ уагъта æрхæндæгдзинад. Цыппуйы чиныг ногæй рауагътой 1983 азы, æмæ редакцигонд æрцыдысты, Нигер æнкъард нывтæ кæм федта, уыцы æмдзæвгæтæ: «Зымæгон зарæг» (схуыдтой йæ «Уалдзæгмæ») æмæ «Фæззæджы къæсæрыл» (систой йæ бынтондæр). Фыццаг æмдзæвгæ у, зымæгæй чи сфæлмæцыд, адæмы зынтæм кæсын удхар кæмæн у, ахæм тыхст уды хъæр:*

Ралæуу, ралæуу, цæй, нæ уалдзæг,
Хур нæ батава дзæбæх;
Цъиу нын ракæна йæ зарæг,
Царды хос та ратта зæхх!..

*Зымæджы нывтæ сты реалон, тар æмæ æрхуым: «Ныр æдзухæй тымыгъ ниуы... Митæй бæстæ у æхгæд... Адæм — кука...» Æрдзы нывты раивы адæмы уавæр: «Стæм кæнынц нæ хор, нæ хос... Бон æрвитæм мах æнкъардæй... Чи фæразы ахæм цардæй!.. Фесæф, зымæг, фесæф, цæй!» Уацмысы ис рæстдзинад, æцæг царды ныв, æмæ реалон мидис йæхицæн ссардта поэтикон формæ.*

*Аив нывæст у «Фæззæджы къæсæрыл». Фæззыгон æрдзы нывтæ сты хуызджын, цæстуынгæ, æмæ æвзæрын кæнынц æрхæндæг, фæлæ зæрдиаг тæлмæнтæ. Фесты цины бонтæ, «Къуымтæм та бахиздзæн цард». Æрцæуы хъызт зымæг, æмæ поэт зæгъы: «Бампъузæд алчи йæ кæрцы, Барæхсæд алчи æрчъи». Ам дæр ис сидæн, фæлæ поэты фæдзæхст домæн нæу, уый æвдисы адæмы тыхст цард, æмæ ныхас цæуы зæрдæбынæй.*

*Цыппуйы сфæлдыстадæй æвзæры бæлвырд хатдзæг: агитатор поэт нæу, бæгънæг публицистикæ æмдзæвгæты дæр поэзи не свæййы. Цыппу раст нæ бамбæрста ног эстетикæ. Соцреализм дæр нæ домдта, Цыппу цы «агиткæтæ» æмæ «митингон хъæртæ» фыста, ахæмтæ.*

***Джыккайты Шамил***

*ХУЫТЪИНАТЫ Цыппу*

# ЦАРДЫ ТЫН — ФÆЛЛОЙ

## ФÆЛЛОЙ

**Цæй æмæ куыстафон**
**Ма кæнон æнцой,**
**Царды тынтæ уафон,**
**Царды тын — фæллой.**

**Уалдзæг, миттæ тайгæ,**
**Даргъ куы кæна бон,**
**Хъуамæ уæд æз райгæ**
**Исты куыст кæнон.**

**Ахæм афон райсынц**
**Адæм зæхх — сæ рад.**
**Ахæм афон кусæг**
**Нал фæбады ‘нцад...**

**Карк, æндæрæй, — мæргътæ**
**Цоты кой кæнынц.**
**Хъомтæ, фыстæ, сæгътæ**
**Фос нын ног дæттынц.**

**Булкъ, хъæдындз, цæхæра**
**Раттынц адджынад.**
**Райгæ сæ фæхæра**
**Бакусæг фæллад...**

**Се ‘ппæт дæр æнцайгæ**
**Нал фæкæнынц, зон.**
**Афтæ кусгæ, райгæ**
**Хъуамæ æз кæнон.**

*1928*

## ÆНГУЫЛДЗ

*Г-ты А. Фыййагдоны байгом кодта, зæнæг цы устытæн нæ цæуы, уыдонæн «рынчындон». Ис æм «дæсны», æмæ уый йе ‘нгуылдзæй «базилы», ацы æнгуылдз лæппутæ аразы, зæгъгæ. («Рæстдзинад», № 5 (375), 1929 аз).*

**Далæ Фыййагдоны**
**Иу æнгуылдз ис,**
**Уый, дам, зæнæгдон дæр**
**Сараздзæнис...**

**Цотхъуагæй тыхстытæ**
**Уайынц цæрдæг,**
**Уайынц Фыййагдонмæ:**
**У, дам, æцæг...**

**Даргъ рæнхъæй ралæууынц**
**Æнгуылдзмæ рад,**
**Æнгуылдз сæ басгары**
**Алкæй сахъат.**

**— Цот ма ныккæндзынæ...**
**— Цот дын уыдзæн...**
**Бафид уал фенæггаг**
**Иу сом мæнæн...**

**Ласынц, æрбахæссынц**
**Буцдæр хæрдæн —**
**царв,**
**цыхт,**
**айк,**
**гогызтæ**
**Гайтты-фыртæн...**

**Згъоргæ Фыййагдонмæ.**
**Ма кæн тæргай:**
**Цотхъуæгтæн — тухитæ,**
**Æнгуылдзæн — хай...**

**Гайтты-фырт,**
**Айхъуысти**
**Ирыл дæ ном,**
**Сайыс ды адæмы,**
**Сайыс æргом...**

**Абон дын хъусинаг**
**Хъусын кæнын:**
**Буц хæрдæй цух кæндзæн**
**Де стыр гуыбын...**

**Абон иу, райсом иу —**
**Афтæмæйты**
**Тугдзыхтæ, сайджытæ**
**Байсæфдзысты...**

*1929*

## ХЪАМБЕРДИАТЫ МЫСОСТЫ МЫСГÆЙÆ

*(Скъуыддзаг)*

**Мæ цæстытæн у уаргæ бон —**
**Тæдзынджытау тæдзынц...**
**Уый хъазын нæу... Цы ма зæгъон! —**
**Мæ къахы не суад сындз...**

**Лæг-иу цæрынæн райгуыры,**
**Йæ цард куы уаид даргъ!**
**Гъей, цардæфсис! Гъей, цардæфсис! —**
**Нæй цардæфсисæн аргъ...**

Мæн низ цæрын нæ бауагъта,
Цæрынхъуагæй, рæстæй
Мæн низ йæ хъуыры ауагъта,
Æмæ цы зæгъон, цæй...

*1931 азы декабрь*

## ЗЫМÆГОН ЗАРÆГ

Ралæуу, ралæуу, цæй, нæ уалдзæг,
Хур нæ батава дзæбæх;
Цъиу нын ракæна йæ зарæг,
Царды хос та ратта зæхх!..

Ныр æдзухæй тымыгъ ниуы...
Митæй бæстæ у æхгæд...
Адæм — кука... Цуанон зилы —
Сырдтæн агуры сæ фæд...

Дон ныйих и...
Хъæд ныббæгънæг,
Стæм кæнынц нæ хор, нæ хос.
Нозт, æндæрæй хъуаг æййафæм,
Скъæты уасынц стонгæй фос...

Бон æрвитæм мах æнкъардæй,
Къуымты куыст у раст фынæй...
Чи фæразы ахæм цардæй!..
Фесæф, зымæг, фесæф, цæй!..

## ФÆЗЗÆДЖЫ КЪÆСÆРЫЛ

Æрдз та фæбур кæны дардыл —
«Буц цард», «æрттывдæн» — кæрон.
Бадынц ма сау мигътæ арвыл...
Схъуынтъыз, фæцыбырдæр бон...

Цъиутæ фæтæхынмæ хъавынц.
Чи та ма хъусдзæн сæ зард?..
Фæззæджы тар бонтæ зарынц:
Къуымтæм та бахиздзæн цард.

**Хъусинаг тар бон æрхæссы, —**
**Сæрд, дам, йæ бонтæ фæци...**
**Бампъузæд алчи йæ кæрцы,**
**Барæхсæд алчи æрчъи...**

## ХÆЛУАРÆДЖЫ ПРОФМИНПЪЛАН

*Фельетон*

Иу агъуыстæй цæуы дунейыл диссаджы хъæлдзæгдзинады хъæр. Ай цы диссаг уа, зæгъгæ, дисы бацыдыстæм. Агъуыстмæ бацæуæн нæ уыди, йæ дуарыл — æвирхъау егъау гуыдыр æвæрд, сызгæ æмæ фездыхсын дæр нал комы, бæрæг у, рагæй йæм нал уыди æвнæлд... Агъуыстæн йæ иу къуымæй цæуы фæндыры цæгъдын æмæ рог кафты уынæр.

— Æрц-æрц! Æмдзæгъд!

Иннæ къуымæй хъуысы дзолгъо-молгъо. Хаттæй-хатт нуазæнты къуырцц кæрæдзиуыл фæцæуы, къуырццы зæланг куы бамынæг вæййы, уæд райхъуысы иугай ныхæстæ:

— Цæрæм амондджын хъæуы. Цæрæм æдас, æвæлмонæй, хъыгдарæг нæ нæй... Амондимæ цæрут!

Уыйфæстæ бирæ хъæлæстæ æмхъæр ныккæнынц:

— Ур-р-ра-а!

— Хæлар дын уæд!

Уалынмæ дуарæй æрбакасти 18 хæлуарæджы. Æрбацæуынц годзыкъæхтыл цæуæгау. Дæргъæй-дæргъмæ рихиджын хæлуарæг ныйилæлæй ласта, фæцæуæм нæ кадджын сгуыхты бæрæгбонмæ, зæгъгæ. Ныхъхъырныдтой иннæтæ. Мæ хъустæ ма ныр дæр дудынц уыцы цъæхснаг зардæй.

Зарынмæ дуары хуынкъæй рауад иу дæлзæнг хæлуарæг. Федта клубы делегацийы æмæ ныццин кодта, стæй уæлæуæзæй ракодта арфæйы ныхас:

— Ахæм циндзинæдтæм уæ царды бонты куыд æмбæлат, уыцы амонд уæ уæд æмæ нæм алыбон æгас цæут!

18 хæлуарæджы цыбыр «ура» загътой, схылдысты къултыл æмæ агъуысты иумæйаг хъæрæмахсты анығъуылдысты.

Дуар бахостон, æмæ мæм иу хæлуарæг рахылди.

— Цы хабар у? — фæрсын æй.

— Хабар — хорз хабар, — загъта мын хæлуарæг, — мæнæ

ацы агъуыст у Хъæдгæроны кæсæндон. Йæ дуарыл æвæрд ис егъау гуыдыр, мидæмæ йæм цæуæг нæй. Хæлуарджыты хъыгдарæг нæй, æмæ тынтæ уафынц. Бæрзонд систой соцерыс æмæ хъазуатонты куыст. Афтæмæй, кæсæндоны цыдæриддæр хæлуарæг ис, уыдон сæ тынтæ уафыны фондзазон пълан сæххæст кодтой 2 азы æмæ æрдæгмæ. Гъеуый номыл скодтам бæрæгбон. Ныртæккæ нæм клубæй схæццæ делегаци 18 хæлуарæгæй. Барвæсс ныл!..

— Бузныг!

*ХУЫГАТЫ Сергей*

# УЫЦЫ ТÆССАР-МÆССАР ФÆНДАГ

*Уацау*

Уыцы хабæрттæ дзæбæх бакæс дæ зæрдæйы фæндиаг!

— Æмæ сæ бакæс!

— Кæм сæ бакæсон?

— Гуырдзыйы чиныгдæтты дын ахæм чиныг, кæй зæгъын æй хъæуы, æвдисгæ дæр нæ ракæндзысты. Фæлæ Мæскуыйы та?! Мæскуыйы стыр чиныгдæтты цы нæ и! Æддæмæ уым дæр нæ ратдзысты ахæм стæм чингуытæ, фæлæ йæ уым бакæс, рафысс дзы, цы дæ дзы хъæуы, уый.

Æз дзы бирæ цыдæртæ рафыстон, æнæхъæн гæххæтхæссæны дзаг мæм и ахæм фыстытæ. Геронти Кикодзейы кой никуы фехъуыстай? Фыссæг дæр куы уыди æмæ философ дæр. Æз ын дзырдæй дзырдмæ рафыстон йæ иу чиныгæй: «Чи стæм мах æмæ кæцæй стæм, иугæр нын тугхæстæг адæм нæй зæххыл, уæд нæ нæ хъысмæт кæдæм балæууын кæндзæн, уый нæ зонæм. Æз куыд æрыхъуыстон, афтæмæй мах цардыстæм цæугæдæттæ Тигр æмæ Ефраты былтыл. Фæлæ нæ уым дæр ничи уарзта, нæ сыхаг адæмтæ нæ цæрын нæ уагътой. Се 'нæуынон уыдыстæм уыцы адæмтæн. Афтæ зыбыты иунæгæй æрвыстам нæ бонтæ. Раст, цыма арвæй æрхаудыстæм, уый хуызæн.

* Кæрон. Райдайæн кæс журналы ацы азы 4-æм номыры.

Не ’взаг хицæн кæны иннæ адæмты æвзæгтæй, хицæн кæны нæ удысконд, дуне куыд æмбарæм, уый. Уый раст у, — нæ сыхаг адæмтæ нæ фæсырдтой нæ цæрæнбынæттæй, бынтондæр нын ницуал ныууагътой. Алантæ нын фæтæригъæд кодтой, æмæ нæ Колхидæйы дæлвæзты æрцæрын кодтой, зæххытæ нын радтой. Хæстон хъуыддагыл нæ сахуыр кодтой, сæ культурæ нын амыдтой, се ’гъдæуттæ нын амыдтой, хъахъхъæдтой нæ не ’ддагон знæгтæй». Æмæ канд Кикодзе нæ фыссы афтæтæ. Се ’ннæ ахуыргæндтæ, се ’цæг ахуыргæндтæ иууылдæр афтæ фыссынц. Джавахишвилийæ, зæгъай, Церетелийæ, зæгъай — иууыл, иууыл.

— Æмæ уыдоны чингуытæй дæр рафыстай истытæ?

— Æнæхъæн гæххæтхæссæны дзаг сын рафыстон сæ чингуытæй дын нæ загътон? Рафыстон сæ, рамыхуыр сæ кодтон. Фæнды чиныджы бакæс уыцы хабæрттæ, фæнды сæ уым бакæс. Цы уæлдай у!

— Ратдзынæ мæм сæ?

— Куыд нæ дæм сæ ратдзынæн!

— Райсом сæ демæ ’рхæсдзынæ скъоламæ?

— Райсом сæ скъоламæ не ’рхæсдзынæн, уымæн æмæ сæ абон дæхæдæг рахæсдзынæ нæхицæй.

— Абон та ма сæ куыд рахæсдзынæн уæхицæй? — Йæ цæуынæй фæлæуууыд Дзахо.

— Куыд, куы зæгъай, Хуыцау дын хорз ракæна, уæд ныртæккæ нæ фæндаг Парсадантыл акæндзыстæм. Парсаданы немæ айсдзыстæм æмæ уалæ махмæ ссæудзыстæм.

— Куыд ссæудзыстæм сымахмæ?

— Нæ къæхтæ размæ исдзыстæм, афтæмæй. Нæхимæ мын зæгъгæ кодтой, дæуæй уый æмæ дам-иу Парсаданы ракæн.

— Æмæ уæм исты хабар и?

— Æртæ чъиририйы хабар нæм и.

— Æз дæ, фынгыл цы уыдзæн, уымæй нæ фæрсын, æз дæ, фынг цæй фæдыл уыдзæн, уымæй фæрсын.

— Уый та цы уæлдай у æз æмæ дæуæн! Фынг уæд, æмæ дæ кæд фæнды, Чан-Кайшийы зæрдæвæрæны хист уæд! — загъта Гадзо æмæ хъæрæй ныххудти.

Уый уартæ кæд уыди, уыцы Хуыцаубон! Уæдæй нырмæ иу Хуыцаубон ацыд, иннæ — æрцæуы, æмæ уыцы фыстæг нæма бакасти Дзахо. Куы йæ бакæсид, уый дæр æй фæнды, æмæ дзы цæмæйдæр тæрсгæ дæр кæны. Иннæ фыстытæ бакасти, историйы хабæрттæ

кæм ис, уыдон, фæйнæ цалдæр касты дæр сæ бакодта, уый — нæ. Нæ йын æнтысы, бакæса йæ, уый. Йæ зæрдæ йæ нæ хæссы. Изæры йæ йæ дзыппæй сисы, стъолыл æй æрæвæры, ахсæв ын æнæбакæсгæ нæй, фæлæ та йæ райсом фæстæмæ нывæры йæ дзыппы æмæ та йæ рахæссы — абон æй кæд искуы бакæсид.

Ныр бадти ахуыргæнджыты уаты. Урок æм нал уыд, фæлæ хъуамæ æмбырд уа, профцæдисон æмбырд, æмæ æнхъæлмæ касти. Æмæ та-иу, йæ ахуыр куыд уыд, афтæ йæ къух æрхаста йæ дзыппыл — мидæгæй уыцы тетрады дыуувæ сыфы. Ныр сæ а профцæдисон æмбырды бакæс, уæд цы кæны? Сис сæ дæ дзыппæй, багуыбыр сыл у æмæ сæ бакæс! Чи дæ фæрсы, цы кæсыс, уымæй! Фæлæ æнæуи куыд уыдзæни, æнæуи? Кæйдæр сонт лæппу йæ зæрдæйы дзурынтыл фæци, ды сыл бабад айæппæт адæмы 'хсæн æмæ сæ кæсынтæ байдай! Цыдæр æй дзы цыбæл дæр кæны — адæймаг дур нæу, — цымæ, цытæ фыссы Арван? Уыцы дзæбæх сабыр лæппу, хæрззылд æмæ хæрзæгъдау, йе 'мбæлттæй цыма хистæр у, æмæ сын цыма хистæрæй æвзæрст у, уый бакæс-бакæс æм фæкæнынц фæйнæрдыгæй.

Гадзо дæр худæг у! Мæнæн, дам, не 'мбæлы, бакæсон, дам, æй, уый. Дæуæн, дам, æмбæлы. Æмæ, дам, æй ды, дам, æй... Цыдæр ахадгæ бон уыди уыцы бон. Иуæй-иу бон агæпп кæны 'мæ йæ фæд дæр нæ аззайы, цыма искуы царды мæнджы аирвæзт, уый хуызæн. Уыцы боны хабæрттæ та цæугæ дæр нæ кæнынц иу боны мидæг.

Хуссарæй уыдоныл рацыдысты, Парсадантыл. Тæссар-мæссар фæндагыл ссыдысты, Парсадан бæлæсты бын цыдæртæ архайдта. Таизæ йæ цуры лæууыд. Уыдон сæм уырдæм бацыдысты, бæлæсты бынмæ.

— Дзыпп дын нæй, Таизæ? — куыддæр сæм бахæццæ сты, афтæ йæ кæттаг къандзолгонды уæрæх дзыппыл йæ къух æрхаста Гадзо.

— Ис, — фæрæвдз и Таизæ æмæ йæ халаты фарсыл цы гыццыл цыппæрдигъон дзыпп уыд, уым йæ къух æртъыста. Æмæ сывæллон чызджы хуызæн фæзынди уыцы уысм Дзахомæ, хъæбысмæ кæй сисынц, ахæм гыццыл чызджы хуызæн. Сис æй дæ хъæбысмæ, йæ дæллагхъуыр ын агыдзы-гыдзы кæн, кæлкæлæй куыд худа, æмæ ды дæр худ йæ худтмæ кæл-кæлæй.

— Æмæ дын уым дыуувæ æхсæры йеддæмæ куы нæ бацæудзæн. Мах дын Дзахоимæ бирæ æхсæртæ дæттынвæнд кæнæм. Уæдæмæ ма дæ фæдджи æрбадар.

Фæдджийы коймæ фестъæлфыди. Йæ тъæпæн æрмттæ авæрдта йæ халаты фæрстыл æмæ сыл йæхимæ æрбахæцыд, цыма йын исчи йæ фæдджитæм куы бавнала, уымæй фæтарст. Гадзомæ иу æргом каст фæкодта, стæй йæ цæстытæ зæхмæ æруагъта æмæ уæд загъта, цыма бустæ кодта, уый хуызæн.

— Цæй фæдджи?!

— Де 'дде дæ халаты фæдджи, æндæр цæй фæдджи! — фыдæнæнгæнæгау æм хъæрæй бадзырдта Гадзо.

Уый лæууыди æмæ йæ фæдджитыл йæ уæрджытæм хæцыди.

Уæдмæ Гадзо систа йæ дыуумæ дзыппæй дыууæ армыдзаджы æхсæртæ æмæ йæм сæ бадардта. Уый йæ дыууæ гыццыл армы фæкъуырфытæ кодта, фæрсæй-фæрстæм сæ авæрдта, æмæ сæ бадардта Гадзомæ, Гадзо йын йæ иу муцъи æркодта йæ къухты къуырфы æмæ байдзаг къуырф. Иннæ къух æд æхсæртæ Парсаданмæ бадаргъ кодта Гадзо. Æмæ сæм Парсадан дæр йе стыр арм бадардта.

— Кæм ма ссардтат уыцы дзæбæх æхсæртæ? Уæдæ дзы æндæрæбон мах цы къуым нæ басгæрстам Таизæимæ, ахæм куы нæуал баззади, æмæ дзы куы никуы ницæуыл фæхæст стæм.

— Сымах хуссарæн йæ сусæг æмбæхсæнтæ нæма зонут.

— Базондзыстæм ын сæ. Кæд-иу ын сæ нæ базонæм, уæд-иу йæхицæй раппæлæд!

Уæддæр ма лæууыди Таизæ æмæ хæцыди йе 'хсæртыл, стæй бацыди, бацыди йе 'нæнынкъуысгæ цыдæй, йе 'рмттæ куыд уыдысты, афтæмæй сæ Парсаданы æддаг дзыпмæ фæкъул кодта, стæй йе 'рмттæ кæрæдзиуыл бакъæрцц кодта æмæ бахудти, æвæццæгæн, разыйæ баззади, уыцы æрхъуыды йæм кæй æрцыди, уымæй.

Уæд нывнæлдта йæ дзыппытæм Дзахо дæр. Æмæ та Таизæ дæр фæрсæй-фæрстæм авæрдта йæ гыццыл къуырф æрмттæ æмæ цыма æхсæртæм нæ цыд, фæлæ æхсæртæй цъупдзаг уыди йæ къухты къуырф, æмæ йын дзы куы ахауа, уымæй тарст, уыйау йæ гыццыл къахдзæфтæй бараст и Дзахомæ. Дзахо йæм исдуг кæсгæйæ аззад, стæй йæ размæ цæуыныл фæци. Æрыдзаг ын кодта йæ къухты къуырф. Уый цыдæрхуызон багуыбыр и, афтæмæй касти æхсæртæм æмæ сæм худти йæ сау цæстытæй. Æмæ афтæ зынд — куыд худти, афтæ тымбылæй тымбылдæр кодтой йæ цæстытæ. Æмæ кæсгæйæ баззади чызгмæ Дзахо. Æмæ йæ хъуыдыйы фæзынди — ныр æй

афтæмæй сныв кæн! Афтæ йæ сныв кæн — куыддæриддæр лæууы, куыддæриддæр кæсы æхсæртæм йæ дыууæ армæ. Æхсæрты дæр сныв кæн, куыддæриддæр сты, афтæ. Стæй дæ къулыл бакæн уыцы ныв æмæ йæм алыбон кæс!

Æмæ уæд бацыд чызгмæ Дзахо, йæ иу къухæй йын йæ къухмæ бавнæлдта, йе 'ннæ къухæй йын йæ дзыппы комыл рахæцыд æмæ йын уырдæм фæкъул кодта йе 'хсæртæ. Æхсæртæ се 'ппæт нæ бацыдысты дзыппы, æмæ дзы зæхмæ чи æркалд, уыдонмæ фæгуыбыр кодтой дыууæйæ. Рауыгътой сæ æмæ раст куы алæууыдысты, уæд дзы Дзахо кæй рауыгъта, уыдон Таизæйы къухы æркодта.

Уырдыгæй Гадзотæм ацыдысты. Гадзойы фыд Газанбег сæ даргъ цæрæн хæдзары даргъ стъолы ныхмæ бадт рæбынæй. Йæ разы — æртæ чъирийы, дардыл зылд чъиритæ, сæ сой сæ сæрыл æрсæлæф. Сæ былтæ сæхи хуызæн дардыл зылд хъæдын тæбæгъы былтæй азындысты. Чъириты дæле æфсæйнаг тæбæгъы — гогыз, йе сгуытæ фæйнæрдæм ныттыгуыр сты. Уый дæле дзулы кæрстытæ, цæхджынтæ æмæ æндæр цыдæртæ.

Нæ фидыдта Газанбег уыцы дæргъæй-дæргъмæ фынгыл иунæгæй. Æниу бадгæ дæр цæмæн кодта уым! Æндæр искуы уал сбад æмæ уал уым бад! Фæлæ уый хуызæн фынгæй иуварс ацу 'мæ ды сбад иуварс! Бадгæ, æвæццæгæн, рагæй кодта. Æвæццæгæн фæлмæцгæ дæр бакодта. Куыддæр ныл йæ цæст схæцыд, афтæ фездæхти Гадзомæ. Йæ зæрды йын уайдзæф бакæнын уыд, фæлæ мидæгæй бахъæлдзæг: мæнæ фæзындысты. Мæнæ рабаддзысты ныр æмæ... Уæддæр радзырдта Гадзомæ:

— Дæуæн æз куыд загътон, дæлæ лæппу?

— Куыд мын загътай? — йæхи ницызонæг акодта Гадзо.

— Афтæ дын нæ загътон, нæ, — фæссихор ам куыд уат?

Гадзо бахудти. Худын æм нæ цыд æмæ уымæн нæ бахудти, афтæ бахудти, æнæуи.

— Æмæ ай фæссихор нæу?

— Хъазгæ ма кæн, дын зæгъын. — Уым бахудти йæхæдæг дæр Газанбег. — Ды, кæмæй ахъазай, ам дын ахæм лæппу нæй, — стæй сæ батагъд кодта. — Гъа, æрбадут. Æрбад, Парсадан.

— Бадгæ та куыд нæ æркæндзыстæм, фæлæ а фынг цæй фæдыл арæзт у, уый куы зоникпам, цалынмæ не 'рбадтыстæм, уæдмæ, уæд хуыздæр уаид!

— Мæнæ нæ гуырдæн йæ райгуырæн бон у. Дæс æмæ ссæдз

азы. Дæс æмæ ссæдз азы фæбадай ницы-мацыйы бадтæй. Æнæхъæн дæс æмæ ссæдз азы! — Уым гыццыл фæлæууыд Газанбег, фынгыл дæлæмæ йæ цæстытæ ахаста. — Æмæ алы аз ракæ-бакæ ’мæ рабад-бабад нæ уарзын, фæлæ лæгыл дæс æмæ ссæдз азы куы ’ртымбыл уой, уæд ацу æмæ Хуыцау æгас зæгъ!

Куы ракуывтой, уæд Гадзо æмæ Дзахо лидзынвæнд скодтой фынгæй.

Газанбег йæ сæр аракъул-бакъул кодта.

— Мах ницы хъыгдарут, фæлæ уæ кæд афтæ фæнды, уæд уын цы нæ бон у!

Парсаданы, лæппутæ куы ацыдаиккой, уый нæ фæндыд — уыдонимæ хъæлдзæгдæр уыдаид бадт. Уæдæ дыуугæ лæгæй уыцы дæргъæй-дæргъмæ фынгыл! Фидаугæ та куыд скæндзысты! Фæлæ сæ ныхмæ нæ ныллæууыд. Афтæ æнæуи загъта хъазгæмхасæнты:

— Уарын бæргæ хорз нæу. Уæлдайдæр та фынг уарын. Фæлæ нын нæ дурын уæрцмæ ма æрæвæрут, — афтæ загъта æмæ касти. Гадзо иу урсахуырст тæбæгъмæ дзидзатæ ’мæ чъирийы кæрстытæ куыд æвгæдта, уымæ.

Уым, йæхи уаты дыуугæ рудзынджы раз цæхгæрмæ цы зæронд фыссæн стъол уыд, уый кæронæй чингуытыл рæбынмæ бахæцыдысты æмæ уым æрцарæзтой фынг сæхицæн. Уым æм радта уыцы гæххæтт дæр, куы анызтой, куы ахордтой, уæд. Уым æй райста кæцæйдæр Гадзо. Тетрады астæуæй цы дыууæ сыфы стындæуыд, уыдон лыстæг фыстæй, хъавгæ фыстæй фыст уыдысты кæрæй-кæронмæ.

— Ай-ма бакæс, уыцы хорзы мын бацу æмæ дын æй никуы ферох кæндзынæн, — бахудти Гадзо, хъазæн худт бакодта, афтæ уæлæнгай худт.

— Цы у? — бавнæлдта гæххæтмæ Дзахо.

— Базондзынæ йæ.

— Кæд æй базондзынæн?

— Куы йæ бакæсай, уæд.

— Æмæ йæ кæд бакæсдзынæн?

— Ахæсдзынæ йæ æмæ йæ бакæсдзынæ.

— Ды йæ бакастæ?

— Нæ йæ бакастæн, — Гадзо графины хъуырыл ныххæцыд æмæ йыл хæцыд, афтæмæй касти, Дзахо уыцы тетрады сыфтæ куыд рафæлдах-бафæлдах кодта, уымæ. — Цы у, уый зоныс? Мæ къласаг Арван чи у, Тæубойы фырт далæ Тараты, уый мæ

чиныг ракуырдта. Мæнæ Тарлейы чиныг «Наполеон» бакæсон, дам, æй. Стæй мæм æй куы радта, уæд йæ мидæг ацы хæрзфыст тетрады сыфтæ куы разыниккой. Йæ тæккæ астæу чиныгæн.

— Ай фыстæг у, кæд ма исты зонын, уæд, — сыфтыл фæйнæрдæм ахæцыд Дзахо. — Фæлæ, цымæ, кæмæ фыст у?

— Ницы йын зонын. — Гадзо агуывзæтæ æрыдзаг кодта. — Намæ ныффыстай фыстæг, уæд æй хъуамæ мæ чиныджы хуылфы батъыссай! Ахæм тыхст дзы кæд не скодтон!

— Æмæ йæ мæнмæ цæмæ дæттыс?

— Раст дын куы зæгъон, уæд æй мæхæдæг дæр нæ зонын, цæмæ дæм æй дæттын, уый. Æвæццæгæн — цæмæй дзы мæхæдæг фервæзон, уымæн, — Гадзо йæ агуывзæйыл схæцыд. — Цымæ, цы акуывтой хистæртæ? Цæй, сæ куывд æрцæуæд. — Йæ агуывзæ Дзахойы агуывзæйы фарсыл баныдзæвын кодта æмæ йæ анызта. Анызта йæ Дзахо дæр. — Бакæс æй, ахъуыдытæ йыл кæн, чи зоны дæ исты ныффыссыны хъуыдыйыл дæр бафтауа. Мæнæ Стефан Цвейгы «Æнæрвыст фыстæджытæ» никуы бакастæ?

— Уыдон бакастæн, фæлæ, — тетрады сыфтæ кæрæдзиуыл бафæлдæхта Дзахо, — ай куы нæ бакæсон, уымæй тас у. Акæсма, куыд дзæбæх æй фæфыста, уыцы хъавгæ фыст æй фæкодта.

— Фæкодта йæ, фæкодта.

— Æмæ йæ кæмæ фæкодта уыцы хъавгæ фыст, уый нæ, фæлæ йыл ды багуыбыр у, мæнæйуый, æмæ йæ бакæс. Уый адæймаджы æгъдау у!

— Нæу адæймаджы æгъдау, фæлæ дзы дæумæ ницы хауы уыцы æнæ æгъдауæй. Кæд дзы исты хауы, уæд — мæнмæ. Хаугæ мæнмæ ’рбакодта, æмæ ды махæн не ’хсæн нæ лæууыс, ды иуварс лæууыс махæй, æз æмæ Арванæй.

— Æмæ йын уæд æнæ бакæсгæ нæй?

— Ис ын æнæ бакæсгæ дæр, куыд нæ йын и! Фæлæ дæ, куы зæгъын, чи зоны, исты хъуыдыйыл бафтауа. Стæй мæм тæригъæд кæсы — куыд æй аппарон, куыд фесæфа ацы дунейæ, мачи йæ бакæса, афтæмæй?! Уый йæ фæфыста йæ сыгъдæг зæрдæйæ. Æмæ йæ æз та æппаргæ акæнон!

Дзахо ницуал загъта. Бадыдæгътæ кодта тетрады сыфтæ æмæ сæ йæ къандзолы мидæггаг дзыппы нывæрдта. Гадзо йæ уæнгтыл схæцыд, сулæфыд æмæ та агуывзæтæ æрыдзаг кодта.

— Цыдæр аххосджыны гуыбыртæ ныввæййы, куы мæ фены,

уæд. Æвæццæгæн хаты, — йæ фыст мæнмæ раирвæзти, фæлæ йæ куыд ракура! Æз дæр ма йын æй куыд радтон? Куыд мыл бауугæнддзæн — æмæ йæ нæ бакастæн! Райхалæн кæмæн нал и, ахæм куырм æлхынцъытæ дзы рауади.

Уыцы ’хсæв, сæхимæ куыддæр æрцыд, афтæ йæ стъолмæ баппæрста, мæсты æппæрст — хардзау æм æркаст, кæй йæ рахаста, уый. Райсомæй йæ пиджаччы дзыппы нывæрдта æмæ йæ уæдæй нырмæ йемæ рахæсс-бахæсс кæны. Нæдæр æй кæсгæ бакодта, нæдæр æндæр. Куыд æй бакæса! Уæд та йын æй радтид? Афтæ йæм иуварс адзур, рахабар ын кæн, афтæ афтæ, дæ тетрады сыфтæ Гадзойы чиныджы баззадысты. Стæй уый райста Гадзойæ Дзахо чиныг кæсынмæ æмæ уырдыгæй рахаудысты. Зæгъид ын, бауугæндын æй кæнид, ничи йæ бакасти, ууыл. Бауугæндид ыл, дзæбæх лæппу у. Ахуыр дæр хорз кæны. Хæдзар дæр, дам, уый куы дары. Афтæтæ нын дзырдта Тæубо! Чингуытæ кæсын дæр уарзы. Уæлдайдæр лæгау лæгты фыст чи у, уыцы чингуытæ. Кæс-ма, Тарлейы чиныг дæр куыд бакасти! Уый йæ никуы бакаст, Дзахо, уый та йæ бакасти. Ракуырдта йæ Гадзойæ æмæ йæ бакасти.

Уыцы хъуыдытæ куыд кодта, афтæмæй йæм æнæнхъæлæджы иу фæнд æрцыд. Уæд та йæ бакæсид? Цымæ, цытæ фыссы? Сæйраг хъуыддаг уый у. Кæмæ фыссы — уый цы уæлдай у! Уæлдайдæр уымæн, Дзахойæн! Æмæ йæ уыцы хъуыды нал æмæ нал уагъта, уыцы фæстаг хъуыды — бакæса йæ! Мæнæ йæ нырттæккæ сиса йæ дзыппæй æмæ йæ бакæса! Ам æй бакæса, ацы тæккæ ран. Цалынмæ урок фæуд кæна æмæ æмбырд райдайа, уæдмæ! Ахуыргæнджытыл йæ цæст ахаста, иу-цалдæр уыдысты. Алчи сæ йæхи куыст кодта — чи къласы журналы цыдæртæ фыста, чи тетрæдтæ раст кодта. Уартæ Бесæгъуыр йæ сауцъар бæзджын тетрады тагъд-тагъд цыдæртæ фыссы. Æвæццæгæн та ахуыргæнджытæй искæй урочы уыд, уæд уым фæфыссы йæ фиппаинæгтæ, уыцы тетрады. Афыссы, афыссы æмæ та йæ лæгуын сæрыл æруадзы йæ армы тъæпæн. Рох дзы нæу йæ лæгуын сæр дæр. Æмæ нывнæлдта йæ дзыпмæ, цыма искæй дзыпмæ æвнæлдта, афтæ æмæ систа тетрады сыфтæ.

«Дæхицæн уыцы зын скæн, Таизæ, æмæ ацы фыст бакæс. Кæронмæ йæ бакæс, стæй дæ цы фæнда, уый йын бакæн — фæрæтæй дæр æй ныкъкъуыхтæ кæн, арты дæр æй баппар, бырондонмæ дæр æй фехс!!!

— Цы, дам, цы?! — хъæрæй сирвæзт Дзахойæ æмæ къуымты ракæс-бакæсыл фæци. Цыма йæхæдæг нæ загъта уыцы ныхæстæ, фæлæ сæ, цыма уым цы ахуыргæнджытæ уыд, уыдонæй исчи загъта æмæ сæ цæмæн загъта, уымæй йæ фæрсынмæ хъавыд.

Æмæ уыцы ракæс-бакæс куыд кодта, афтæ ауыдта: йæ къухтæ фæйнæрдæм ахæцыдысты тетрады сыфтыл æмæ ризынц йæ къухтæ. Гъæйттæй ризынц. Æмæ кæсгæйæ баззад йæ къухтæм — цæмæн ризой? Æмæ уæд æруыдта: тетрады сыфтæ сæхæдæг ноджы тынгдæр рызтысты, уыцы чырынтæ тетрады сыфтæ. Æмæ бамбæрста Дзахо — тетрады сыфтæ, сæ уæлæ цы лыстæг фыстытæ ис, уыдон ризын кæнынц, уыцы лыстæг-хъавгæ фыстытæ, кæйдæр зæрдæйы бын дзырдгай-мыдгай чи райгуырд æмæ ам тетрады сыфтыл рæнхъгай чи адаргъ и. Æмæ цыма тæрсгæ фæкодта, йæ къухтæ йын исчи ризгæ куы фена, уымæй, уыйау тетрады сыфтæ адыдæгътæ кодта, йæ пиджаччы мидæггаг дзыппы сæ атъыста, фестад æмæ æддæмæ ауад. Æдде ракæс-бакæсыл схæцыд, цыма йæм мидæмæ исчи бадзырдта æмæ йæм чи бадзырдта, уый агуырдта, уый хуызæн. Стæй æруыдта: уартæ зæронд скъолайы тигъæй уæлæмæ адаргъ сусхъæд бæлæсты рæгъ. Уæртæ æппæты дæлладжы бинаг цонгыл уыцы тымбылсæр æфсæйнаг, йæ сæр дæлæмæ, афтæмæй ауыгъдæй лæууы. Йæ фарсмæ та дзомс. Уый йæм зынгæ нæ кæны, дзомс, фæлæ йæ зоны — уым и, æрдаргъ ис йæ тел бæттæныл, зæхмæ ма йæ гыццыл хъæуы. Æмæ фæфæнд кодта — уырдæм бацæуа. Уым алæууа, уыцы æфсæйнаг æмæ дзомсы цур, бакæстытæ сæм кæна. Æмæ араст. Куы бахæццæ и бæлæсты бынмæ, уæд æрлæууыд. Куы-иу уыцы сæрджын æфсæйнагмæ бакаст, куы — дзомсмæ. Æмæ йæм кæцæйдæр сæ зæлланг-мыллунджы азæлд æрбайхъуыст æмæ хъуыста уыцы азæлдмæ. Афтæмæй йæм æрцыди уыцы хъуыды: куыд дзæбæх уаиккой иумæ — Арванимæ! Хорз лæггаг у Арван. Уый йæм йæ цонг дарид æмæ рæуæг уаид уыцы цонджы ’нцæйтты. Уый фидар цонг уыдзæн — ныридæгæн хос чи кæрды, цæвæг чи цæгъды, судзæнæй нывтæ чи кæны. Тынг цæуы, æвæццæгæн, йæ зæрдæмæ. Цæудзæн, бæгуыдæр! Цас æм фæфыста — дыуузæ сыфы дыуузæрдыгæй! Стæй йæ дзыпмæ нывнæлдта, систа уыцы цыппæрдигъон тыхт тетрады сыфтæ, фæйнæрдæм сыл ахæцыд æмæ иу ран райдианы рæнхъыл ацахстой йæ цæстытæ: «Æз æй зонын: ды мæн нæ уыныс, нæ дæ фæнды — уынай мæ. Нæ мæм кæсыс. Ды æндæр кæмæдæр кæсыс — уый дæр зонын æз. Мæнæй бæрзонддæр чи

у, мæнæй дарддæр чи зыны, фæлæ цас дарддæр зыны мæнæй, уыйас дарддæр у дæумæ. Уымæ кæсын, æврæгътæм цæрынмæ куыд лидзай, уымæй уæлдай нæу. Æмæ æврæгъты та гутон адарæн нæй æмæ дзы цæвæг расæрфæн нæй».

— Гутон адарæн дзы нæй, цæвæг расæрфæн дзы нæй, ома æврæгъты. Дзæбæх загъта, тынг дзæбæх загъта, — дзырдта йæхицæн Дзахо. Æмæ йæм уыцы ран йæ зæрдæ сдзырдта — ныр багуыбыр у, æмæ йæ кæрæй-кæронмæ бакæс! Мæнæ йæ ам бакæс бæласы бын. Мæнæ йæ ацы тæккæ райдай кæсын! Фæлæ йын кæд фæуыдзæн каст уыцы лыстæг фыст! Уæдмæ уыцы профцæдисон æмбырд нæ райдайдзæн! Науæд афтæ ничи зæгъдзæн — амæн хæдзар нæй, бæласы бынмæ цы ’рхаста йæ кæсын! Æви ныр та бæлæстæн кæсын байдыдта! Æмæ уæд алыг кодта: тæккæ изæры йын æнæбакæсгæ нæй. Куыддæр тетрæдтæ раст кæныныл æрбада, афтæ уал уый бакæсдзæн. Уый йæ бакæсдзæн, фæлæ йæ уый никуы базондзæн, Таизæ. Афтæмæй уымæ фыст у, æмæ йæ уый хъуамæ базонид. Æрмæст уый. Æндæр ничи! Кæм и, кæ рæстытæ а дунейы? Æмæ цымæ ахæм дуне дæр ис æрмæст рæстытæ кæм и?! Æмæ ныр кæд ног ныффыста, уæд та? Хъуамæ ныффысса. Дæ фыст фесæфти ’мæ ног ныффысс. Уæдæ йæ фыст кæмæн фесæфы, уый йæхицæн сбады! Æмæ йæ цымæ куы ныффыссид ногæй, æмæ йæм куы фæхæццæ уаид, уæд æй бакæсид, æрбадид æмæ йæ бакæсид? Цы хорз уаид, куы йæ бакæсид, уæд. Фæлæ йæ куы нæ бакæса! Йæ хъус æм куы нæ ’рдара! Тас у уымæй. Йæхæдæг дæр уымæй куы тæрсы. Уыцы тас куы бабадти йæ фысты фыццаг рæнхъыты.

### 6

Уыцы изæры фæстæ бынтон нал уыди æрбадт æмæ æрæнцад Рагнетæйæн. Ахуыргæнджыты уаты йæ баййæфтаид бадгæ, хъуамæ фæцыдаид æмæ йæ тæккæ фарсмæ ’сбадтаид. Йæ сæр ын йæ уæхскыл бакъул кодтаид. Уæдæ ма хур гъæйттæй кастаид, уæддæр æм хъуамæ бауырдыг уыдаид — ныххизын мæ кæн! Дзахо та æфсæрмы кодта. Ахуыргæнджытæй дæр куыд нæ æфсæрмы кодта æмæ адæмæй дæр, фæлæ бынтон æфсæрмы та скъоладзаутæй кодта. Скъоладзаутæ алцыдæр уынынц — куыд нæ уынынц, уæдæ ма чи уыны? Æмæ хъуамæ ахуыргæнæгыл сæ зæрдæ мацæмæй бахуда, ахуыргæнæг хъуамæ сæ разы сыгъдæг уа, афтæ сыгъдæг уа хъуамæ, æмæ дзы рухс кæса.

Рагнетæмæ та ахæм хъуыдытæ никуы уыд, æвæццæгæн.

Уымæн йæ хъуыдытæ арæзт уыдысты уымæ — цы ма хъæуы Дзахойы?! Рæсугъд кæй у, уый хорз зыдта, тынг хорз зыдта уый. Æмæ йæ уый дæрдтыл хъуыды кæнын нæ уагъта. Иухатт ын загъта — фæцæй та йæ хизын кодта йæ фатермæ, хур ныр-ма ныртæккæ анывгуылд, æмæ æппындæр талынг нæма уыд.

— Рагнетæ, мах царды æгъдæуттæ гыццыл æндæрхуызæттæ сты. Афтæ нæ амонынц, æмæ æз æмæ ды иууыл иумæ рацу-бацу кæнæм æмæ иууыл фæрсæй-фæрстæм бадæм. Нæ фидауы уый.

Уый йæм цыма къæппæввонгæй лæууыди, Рагнетæ. Цæугæ-цæуын æм йе 'ргом фездæхта:

— Цæмæннæ фидауы?!

— Ды чызг дæ, æз та лæппу дæн. Дыууæ чызджы куы уаиккам, кæнæ дыууæ лæппуйы, уæд æндæр хъуыддаг у. Уæд хорз уаид.

— Æппындæр нæ уыдаид уæд хорз. Хорз ныр у — ды лæппу кæй дæ, æз — чызг, хорз уый у! — фыдæнæнгæнæгау хъæрæй загъта Рагнетæ æмæ йæ мидбылты бахудт, йæ цæстытæ дæр ферттывтой. Дзахо йæм кæсгæйæ баззад. Æмæ уыцы тæккæ йæ сæры фæмидæг и — куыд æй рауагътой уыцы дзæбæхæй ардæм? Уым æй, кæнæ кургæ куыд ничи ракодта, кæнæ йæ скъæфгæ куыд ничи акодта?! Æви уым, Стъараполы бæсты, рæсугъд рæсугъд нал зыны адæммæ?!

— Исты дам-думтæ ныл куы ацæуа, уæд лидзинаг фæуыдзыстæм.

— Æмæ фæлидздзыстæм! — Бынтон æнæмæтæй загъта чызг.

Уæдмæ ныххæццæ сты уыцы æфсæйнаг хæтæлтæм. Рагнетæ ныззылди, уæд, уыцы изæр цы хæтæлы хуылфы амидæг сты, уымæ, йæ тымбыл къухтæй йын йæ фарс ныххоста: дайра хойæгау.

— Æмæ мæнæ ам, ацы хæтæлы хуылфы, цы судзгæ изæр бавзæрстам, уыцы арвы дæнг-дæнг, уыцы къæвдайы сæх-сæх, уыцы дунейы хъæрзын-уынæргъын — цы сты дæ дам-думтæ уыцы изæры цур?! Кæдæм дын хъуысгæ фæкæндзысты уыцы изæры цур, цы дын ахадгæ скæндзысты?! Дам-думтæ! Ныххатыр кæн, фæлæ нытту кодтон, цыдæриддæр дунейы мидæг дам-думтæ æрцыди, уыдоныл.

Дзахо йæм кæсгæйæ баззад. Ахæм ныхæстæ дзы схаудзæн, уый æнхъæл никуы уыд.

Стæй та йæ ныхмæ ныууади хæтæлæн, Рагнетæ фæгуыбыр кодта, цыма та йæ хуылфы куы фæмидæг уаид, афтæ йæ фæнды. Æмæ бадзырдта хæтæлы хуылфмæ:

— Цымæ дæ кæм сарæзтой æмæ, цымæ, кæуылты фæцыдтæ, цы фæндæгтыл фæцыдтæ?! Ныр ды куы нæ æрхæццæ уыдаис, уæд цы фæуыдаиккам уыцы изæр? Цы фæуыдаиккой нæ цинтæ — ам дæ мидæг чи баиу и, чи ныггуыпп кодта æмæ Олимпы артау судзгæ чи баззад! — Стæй раст алæууыд хæтæлы дзыхмæ, йæ сæр чысыл æруадзæгау кодта йæ риуыл, цыма йæм истæуыл фæсмон æрцыд, уый хуызæн, уый фæстæ схæцыд йæ сæрыл, йæ цæстытæ фæтъæбæртт кодтой æмæ сæ Дзахомæ фæцарæзта.

Дзахо йæм комкоммæ касти, цыдæр æдзæм кастæй йæм касти Дзахо.

— Цæуылнæ мæ бакæныс искуы уæхимæ?

Дзахо æнæбары бахудызмæл ис:

— Уæхимæ дæ кæй бакæнын, уый дын æгъгъæд нæу?

— Нæхимæ дæр мæ никуы бакæныс, ам мæ уынджы хъæбæрыл фæуадзыс. Æвæццæгæн, хæдзармæ кæнын нæ зоныс.

— Æвæццæгæн, нæ зонын.

— Базондзынæ. Æгæр дæр базондзынæ, иу изæр мæ уæхимæ гуыбырæй бадгæ куы баййафай дæ мад æмæ дæ фыды раз, уæд!

— Цы базондзынæн? — Рагнетæйы фæстаг ныхасмæ йæ хъуыдытæ фæхæццæ сты Дзахойæн.

— Хæдзармæ куыд кæнын хъæуы, уый, æндæр цы!

— Цæмæ дзы цæуыс, цæ?

— Цинтæ кæнынмæ. Дæ мад æмæ дын дæ фыдыл фæцинтæ кæнон.

— Цинтæ кæнынмæ! — загъта йæхицæн дзурæгау хъæрæй Дзахо. — Никуы федтон хæдзарæй-хæдзармæ цинтæ кæнынмæ цæугæ. Арфæтæ кæнынмæ фæцæуынц, кувынмæ фæцæуынц. Фæлæ цинтæ кæнынмæ?!

— Æмæ ма тутæ кæнынмæ дæр куы цæуынц.

— Уый, цæстдзыд чи вæййы, уымæ фæцæуынц тутæ кæнынмæ.

— Æмæ, чи зоны, ды дæр цæстдзыд дæ. Æмæ уал дæуыл тутæ бакæнин, уый фæстæ дæ мад æмæ дæ фыдыл та цинтæ фæкæнин.

Уæдмæ уынджы фæзилæнмæ ныххæццæ сты. Рахизæрдæм

Годжиаты баздæхæн. Галиуæрдæм Парсаданты уынгмæ азилæн. Ауылты цæуын кодта уæд Таизæ Парсаданы, уыцы къæвда изæр. Æмæ йын нæ куымдта ауылты Парсадан. Ауылты дарддæр у æмæ бустæ кодта. Таизæйы та ауылты фæндыд æмæ бустæ дæр ницæмæ дардта. Ауылты нæ рацыдаиккой, нæ ракуымдтаид Парсадан, фæлæ сæ уæддæр уыцы къæвда ма ’рцахстаид! Æмæ йæ цæстытыл ауад: фæцæуынц дыууæйæ Таизæ æмæ Парсадан. Къæвда сыл сæх-сæх кæны, Парсадан пиджак нæ дары — уыцы дзыпджын хæдон у, къандзол у, уый бæрæг ын нæй, æндæр нæ раластаид йæ пиджак æмæ йæ Таизæйыл ма æрбакодтаид!

Иу изæр Дзахо лæууыди бæласы бын, дзæнгæрæджы бæсты уыцы сæрджын æфсæйнаг йæ хихыл ауыгъд кæмæн и, уыцы бæласы бын. Æнхъæлмæ касти Гадзомæ — йæ къласæй та чидæр дыккаг бон нæй æмæ та, дам, мемæ цом. Уый та æгъдау и Гадзомæ — мемæ цом! Дзахойы къласæй исчи куы фæцухтæ кæны, уæд æм йæхæдæг ацæуы. Никуы акæны Гадзойы — йæхиуæтты фæстæ цæуынмæ дæр джитæнтæ фæкæны æмæ йæм куыд бадзура! Фæлæ уый цæуын бахъуыд, уæд — цом! Æмæ, дам-иу мæм уым лæуу, мидæмæ ма, дам, цæмæ цæуон. Æмæ йæ зæрдыл æрбалæууыд — Рагнетæ ма ам уыди, уæд дæр афтæ лæууыди ам, уæд дæр Гадзомæ æнхъæлмæ каст. Кæдæмдæр хуынды цыдысты уæд, æмæ йæм ардæм рацыди Рагнетæ. Дзахойæн йæ пъартфел йæхимæ уыд, уæз ыл кодта æмæ-иу ахъавыд — уæд та ам ныууадзид йæ пъартфел? Фæлæ куы афæстиат уой, уæд ацу æмæ æнафоны скъоламæ здæх!

— Цы лæууыс? Дзæнгæрæггæсæй дæ баурæдтой?! — йæ тæккæ раз алæууыд Рагнетæ. Йæ цыргъзæвæт æмæ цыргъфындз туфлитæ фæрсæй-фæрстæм авæрдта, йе ’рмттæ адæларм кодта, æмæ йæ бийгæ кофтæйы тæрттæ уыцы тымбылтæй уæлæмæ схæцыдысты сæхиуыл. Йæ хъуыр, йæ урс-урсид хъуыр бæрзонд дардта йæхи кофтæйы æнгом æфцæгготæй.

— Æнхъæлмæ кæсын.

— Мæнмæ?

— Дæумæ куыд æнхъæлмæ кæсын, дæ цурæй куы рацыдтæн!

— Мæ цурæй рацæуай æмæ мæм ам æнхъæлмæ кæсай, афтæ гæнæн нæй?!

— Гæнæн ис. Фæлæ æз уымæн нæ рацыдтæн дæ цурæй, æмæ дæм æндæр искуы æнхъæлмæ кæсон.

— Уæдæ цæмæн рацыдтæ?

— Æз уымæн рацыдтæн дæ цурæй, цæмæй ам æнхъæлмæ кæсон Гадзомæ. — Дзахо бахудти — уыцы ницы-мацы ныхасæй цыма фервæзти.

— Уæдæ хорз, — бахудти Рагнетæ дæр. Йæ цæнгтæ феуæгъд кодта, йæ рахиз къухы уырзтæ йæ тæртты къуыппытыл æруæгътытæ кодта, цыма йæ кофтæйы рыг цагъта, уый хуызæн. — Уартæ дæм рудзынгæй кастæн, æмæ цæуынарæзт куы уыдтæ, уæд мæм иу хъуыды æрæфтыд, иу дзæбæх хъуыды æмæ мæхи бафхæрдтон — нырмæ мæм куыд нæ æфтыди уыцы хъуыды!

— Знаггад мацы ракæ дæхицæн.

— Сымах æгъдау нæ амоны, æмæ мæ уæхимæ нæ кæныс, уæдæ мах æгъдау амоны, æмæ дæ æз кæнын нæхимæ.

— Кæдæм уæхимæ — Годжиатæм?

— Годжиатæм нæ, фæлæ Стъараполы бæстæм. Ам дыл æгæр æнцайы уе 'гъдау, уым дæ кæд суадзид йæ бынæй.

Дзахо та бахудти — афтæ æнæвдæлон лæджы худт.

— Æмæ уыцы æгъдау, чи у, мах æгъдау, уый ды мæ уæхимæ акæнай, уый дæр нæ амоны, нæ.

— Уый дæр нæ амоны?

— Кæм амоны!

— Мæнæ уынгæджы фæдæн иу æнæхайыры æгъдауæй, — йæ къухтæ фæхъил кодта чызг. — Сусæгæй ацæудзыстæм, сусæгæй. Ничи нæ базондзæн. Дæ мад æмæ дæ фыд дæр нæ нæ базондзысты. Скъолайы дæр нæ ничи базондзæн.

Дзахо йæ алыварс аракæс-бакæс кодта, цыма сын сæ ныхасмæ исчи куы байхъуса, уымæй тарст. Уæртæ кæрты цæхгæрмæ цы ныллæг агъуыст и, уымæ кæсыныл фæци, цыма йæ фыццаг хатт уыдта. Йæ дуæрттæ дæр кæртырдæм сты æмæ йæ рудзгуытæ дæр. Тыргъ ын нæй. Къласæй чи хиза, уый компкоммæ кæртмæ рахизы. Йæхæдæг дæр уым ахуыр кодта, дæсæмтæ дæр уым фæци, уартæ æппæты уæле чи ис, уыцы къласы. Зымæг-иу сæ чернилæтæ басалдысты сæ черниладæтты. Арт нæ кодтой, суг нæ уыд.

— Гогыз аргæвддзыстæм, махмæ гогызтæ бирæ и. Сæн нæм ис, мæ фыдæн йæхи дыгъд сæн. Нæ бинонтæ ныл фæцин кæндзысты. — Æмæ цыма уыцы ныхæстæм касти, уыйау дæсæм «а» къласы дуар уæззау-уæззау байгом æмæ дзы, цыма гомкъах æмæ

бæгъæввад уыди, афтæмæй авджы цъæлтæм хызти, уыйхуызæн цыдæр æнарæхст хызт ракодта Таизæ. Куы рахызт, уæд дуар бахгæдта, йæ фæсонтæй йыл банцой кодта, йæ сæр ыл бауагъта, стæй, цыма хурмæ каст æмæ йæм кæсын нæ фæрæзта, уый змæлд бакодта йæ цæсгом.

Æмæ, гыццыл ма бахъæуа, сонт хъæр ма фæкæна Дзахо — æмæ уый Таизæйы ныв куы уыди! Далæ Тæуботы фæйнæджы лæгъз кæрон чидæр хурсудзæнæй уый ныв куы скодта! Таизæйы ныв! Æмæ, иуæй ныв кæнын куы нæ зыдта, иннæмæй, йæ хурсудзæн йæ коммæ куы нæ касти, æмæ йæ ныв цыдæрхуызæттæ куы рауади, нывы хуызæн ын куы нæ уыди, афтæмæй кæйдæр хуызæн куы уыди, фæлæ кæй хуызæн уыди, уый æрхъуыды кæнын куы нæ фæрæзта уæдæй нырмæ! Æмæ йæ мидбынат æрзылд æмæ æфсæйнагмæ кæсыныл фæци, йæ фарсмæ та лыстæг даргъ телыл, кæмæй йыл ралæууынц, уыцы дзомс. Æмæ иу сонт хъуыды фæмидæг йæ сæры: фæлæбура дзомсмæ æмæ дзы уыцы сæрджын æфсæйнагыл ралæууа йæ тых-йæ бонæй, скъолайы агъуыстытæ нæ, фæлæ æгас хъæуы хæдзæрттæм дæр уасгæ-дзыназгæ куыд байхъуыса йæ зæлланг. Уæдæ æнæуи нывы хуызæн куы нæ уыд, уæд Таизæйы хуызæн куыд уыди, цæмæй уыди Таизæйы хуызæн?! Фæлæ, æвæццæгæн, уыцы фæйнæджы лæгъз кæронмæ чи багуыбыр, йæ хурсудзæн æм чи ныддардта, уый цæстытæй нæ хицæн кодта Таизæ, уымæн йæ зæрдæйы конд уыди Таизæйы ныв æмæ йæ уырдыгæй ныв кодта фæйнæджы кæроныл. Æвæццæгæн, йæ зæрдæ ныррухс и уыцы нывæй, æмæ дзы дуне æгасæй дæр куы ныррухс уыдаид, афтæ йæ фæндыди. Æмæ кæд хурсудзæн йæ коммæ нæ касти, уæддæр дзы цыдæр абадти Таизæйы цæсгомæй.

— Цыдæр нæ кæныс, мæнæ лæппу?! Кæд дæ нæхимæ куы акæнон, уымæй фæтарстæ, уæд ма тæрс, нæ дæ акæндзынæн. Тыхмийæ ми нæй. — Стæй фæкасти Таизæйы 'рдæм. Йе 'рфгуытæ ныхæй-ныхмæ абадтысты. — Уый та цы бандзыг и дуары уæлæ?! Цыма йæ мидæггæгты сынтæгæй рагæпп кодта. — Стæй æрсабыр сты йе 'рфгуытæ, æмæ уæд та йæ цæстытæ базмæлыдысты. Цыдæр сабырхæццæ знæт æрныкъул-æрныкъул кодта йæ цæстытæ, афтæмæй касти Таизæмæ. Æмæ цыма уыцы касты уæз нал урæдта Таизæ, уыйау æрзылди, йе 'ргом дуарырдæм куы фæци, уæд æй бакодта æмæ фæстæмæ бахызт къласмæ. Дзахо ма уæддæр касти дуармæ, афтæ йæм зынд, ныртæккæ

райгом уыдзæни ногæй æмæ Таизæ рахиздзæн фæстæмæ æмæ ацæудзæн, кæдæм цыдæй рацыди, уырдæм. Уæдæ уый цы хуызæн цыд уыди?! Рахиз, стæй фæстæмæ бахиз! Уый дзы, æвæццæгæн, цыдæр байрох и къласы. Ныр æй рахæсдзæн йемæ æмæ ацæудзæн. Æмæ йын æнæ рацæугæ нæй фæстæмæ. Æмæ уæд йæ цæсты кæронæй ауыдта: Рагнетæ йын йæ цонгмæ бавнæлдта, æрхæцыд ын йæ цонгыл, æрриуыгъта йын йæ цонг. Стæй та йæм йæ ныхас фехъуыст, цыма йæм дард кæцæйдæр æрбадзырдта, уый хуызæн:

— Цы кæныс, Дзахо?!

— Рахызти 'мæ бахызти, — загъта Дзахо, цыма искæмæн хъаст кодта, уый хуызæн.

Æмæ Рагнетæ та фæрсгæ бакодта, Дзахойы нæ бафарста, æнæуи бафарста:

— Цымæ, цæмæн рахызти æмæ фæстæмæ цæмæн бахызти?

Æмæ та æрфæндыд Дзахойы — фæлæбура уыцы дæргъæйдæргъмæ дзомсмæ æмæ дзы ралæууа æфсæйнагыл, Суадæттыхъæуы сæрмæ уыцы æфсæйнæгты уазал зæлланг йеддæмæ куыд ницуал баззайа. Стæй йæ бынаты базмæлыд. Йæ пъартфелыл схæцыд. Уæдæмæ иу Гадзомæ дæр мауал лæууа, Рагнетæйы дæр афтæ фæуадза бæласы бын æмæ уартæ сæхимæ афардæг уа!

Æмæ йын цыма йæ хъуыды бамбæрста, уыйау æм æввахсдæр балæууыд Рагнетæ.

— Æмæ сымах искуыдæм куы ацæуат Гадзоимæ, уæд мæн та чи ныххизын кæндзæни?! Мæнмæ нырма дыуучæ урочы ис, æмæ уæдмæ баталынг уыдзæн. Æз иунæгæй ницы ныццæудзынæн уыцы талынг уынгты.

— Уæдмæ Гадзо æрцæудзæн æмæ-иу уымæн зæгъ. Уый дæ ныххизын кæндзæн.

— Нæгъ! Нæ зæгъдзынæн Гадзойæн, нæ мæ фæнды. Гадзо мæ ныххизын кæна, уый. Дæхæдæг мæ ныххизын кæ!

— Æз нæхимæ цæуын.

— Афтæ нæ загътай — Гадзомæ лæууын?

— Нал æм лæууын. Гадзомæ дæр нал лæууын, æппындæр никæмæуал лæууын. Нæхимæ цæуын.

— Цы ныйиттæг дæ уæхимæ цæуыныл. Цы?! Дæ сывæллæттæм дзы куы нæ тагъд кæныс!

Дзахо йæ цæстытæ æруагъта Рагнетæйыл. Æруадысты йыл

йæ цæстытæ ’мæ йæ цыргъфындз туфлитыл æрæнцадысты. Æмæ базмæлыдысты туфлитæ ’мæ йæм афтæ фæкаст, цыма, сæм уый кæй ныккаст, уымæн базмæлыдысты. Сæ иу уым йæ бынаты баззад, иннæ йæ фарсмæ йæ цыргъ зæвæтыл æрæнцад, йæ цыргъ фындз иуварс азылд æмæ афтæ баззад хъилæй. Йæ къухтыл схæцыд, йæ урс æнгуылдзтæ æддæг-мидæг атъыста. Бахудызмæл, афтæмæй бакаст Дзахомæ.

— Æз дын ахæм сывæллæттæ ныййарин — рæсугъд чызджытæ ’мæ хъæбатыр лæппутæ — æппындæр тас чи нæ зона, ахæм лæппутæ ’мæ хуртæ ’мæ мæйтæ кæмæй кæса, ахæм чызджытæ. Бирæ, бирæ — цал нæ фæнда, уал, — дзургæ-дзурын ноджы æвvахсдæр балæууыд Дзахомæ. — Ды уый зоныс, æмæ, мад, æмæ фыд æндæр æмæ æндæр адæмыхæттытæй куы вæййынц, уæд сæ цот хæрзхъæддæр цæуынц? Æмæ хорз цот рацæуид махæн, тынг хорз цот.

Дзахо-иу йæ пъартфелмæ æркасти — цыдæр уæззау уыди ацы бон йæ пъартфел, цыма йын дзы тетрæдтæ ’мæ чингуытæ нал и, фæлæ йын дзы уыдоны бæсты тъæпæн агуыридуртæ нывæрдæуыд. Йæ цонг ныйивæзти, афтæмæй цыди. Сæ уынгмæ баздæхæны куыройдоныл хиды бæсты цы дыуугæ фæрв тымбылы уыди уагъд иу былæй иннæ былмæ, уыдоныл куы бараст, уæд йæ сæры фæмидæг: цымæ Рагнетæйы уым ныууагъта бæласы бын æви йæ, иугæр куы цыди, уæд мидæмæ барвыста? Цыди, дыууæ тымбылæй сæ иуыл йæ иу къахæй лæууыд, иннæ тымбылыл йе ’ннæ къахæй, афтæмæй æмæ-иу æм куы афтæ фæкаст — барвыста йæ, куы та — баззади уым. Æмæ æрлæууыди: уæд та азила, ацæуа æмæ клубы тигъæй бакæса, кæддæра ма уым и, бæласы бын, Рагнетæ! Фæлæ уыцы тымбыл фæрвытыл куы нæ сарæхса æмæ доны куы ныххауа, уымæй фæтарст æмæ размæ феггуырст. Сæхимæ йæ пъартфел стъолыл æрæвæрдта, йæхæдæг куыд уыди, афтæмæй диваныл йæхи ауагъта. Хуыссыд уæлгоммæ, цармæ касти. Æмæ та-иу царыл байгом и дæсæм «а» къласы дуар æмæ та-иу дзы Таизæ рахызт, цыма, бæгъæввад æмæ бæгъæмзæнгæй авджы цъæлтæм хызти, ахæм хызтæй-иу рахызт. Дуар-иу бахгæдта æмæ-иу ыл йæхи æвæрæз уагъд бакодта, цыма уым мидæгæй чи уыди къласы, уыдоныл йæхи нал нымадта, уый хуызæн. Æмæ дис кодта Дзахо — цæмæ рацыдаид, цæмæн ракуырдтаид йæхи урокæй? Цæмæй афтæ дуарыл банцой кодтаид, уый тыххæй?! Цымæ йын ахуыргæнæг

ницы загътаид? Афтæ йын нæ загътаид, цæмæй дуарæй ахизай æмæ фæстæмæ ’рбахизай дуарæй, уый тыххæй ракуырдтай дæхи?! Намæ йæм ахуыргæнæг мацы сдзурæд, фæлæ кълас та — уыйæппæт лæппутæ ’мæ чызджытæ!

Уыцы рахъуыды-бахъуыды куыд кодта, афтæ бамбæрста — хуыссæг æй ахсы. Æмæ фæтарст: афтæмæй куы бафынæй уа, уæд йæ дарæс нынцъылдтæ уыдзæн. Йæхиуыл рахæцыд, рабадти — раива йæ дарæс. Æмæ раст уæд æрбайхъуыст кæртæй Гадзойы хъæрæй ныхас:

— Цыфæнды арф куы бамбæхсат, уæддæр уын ам ахæм лæппутæ нæй, æмæ сымах чи нæ ссара!

Тыргъæй кæртмæ цы дуар уыд, ууыл рахæцыди Дзахо — кæрты бæрæг астæу фæрсæй-фæрстæм лæууыдысты Парсадан æмæ Гадзо. Дзахойы куы федтой, уæд дзурынмæ фæци Парсадан:

— Ардæм бырсинаг нæ уыдтæн. Æз дæ уым агуырдтон, скъолайы, фæлæ мæ мæнæ Гадзо сыфцæй ласæгау ракодта. Æмæ ме ’рбацыды æнæаиппæй цы ис — иуыылдæр хауынц Гадзомæ. — Йæ ныхас фæци Парсадан æмæ бахудти.

Уæдмæ Дзахо, тыргъæй кæртмæ цы ныллæг асин уыд, ууыл ныууади.

— Цæй аиппытæ ’мæ цæй æндæрты кой кæныс! Мах мæнæ уазæгмондагæй æфсæн æрттигътæ куы ’хсынæм! — бахудти Дзахо дæр.

Мæнгагъуысты кæрон, сæрдыгон цæрæн хæдзарæй рахызти Даридзæ. Йæ ныхас йæ разæй фæци:

— Гъæ, æхсызгон цинтæ уыл фæцæуа! Абондæргъы-иу мæ мæ фындзы рагъ уыцы æхсызгон хæрд акодта æмæ, та-иу мæхи фæрсыныл фæдæн, дæ мæрдтыстæн, уыцы дзæбæх уазæг нæм чи цæуа, æмæ ма акæс, гъа! — Уым цæхгæр фездæхта йæ ныхас Дзахомæ: — Марадз, дæ фыдмæ адзур, дæлæ цæхæрадоны цыдæртæ архайы. — Фæлæ Бардзинмæ дзурын нæ бахъуыд. Цæхæрадоны дуарыл æрбахызт æмæ йæ тъæпæн æрмттæ уæлæмæ сдардта, цыма йæхи уацары лæвæрдта æмæ хъæрæй загъта:

— Æгас нæм цæут, æгас! — Стæй æруагъта йæ къухтæ, æркасти сæм. — Уæ къухтæ уын бæргæ райсин, фæлæ мæ къухты сыгъдæгыл мæ зæрдæ нæ дарын. Лæг цæхæрадоны къахдзæфæн æвнæлд кæны зæхмæ ’мæ...

— Гъо, гъо, ахс дæ къухтæ уыцы лæг, æмæ мын уæртæ

æфсæйнаг пецы арт бакæ, — дзуры хъæрæй Даридзæ Бардзинмæ.

— Æмæ дæ цæмæн агуырдтон, дæумæ гæсгæ? — Парсадан йæхи Дзахойырдæм байста, стæй фалдæр балæууыд Дзахойæ. Æмæ уæд Дзахо дæр балæууыд фалдæр. Уым тамако систа Парсадан йæ дзыппæй, сдымдта йæ. Бæрæг уыд — цæуылдæр тыхсы. — Дæ чиныг чи у, дæ чиныг, дæ Бараташвилийы чиныг, чи дын фесæфти, уый разынди. Зынгæ та ракодта махмæ. Диссаг у, фæлæ ацы дунейы уымæй стырдæр диссæгтæ дæр æрцæуы æмæ тынг ма ныддис кæ.

Дзахо кæсгæйæ баззад Парсаданмæ. Нæ йæм хъуыди кæсын, уый æмбæрста, фæлæ йæм куыд нæ кастаид! Уæдæ куыд разынди уыдонмæ, цы 'гъдауæй сæм разынди?! Науæд, йæ чиныг фесæфт, йæ Бараташвилийы чиныг, уый цæмæй зоны Парсадан?! Уый та йæ ам агуырдта! Æмæ та-иу ракалдта уыйæппæт чингуытæ. Йæ контролон куысты ма цыдæр æмдзæвгæтæ фæбæстон кæнын хъуыди — уæд та сæ раст нæ бадардта йæ зæрдыл. Гуырысхо кодта. Æмæ агуырдта чиныг.

— Уый уал дын иу хабар! — дзуры Парсадан хъæрæй, афтæмæй йæ ныхас — цыдæр чъызгæ ныхас. — Бараташвилийы чиныг, дам, мын ссар. Нал мæ уагъта. Арвит, дам, Калакмæ дæ зонгæтæм. Ныр æм федтон уыцы чиныг, фæлæ йæ цыма цыдæр æмбæхстæй дардта, афтæ мæм зынд æмæ мæхи нал басастон. Æндæр æм федтон уыцы къаннæг чиныг, йæ чъылдымыл æнахуыр тымбыл зиллакк, чиныгуадзджыты зиллакк нæ, ам нæхимæ, хæдзарон зиллакк.

Æмæ 'рхъуыды кодта Дзахо: кæддæр Даридзæ арахъхъ уагъта. Куыддæр дæслитруат авг милийы бынæй райста æмæ йæ мидæмæ бахаста, афтæ уыцы чиныг йæ разы фæци, æвæццæгæн, æмæ йæ авæрдта авджы сæрыл — хъарм арахъхъæн йæ тæф ма фæцæуа! Авджы сæр арахъхъæйдзаг куыд нæ уыдаид, æмæ йæ фæд уыцы тымбылæй баззад, чиныгæн йæ хъæбæрцъары æдде цы бурбын тæнæг цъар уыди, ууыл.

— Ныффыстон, уæдæ цы кодтаин, æмæ мын æрæрвыстой чиныг. Уый йæм иу-цалдæр боны фæракæс-бакæс кодта, стæй мæм æй дысон изæр куы 'рбахæссид, райсом, дам, æй, дæуæй, уымæн ратт. Уым æм мæхи нал баурæдтон: — Дæ хъуыддæгтæн дын ницы æмбарын, мæнæ чызг! Æмæ, дам, сæ нæ хъæуы 'мбарын. Гъе, уый дын мæ митæ, куыд фæнды сæ дом, Къостайы

загъдау. Ӕз уый ницæмæйуал бафарстон, гъеныр ды дæр мæн куы ницæмæйуал бафæрсис, уæд дæ галы бузныг фæуаин. — Уыцы ныхæсты фæстæ йæ къандзолгонды дзыпмæ нывнæлдта, систа уыцы гыццыл чиныг, Дзахомæ йæ бадардта.

Парсадан, æвæццæгæн, æдас нæ уыд — уæддæр ма йæ куы афæрса истæмæй Дзахо, æмæ йæхи Бардзинмæ байста. Уайтагъд йæ ныхас райхъуыст — дзургæ хъæрæй бæргæ кодта уым дæр, фæлæ йæ ныхасæн йæ чъызгæ ахаст нæма ссыди.

— Ацы змæлд кæд мах тыххæй у, нæ дзæбæх фысымтæ, уæд æгæр у махæн. Пецы фæздæг суадзай, уымæн уазджытæ хъæуы, дæрддаг уазджытæ. Мах та иу дон нуазæм æмæ иу хор хæрæм.

— Иу дон та куыд нæ нуазæм æмæ иу хор та куыд нæ хæрæм, уæдæ цы ми кæнæм, — пецы раз дзуццæджы куыд бадти, афтæ сыстад йæ сугты хъæбысимæ Бардзин. — Фæлæ, ды æвæццæгæн, нæ къæсæрæй никуы ’рбакастаис, мæнæ Гадзо нæ уыди, уæд. Ӕмæ ма-иу фæкæсут, кæддæра уымæн а лæппу цы нуазæн авæрид!

— Уæд та дæм мах дæр гыццыл истæмæйты фæкæсæм, æмæ нын æнцондæр уа.

— Нæ, нæ, фæстæмæ æрдзуццæг кодта æд сугтæ пецы раз Бардзин. — Мах не ’фсинимæ дыууæйæ куы февналæм, уæд — гъе-е, лæппутæ! Кæд уæ фæнды æмæ уын хъæуваг фынг ацæттæ кæндзыстæм.

— Артыл цы фыцдзыстæм, уый уал куы базонин, уæд ахæм арт сыскъæрин, æмæ уæ сыхæгтæ йæ гуыр-гуырмæ æмбырдтæ кæниккой. Фæлæ йæ нæ зонын, æмæ, ацу ’мæ афтæмæй бавнал!

Стæй сын нал хъуыста сæ ныхас Дзахо. Чиныгмæ касти, йæ иу къухæй йæ иннæмæ иста. Йæхи чиныджы хуызæн, фæлæ — ног, дзыхъхъынног. Фæлæуу-фæлæуу, æмæ йын уæд ног чиныг цæмæн радтой? Йæхи чиныг ын цæмæннæ радтой уæд?! Ӕмæ дзæгъæлтæ кодта йæ фæрстытæй. Систаид æй æмæ йæ куыд систаид? Куыд ын ныввнæлдтаид йæ пъартфелмæ?! Кæм æм ныввнæлдтаид?! Ӕвæццæгæн — къласы. Урокæй урочы ’хсæн æй уым ныууагъта. Алыхатт дæр æй афтæ ныууадзы. Уæдæ йæ рахæсса, стæй та йæ фæстæмæ бахæсса! Фæлæ йын дæсæм кълæсты дыгай уроктæ куы никуы вæййы фæд-фæдыл, уæд æй куыд ныууагътаид, цы хуызы йæ ныууагътаид уæд?! Кæд дзы

æнæуи кодта урок иннæ ахуыргæнджытæй искæй бæсты æмæ йын афтæмæй бадыуæ сты йæ уроктæ? Æвæццæгæн, йæ зæрдæмæ цæуы Бараташвили. Æмæ кæй зæрдæмæ нæ фæцæудзæн! Йæхæдæг дæр ма йæ бацыбæл кодта! Уыцы æмдзæвгæ дæр ма йын куы радзырдта. Фыццаг æй иронау радзырдта йæхи тæлмацæй. Æмæ, дам, мын æй уырыссагау дæр радзур. Уæд бацыбæл и, уæд! Æмæ йæм раст уæд кæцæйдæр фæзынди æндæр хъуыды: кæд æй, мыййаг, Бараташвилийы чиныг кæй у, уый тыххæй нæ систа? Кæд Бараташвили хорз кæй фыссы, уый тыххæй, нæ? Кæд, уый чиныг кæй у, Дзахойы, Дзахойы пъартфелы кæй уыди, Дзахо йæ бирæ кæй уарзы... Кæд æй уый тыххæй систа, кæд?..

Æмæ йæ сæр ныттылдта Дзахо — нæ, нæ, уый тыххæй йæ нæ систа! Уый тыххæй йæ куыд хъуамæ систаид! Искуы ма афтæ ист дæр æрцыди?! Æнæуи йæ систа. Хорз чиныг у, йæ зæрдæмæ фæцыди æмæ йæ систа. Æндæр дзы мур дæр ницы и. Уæдæ, куыд нæ йæ систа уый тыххæй!

Иуафон кæрты дуарæй фæцæйхызт — уый æрхатыдта æмæ йæ хъуыды æрцахста: æвæццæгæн, уыцы хъуыдытæй йæхи тылиф кæнынмæ хъавыд. Æмæ, ома, уынгмæ ахизон, уынг уæддæр уынг у, æмæ. Æмæ йæм афтæ фæкаст, цыма сæхи дуарыл сæ уынгмæ нæ ахызт, фæлæ Парсаданты каудуарыл Парсаданты кæртмæ бахызт. Æмæ уым сæ кæрты рæбын лæууыдысты Парсадан йæхæдæг æмæ Таизæ. Лæууынц æмæ лæугæ ныхæйныхмæ кæнынц, афтæмæй сæ иуæн йе 'ргом иуæрдæм здæхт у, се 'ннæмæн — иннæрдæм. Афтæ цæмæн лæууой, ууыл хъуыды кодта æмæ йæм сæ ныхас дæр æрбайхъуыст, æмæ цыма ныхас нæ кодтой, фæлæ цыма къæбæлтæ къуырдтой. Æмæ радыгай къуырдтой къæбæлтæ æмæ сæ цыма иу дзæбугæй къуырдтой — сæ иу уал-иу ныкъкъуырдта къæбæл, стæй-иу дзæбуг иннæмæ радта æмæ-иу уæд та уый ныкъкъуырдта. Цы дзырдтой, уый дæр цыбыр æмæ фидар, къæбæл куыд цыбыр æмæ фидар вæййы, афтæ.

— Гъомæ ма исчи афтæ кæны?!

— Æз дæр нæ кæнын афтæ.

— Уæдæ уый цы у?!

— Уый æнæуи рауади афтæ.

— Кургæ йæ цæмæннæ ракодтай?

— Курын мæ нæ фæндыди.

— Цæмæннæ?!
— Уæд æй фæстæмæ дæттын хъуыд.
— Æмæ йæ раттаис фæстæмæ.
— Фæстæмæ йæ радтаин, уый мæ нæ фæндыд.
— Æмæ уый давд хуыйны, давд!
— Афтæ ма дзур, ба!
— Уæдæ куыд дзурон?!
— Уый давд нæ уыд.
— Уæдæ цы уыд?!
— Мæн æгас дуне федта.
— Кæд дæ федта ’гас дуне?!
— Куы йæ истон, уыд.
— Куыд дæ федта ’гас дуне?
— Дзæбæх.

Парсадан йæ сæр æнкъуыста, фæйнæрдæм æнкъуыста йæ сæр, æмæ афтæ зынд — æндæр ницуал у йæ бон йæ сæр æнкъусын йеддæмæ æмæ йæ уымæн æнкъусы. Стæй, йæ сæр æнкъусын нæма ныууагъта, афтæмæй ныууынæргъæгау кодта:

— Мæнæ диссæгтæ!

Æмæ фæлæууыд сæ ныхас. Дзахомæ афтæ фæзынд — тыхыскъуыд аци. Уæдæ ахæм ныууынæргъды фæстæ фæугæ куыд хъуамæ фæкæна ныхас! Сæ ныхас сын нал хъуыста, фæлæ ма сын сæхи уыдта. Лæууыдысты афтæ ныхæй-ныхмæ, се ’ргæмттæ та иртæст кæрæдзийæ. Таизæ — гыццыл. Æнæуи цæйас уыд, уымæй гыццылдæр. Парсадан — стыр. Фæлæ уый дæр цыма æнæуи цæйас у, уымæй гыццылдæр уыд.

Парсадан йæ къухыл схæцыд, æмæ Дзахойæн æхсызгон уыд, кæй схæцыд йæ къухыл, уый. Схæцыд йæ къухыл, ариуыгъта йæ.

— Гъомæ йын ныр радт йæ чиныг.

— Нæгъ! — фæцырд и Таизæ. — Йæхи чиныг — нæгъ! Нæуæг чиныг ын радтæм.

— Нæуæг чиныг — цæмæн?

— Нæуæг у æмæ уымæн.

— Æмæ йæ кæд йæхион хъæуы, уæд та?

— Йæхион... Йæхион ын нæхицæн уадзæм.

— Æппындæр ницуал æмбарын. Чиныгæн дæр ницуал æмбарын, дæуæн дæр. Гъомæ йын радт нæуæг чиныг дæр.

— Ды йын æй радт.

— Уоуу мæнæ диссæгтæ! Æз ын æй куыд радтон? Стæй йын цы хъуамæ зæгъон?!

— Ды базондзынæ, цы зæгъын хъæуы, уый. Дæу йеддæмæ ничи базондзæн.

— Бирæ рæтты фæцардтæн. Дæ фарн бирæ, фæлæ нæ сывæллæттæй дыууæ иу ран нæ райгуырди, цал сты, уалæй хицæн рæтты райгуырдысты, — Парсадан дзуры, æмæ Дзахо фæйнæрдæм ракæс-бакæсыл фæци. Фæстæмæ разылд, дуарæй бакаст — æмæ уый сæхи кæрт куы у æмæ уартæ кæрты рæбын фыдимæ куы бадынц ныхæй-ныхмæ къæлæтджын бандæттыл се 'фсæйнаг пецы фарсмæ. Гадзо та пецы раз зилæнтæ куы кæны! — Амæй хуыздæр цæрæн бæстæ никуы федтон. Йæ дон — хорз, йæ уæлдæф — хорз, йæ цард — æнцонфадат. Цы ма хъæуы лæджы!

Фынгæй куы растадысты, уæд Дзахо сæ фæдыл рацыд Парсадан æмæ Гадзойæн. Сæ уынджы кæронмæ куы фæцæйхæццæ кодтой, уæд Парсадан йæхи байста Дзахомæ, йæ рæмбыныкъæдзыл ын æрхæцыд. Йе 'мдзыд кодта æмæ йын мынæг хъæлæсæй дзырдта, цыма йын исты сусæг хабар хъусын кодта, уый хуызæн:

— Мах рæстæг æндæр уыд, ома мах куы ахуыр кодтам скъолайы, уыцы рæстæг. Сымах рæстæг дæр ма æндæр уыд. Адоны рæстæг та æндæр у, бынтон æндæр у адоны рæстæг. Мах рæстæджы скъоладзаутæ сывæллæттæ уыдысты, цардмæ дæр сывæллæтты цæстæй кастысты æмæ кæрæдзимæ дæр. Ныр афтæ нал сты. Ныр бирæ къæрцхъусдæр æмæ бирæ æгæнондæр сты. Ныр сывæллæтты домæнтыл нал æввæрсынц, фылдæр сæ хъæуы, — Парсадан дзырдта, æмæ Дзахомæ афтæ каст, цыма иппæрд уыд йæ ныхас ацы изæрæй, æмæ йын æй фынджы æфсон кодта — дзæбæх сæ æррасур-басур кодта Бардзин. Дзæбæх басырх сты сæ уадултæ Парсаданæн дæр, Гадзойæн дæр. Фæуæлвонг сты. Уæлвонгæй та лæг иппæрд кæны йæ зæххон хъуыддæгтæй. — Стæй наукæ дæр афтæ амоны — тагъддæр стыр кæнынц ныр сывæллæттæ. Раздæр хъомыл кæнынц. Алы 'гъдауæй дæр. Уæдæ куыд æнхъæл дæ! Наукæйы рæзт, техникæйы рæзт, цивилизаци — сæ иувæрсты нæ хизы, нæ, йæ гакк сыл æвæры.

Уыдон ацыдысты. Дуканийы онг сын иумæ цæугæ уыд, стæй Парсадан дæлæмæ ацæудзæн, Гадзо — уæлæмæ. Фæлæ, нæма фæхицæн уыдзысты, афтæмæй Ерыстау сæ размæ рацæудзæн

йæ бадæн бынатæй æмæ сæ ныхæстыл ныддардзæн. Æхсæв фæдаргъ и 'мæ æнцон нæу уый дæргъæн æхсæв иунæгæй уыцы къуымы бадын. Уо, бындары Ерыстау фæуа уый дæр, уас! Куыд сæ рацахс-та æмæ сæ куыд фæмидæг кодта уæд цæлгæнæны! Уый æнхъæл сæ чи уыд? Иу дæр сæ нæ уыд уый æнхъæл. Уыцы изæр дæллаг быдырæй ссыдысты. Нартхор сыгъдæг кæнынмæ уыдысты, скъо-ладзаутимæ. Машинæ уым æрлæууыд, дуканийæ цæлгæнæны 'хсæн цы фæз и, уый бæрæг астæу. Ерыстау уым лæууыд йæ бадæны дуармæ. Йæ къухты халамæрзæны тъæпæн æмæ уыцы стыр хæрын-къа. Уым сыл йæхи ма ныццæва! Дзургæ Парсаданмæ кодта, фæлæ бæрæг уыд — йæ ныхас се 'ртæмæ дæр хауди.

— Гъеныр та ма мын аирвæзай Парчадан Чариданы фырт! Ерыстау амæлæд! Абон мызд райстон æмæ ма мæ хуыздæр чæмæн бахъæуджен!

Нæ куымдта Парсадан, сæхиуыл фæйнæрдæм ахæц-ахæц кодтой Гадзо æмæ Дзахо — змæлын дæр сæ не суагъта. Стæй мидæгæй сæ бадт кæронмæ куы фæцæйхæццæ кодта, уæд лæппутæ кæрæдзимæ сæ цæстытæ æрныкъуылдтытæ кодтой, ома нæхæдæг афидæм. Уый сæ бафиппайдта. Йæ къухы цы къæбæр уыд, уый фынгыл æрæвæрдта.

— Хуычауы бын чи нæма 'рчыд, уычы хъуыддагæй нæ Хуы-чау бахизæд! Уæдæ ма уый дæр искуы 'рчынди, æмæ хонгæ иу бакæна, æхча та иннæтæ бафидой?! Ерыстау уын амæлæд!

Бафыста йæхæдæг. Йе ставд тъæпæнгомау æнгуылдзтæй иу иннæйы фæдыл æвæрдта æхцатæ фынджы кæрон æмæ сæ куыд æвæрдта, афтæ сæ хъæрæй нымадта:

— Уый дын — иу, уый дын — дыууæ, уый дын — æртæ, уый дын — чыппар.

Лæууыди Дзахо. Мæй нырма æрæджы скасти, æмæ дуне дзæбæх нæма барухс и. Фæлæ йæ цæсгом афтæ тымбыл æмæ афтæ рухс уыд, æмæ дзы ныфс æвæрдта адæймаг — ныртæккæ ныррухс уыдзæни дуне. Æмæ йæм касти комкоммæ Дзахо. Æмæ тылди уыцы æмдымбылæй уæлæмæ-уæлæмæ. Йæ рухс йæ фæлгæты нæ цыди, калди фæйнæрдæм фæлгæты былæй. Стъалытæ йæ алыварс нымбырд сты, цыма истæуыл куы схæца æмæ дзæбæх куы нæ стула, уымæй йын тарстысты. Æмæ йæхи-нымæры загъта Дзахо:

*Уалæ рагъæй стъалыты æнцæйтты*
*Арвмæ схызт зæронд æхсинæгау мæй.*

Уый а уалдзæджы ныффыста, уыцы æмдзæвгæ. Уæддæр ам лæууыд сæ уынджы кæрон, ардыгæй касти, мæй куыд сцæйтылди, уымæ. Уæд дæр цыма афтæ йæ размæ рацыдисты стъалытæ уыйæппæтæй.

Уыцы рæнхъытæ куы загъта, уæд ныссабыр. Æмæ йæм раст уæд æрбайхъуыст Парсаданы ныхас æмæ йæм хъусыныл фæци.

— Сылгоймагæн йе 'рдз æндæр у. Сылгоймаг цы туг æмæ стæгæй у, нæлгоймаг уыдонæй нæу. Библимæ дæр ма æркæсут: сылгоймаг нæлгоймаджы фæрскæй у, нæлгоймаг — æлыгæй. Куыд нæ хицæн кæной кæрæдзийæ! Æмæ вазыгджын у сылыстæг — нæлгоймаг йæ цуры иу чырæгон цæрæгойы хуызæн у — хуымæтæг. Æмæ сылгоймаджы бамбара, уый хъом нæу. Æмæ никуы суыдзæн уый хъом. Уый фæтк у, æрдзы фæтк у уый.

Уыцы ныхас уæд кодта, педсоветы фæстæ сæ сæхимæ куы ахуыдта, уæд. Далæ цæхæрадоны былыл цы фынг сарæзтой, æртæйæ йæ иумæ сарæзтой, уый уæлхъус бадтысты. Фынг стыр нæ уыд. Стыр фынг нæ сарæзтой — цæмæн сæ хъуыд стыр фынг?! Æмæ дзы æрæвæрæн нал уыд. Уæддæр та-иу куы цы æрбацæйдавта Таизæ, куы — цы. Хæдзарæй куы фæци хаст хæринæгтæ, уæд та — уырдыгæй, цæхæрадонæн йæхицæй. Кæм судзагхалы армыдзаг, кæм — исты дыргътæ. Уыцы ногæхсадиу уыдысты. Æмæ-иу доны æртæхтæ сæ уæлæ бадтысты, уадултыл цæссыджы æртæхтæ куыд бадой, афтæ. Цин кодта Таизæ, цæуыл цин кодта, уый зын рахатæн уыд. Æмæ æмбæхста йæ цин, цæмæн æй æмбæхста, уый рахатæн дæр нæ уыд. Йæ уадултæ сырх адардтой — уый, æвæццæгæн, йæхæдæг дæр уыдта. Æфсæрмы кодта йæ уадулты сырхæй, æмæ уымæй ноджы сырхдæр кодтой йæ уадултæ.

Æмæ уæд кодта уыцы ныхæстæ Парсадан:

— Мæнæ Тугъанты нывгæнæг чи уыди, Махарбег, уый цы нывтæ фæкодта Нарты адæмыл. Уым Нарты куывды цы хуызæн бæдтытæ 'мæ цы хуызæн худтытæ кæнынц! Фæлæ цыма уыдоны цур Сатана мæнæ-мæнæ нæ ахады. Уым бæгæныйы кæхц куы рацæйхæссы хистæртæм. Хæрзхуыз ирон сылгоймагыл нæртон сылыстæджы дарæс скæн æмæ, уый цы уа, уый у Сатана дæр. Æндæр ницы. Нæлгоймæгты хуызæн ахадгæ нæ рауад. Уымæй уый зæгъынмæ хъавын, æмæ сылгоймаджы æрдз æндæр у, æмæ йæ равдисын зындæр у.

Гадзо ӕмӕ Дзахо хъусыныл фесты Парсаданмӕ. Уыдонӕй никуы ничи ахъуыды кодта уыдӕттыл. Уый та сыл ахъуыды кодта. Стӕй йӕ ныхасмӕ гӕсгӕ — иухатт ӕмӕ дыууӕ хатты нӕ. Афтӕмӕй сыл уый размӕ уыдоныл ӕмбӕлди ахъуыды кӕнын. Уымӕн, ӕмӕ сӕ ахуырыхъӕдмӕ гӕсгӕ уыдон ӕввахсдӕр лӕууынц сылгоймагмӕ дӕр, Тугъанты Махарбегмӕ дӕр, Нарты хабӕрттӕм дӕр.

Фӕлӕ уыцы ныхас уӕд цӕмӕн ӕрхауд Парсаданмӕ? Уымӕй размӕ йӕм цӕмӕннӕ искуы ӕрхауд? Кӕд, мыййаг, уыцы бон Таизӕйыл йӕ цин ӕгӕр кӕй зынди, уымӕн? Ӕмӕ кӕд йӕ зӕрдӕмӕ нӕ цыди, афтӕ йыл кӕй зынди йӕ цин, уый? Ӕмӕ йӕ кӕд сраст кӕнынмӕ хъавыд? Цӕсты куыд нӕ бафтыдаид, ууыл архайдта. Ӕмӕ уӕддӕр цӕмӕн цин кодтаид афтӕ Таизӕ? — Хъуыды-иу кодта уый фӕстӕ Дзахо. Уыдон уым кӕй уыдысты, цӕхӕрадоны был кӕй бадтысты, ууыл цин кодтаид? Ӕмӕ цы ис уым уа цинагӕй? Намӕ уый размӕ никуы бадтысты цӕхӕрадоны был! Кӕд сын фынг йӕхӕдӕг кӕй ӕрӕвӕрдта, стӕй ма сын уый фӕстӕ дӕр сӕ размӕ истытӕ кӕй скъӕфта, ууыл уыди йӕ цины сӕр? Чи зоны, уыдаид ууыл. Ома байрӕзтӕн, сыстыр дӕн, ома. Ныр стыр чызг дӕн, ома. О, чызджыты тынг фӕфӕнды тагъд куы астыр уаиккой, уый. Чи зоны та ӕндӕр цӕуылдӕр цин кодта, бынтон ӕндӕр цӕуылдӕр. Дзахойы хъуыдымӕ ӕввахс чи нӕ ’рцӕудзӕн, ахӕм цӕуылдӕр. Стӕй йӕ арвыста Парсадан. Сӕ разы сын кӕрдоты тӕбӕгъ куы авӕрдта ӕмӕ йӕ кӕм ӕрӕвӕрдтаид, уый тыххӕй иннӕ тӕбӕгътыл рахӕц-бахӕц куыд кодта, афтӕ йӕм скасти уӕлӕмӕ, стӕй йӕм сдзырдта:

— Ныр ды ацу, Таизӕ. Изӕр у ныр ӕмӕ дӕ мадмӕ йӕ изӕры митӕм фӕкӕс. Мах ма абадӕм. Аныхӕстӕ ма кӕнӕм мах.

Ӕмӕ ацыди. Нӕ йӕ фӕндыд, афтӕмӕй ацыди. Нӕ йӕ фӕндыд, уый йӕ цыдыл дӕр зынди, йӕ дзыкку иу быдӕй йӕ нарӕг фӕсонтыл куыд базмӕл-базмӕл кодта, ууыл дӕр зынди. Уыдон кастысты йӕ фӕдыл, цыма йӕ исты хӕссынмӕ арвыстой, сӕттынӕй тынг тас кӕмӕн у, ахӕм исты хӕссынмӕ ӕмӕ йын цыма куы асӕтта, уымӕй тарстысты. Кастысты йӕм. Дзахо йӕ фӕдыл ӕргомыздӕхтӕй касти. Парсадан ӕмӕ Гадзо та — сӕ фӕйнӕ уӕхсчы сӕрты. Мӕнгагъуысты дуарӕй куы бахызт ӕмӕ йӕ фӕстӕ ӕнгом куы бахгӕдта дуар, уӕддӕр ма кастысты.

Дзахо зыдта — Таизæйы хъулон уарзтæй уарзта Парсадан. Йæ фыццаг зæнæг уыд æмæ æрæджиау фæзынд — Парсаданыл дыууиссæдз азмæ æвваxс цыди уæд. Æмæ йыл куыд нæ бацин кодтаид! Æмæ йын афтæ ахаста уыцы цин. Уыдæттæ-иу йæхæдæг дзырдта Парсадан. Уыдæттимæ-иу ын йæ царды хабæрттæн дæр цы нæ ракæнæн уыди! Бинонты кой бакæныныл афæстиат ис. Йæ тæккæ усгурыл куы уыд, уæд бацыди университетмæ. Уæды онг исдуг фыййау цыди сæ фосæн. Стæй, сæ фос колхозмæ дæттинаг куы фесты, уæд сфæнд кодтой, цæмæй ахуырмæ бацæуа. Уымæн æмæ йын хæдзары куыст нал уыди. Мæнæ колхозтæ аразын не ’рымысыдысты, уæд, æвæццæгæн, йæ цард-цæрæнбонты фыййау фæцыдаид. Йæ хистæр æфсымæр Калачы ахуыр кодта гимназы, уый йын цыдæртæ ацамыдта æмæ комкоммæ æвдæмтæм бацыди. Скъолайы рабæрæг — нымайыны предметæй йæ хъуыддаг хорз цыд. Фæлæ уыцы фыссыны уроктæ! Цал дзырды-иу ныффыстон, уал рæдыды-иу мын дзы уыд, — дзырдта-иу хъæрæй æмæ-иу хъæрæй худти. Скъолайы фæстæ — университет, физикæ æмæ математикæйы факультет.

Сæ факультеты кой-иу арæх кодта. Зын бахауæн æм уыд æмæ йæм алчи нæ хауд. Чи дзы ахуыр кодта, уыдон, искуы иу ма уæд, уыййеддæмæ уыдысты сахъат. Чызгæй дæр æмæ лæппуйæ дæр. Чи сæ йæ дыууæ синæй дæр къуылых цыд, чи сæ къуыпчъылдым уыд, кæмæн сæ йæ бæрзæй цыма йæ дыууæ уæхсчы астæу фидар ныцци. Хъазтизæртæ-йедтæм нæ цыдысты. Горæты уынгты атезгъо кæной сæ зæрдæйы дзæбæхæн уыдоны карæн лæппутæ ’мæ чызджытæ куыд фæкæнынц, афтæ — нæй, Хуыцауæй фæдзæхст уыдысты уыдæттæй. Æмдзæрæнæй сæ йæ къах ничи равæрдтаид. Уым гуыбырæй бадтысты сæ тетрæдтæ ’мæ сæ чингуытыл æмæ ма дунейы æндæр исты ис, тетрæдтæ æмæ чингуыты йеддæмæ, уый сæ, æвæццæгæн, рох дæр уыди.

— Æнæуи моладзандонæй уæлдай нæ уыди нæ факультет, цыма дунейы мидæг кæмдæриддæр сыгъдæгуд æмæ сыгъдæгзæрдæ зыдтой — уырдæм сæ æрæмбырд кодтой. Сæ иу иннæйы хъыджы ницæй тыххæй бацыдаид. Æмæ мæм уæд æрцыди уыцы хъуыды, фыццаг хатт мæм æрцыди уæд: цыма уæнгхъуаг адæм удæй æххæстдæр сты.

Уæддæр-ма-иу сын тæригъæд кодта уал æмæ уал азы фæстæ дæр. Æмæ ма, дам, нæлгоймаджы сахъат — гъо. Фæлæ, дам,

сылгоймаджы сахъат — цымæ ма, дам, арвæй зæххы ’хсæн уымæй тæригъæддæр исты ис!

Иу чызджы кой-иу дзы арæх кодта. Куыд æй æмбæрстой лæппутæ, афтæмæй йæ зæрдæмæ тынг цыди. Урсцъар, дам, уыди æмæ, дам, йæ урс цæсгомыл йæ цæстыты сау иу æнахуыр ивылд кодта æмæ, дам, æм бакæсæнтæ нæ уыд. Фæлæ йæ къах, йæ рахиз къах! Уыцы бæзджынбын дзабыр ыл дардта, уæддæр иу къахдзæф акæна, уый йæ бон нæ уыд æнæ лæдзæг. Кусынмæ йæ Къахетмæ арвыстой. Ахуыргæнæгæй куыста ирон хъæуы. Директорæй йæ æвæрдтой — нæ бакумдта, ахуыры хайады бынатмæ йæ кодтой — не сразы. Ахуыргæнæджы куыстыл ахуыр кодтон, уый у мæ дæсныйад. Æндæр дæсныйад мæм нæй. Афтæтæ-иу сын дзырдта.

Ахуыргæнæгæй æндæрхуызон ахуыргæнæг уыд. Иннæ ахуыргæнджытæ — уæлдайдæр хынцыны урочтæ чи амыдта, — уыдониу хъуамæ журналыл ныггуыбыр уыдаиккой æмæ-иу уырдыгæй фарстаиккой, æвзæр бæрæггæнæнтæ кæмæн ис, уыдоны, ома кæд сраст кæниккой се ’взæр бæрæггæнæнтæ — аргъуц кодтой скъолайы хицауадæй. Уый-иу гом нæ бакодта журнал. Æддиауæй-иу æй æрбаппæрста стъолмæ, стæй-иу бахудт æмæ-иу дзургæ бараст и мидæмæ:

— Цымæ, фæстаг хатт цæуыл ныхас кодтам? Ныр нын исчи ахæм хион куы разынид, æмæ нын æй нæ зæрдыл куы æрлæууын кæнид. Цæй-ма, чи нын разындзæн ахæм хион? — Афтæтæйедтæ-иу дзырдта, стæй иу йæ къух искæмæ фæдардтаид — ды! Æмæ-иу райдыдта урок. Æмæ-иу цыма урок нæ кодта, стæй ахуыргæнæг дæр нæ уыд, фæлæ-иу цыма æнæуи æрбауади, цæмæй иу-гыццыл семæ ахъаза. Æмæ-иу базмæлыдысты æгас къласы дзагæй: гъæтт, æз дæр дзы исты зæгъон, мæн дæр дзы исты фæуа! Сæ фест-фест, æмæ-иу сæ абад-абадæй нал æнцадысты. Ног урокмæ-иу куыд рахызтысты, уый-иу зонгæ дæр нæ бакодтой. Ныр урочы кæрон æрхæццæ и, уый та-иу куыд базыдта, куы нæ йæм сахат уыди, куы нæ ’ндæр! — уæддиу разæй чи бадти, уыдонæй искæмæ бадзырдта уыцы хъæлдзæг æмæ уыцы разæнгардæй:

— Урочы чи нæ уыди, уыдон фæнысан кæн, стæй бавдæл æмæ уымæн æмæ уымæн, — азылди-иу скъоладзаутыл, — ахæм æмæ ахæм бæрæггæнæн нывæр, уымæн æмæ уымæн та ахæм æмæ ахæм. Йæхæдæг-иу уæдмæ тамако систа, куыддæр

æддæмæ ахиза, афтæ йæ куыд сдыма, журнал-иу йæ дæларм акодта, дуарыл-иу ахæцыд йæ сынæгæй æмæ-иу уым уæле, сусхъæды бын исчи дзомсæй æфсæйнагыл ралæууыд. Æмæ-иу дисæн бахъуыдысты — куыд базоны, урок фæфæуы, уый?!.

Бирæ фæбадтысты уæд. Уым сыл æрталынг и. Сæ фынг дзæбæх нал æвзæрстой, куы йæ истой, уæд. Тæбæгътæй чи афтид уыд, кæм ма исты аззад, афтæмæй сæ 'рбахастой æртæйæ — тыргъмæ сæ слæвæрдтой. Стæй рацыдысты Гадзо æмæ Дзахо. Хидыхъусы онг иумæ ссыдысты. Уым фæхицæн сты: Гадзо уæлæмæ ацыд, Дзахо та хидыл бараст и — бахиза хидыл æмæ уым зæронд сисрæбынты ацæуа уалæ сæхи уынгмæ. Хиды астæумæ куы бахæццæ, уæд ныггуыпп кодта доны уæлцъар, æмæ лæугæйæ куыд аззади Дзахо, уый зонгæ дæр нæ бакодта. Дон, цыма дон нал уыди, мæнæ хъæуы астæуты цы дон цæуы, цалдæр куыройы нучы чи ауадзы йæхи, æмæ куырæйтты фыдтæ бон-изæрмæ æмæ æхсæв-бонмæ чи хыррытт-хыррытт кæнын кæны, уыцы дон, фæлæ уалæ арвы тыгъд дунейæ ракалди æмæ йæ уæлæ арвы рухс рахаста, уыйау æрттывта æмæ бæстæ арыдта уыцы æрттывды рухсæй. Хатт-иу фæсасти йе 'рттывд доны уæлцъарæн, æмæ-иу куыддæр фæсасти йе 'рттывд, афтæ-иу ныххæл-хæл кодта дон, æмæ-иу дзы фыццаг йæ хъустæ айдзаг сты уыцы хæл-хæлæй, стæй-иу дзы цыма æгасæй дæр дзаг кæнын байдыдта сæрæй къæхты бынмæ. Æмæ-иу зæххыл куы нал фæхæца, уымæй тæрсын байдыдта. Æмæ-иу уæд кæмдæр йæ зæрдæйы бын базмæлыд, æнахуыр хъарм кæмæй цыд, ахæм дзырдты бардз. Стæй-иу, дон куыд хæл-хæл кодта, афтæ кæрæдзийы фæдыл абадтысты уыцы дзырдтæ, цыма сын доны хæл-хæл амыдта, кæй сæ кæм абадын хъæуы, уый. Æмæ-иу сæ уæд уырдыгæй, йæ зæрдæйы рæбынæй исын райдыдта æмæ сæ дзырдта, цыма дзуарылæг уыди æмæ кувгæ кодта, уый хуызæн. Фыццаг-иу сæ йæхицæн дзырдта йæхинымæры æмæ сæм хъуыста æмæ сæ сгæрста æмæ-иу, уый куы базыдта — сæ бынæтты 'рбадтысты, уæд-иу сæ хъæрæй дæр загъта:

*— Хиды уæле дон цæхгæр фæсаджил и,*
*Фæлæ баззад иу хæстæй йæ зарæг.*
*Цом-ма, мæ бон, донбыл хуыртыл азилæм,*
*Чи зоны, дæ сæфт хъуссæг ыссарæм.*

Дзырдта сæ æмæ сæм хъуыста, кæддæра æмызмæлд кæнынц иумæ æмæ æмæмбæлд кæнынц кæрæдзиуыл. Дзырдта сæ æмæ-

иу сыл кæм фæкæлæгау кодта, кæм та-иу сыл æнæкъуылымпыйæ ахызти.

Æмæ-иу сыл дзæбæхæй куы ахызти, уæд-иу æм афтæ зынд, цыма доны уæлцъары  уыраугæ æрттывд æмæ йе 'гæнон хæлхæл æддæг мидæг ауадысты, иу баисты цыма. Æмæ змæлыди уыцы дзырдты бардз æмæ рæгъытæй бадти йæ зæрдæйы бын Дзахойæн.

*Хидыхъус дæ ризгæ къухæй 'рирвæзти*
*Æмæ айсæфт, хуырты 'хсæн фæтары.*
*Донычызг æй ссардта, дзурынц, уый фæстæ*
*Æмæ, дам, æй 'хсæвыгæтты дары.*

Стæй йæ цæстытæ 'рхæцыдысты донычызгыл — хидыхъусæй фæхицæн и, лæууыд. Бæрзонд, æнæуи сылгоймагæй бæрæг бæрзонддæр, йæ уæлæ урс-урсид разгом къаба, Сатанайы къабайы хуызæн. Йæ рахиз хъусыл æрттиваг хъуссæг. Судзы хъуссæг, — куы сырх тæмæн калы, куы — цъæх-цъæхид тæмæн. Афтæмæй фæцæуы, йæ къах кæм æрæвæры, уым сгуыпп кæны доны уæлцъар, йæ пихуылæйттæ фæйнæрдæм атæхынц.

*Фæлæ дæм мæ дард балцæй куы æртæхын, —*
*'Рымысын дæ Иры хæхтау, м'амонд. —*
*Гъеуæд мæм налхъуыт-налмасы æртæхау*
*Хидыхъус цы ферттивы, зæгъ-ма мын?*

Иуафон бахызти хидыл, куыд бахызт, уый не 'рхъуыды кодта. Æмæ сисрæбынты фæцæйцыд. Уый сисрæбынты цыди, донычызг та — доны уæлцъарыл. Цыди æмæ цыди уыцы æнæфæцудгæ цыдæй. Æмæ æрлæууыди Дзахо æмæ йæм касти.

Стæй лæууыди сæ хæдзары раз Дзахо. Хæдзарæй рухс нæ цыд, бæрæг уыд — мад æмæ фыд бадгæ нал кодтой. Ныр хъуамæ тыргъы дуар бакодтаид, бахызтаид тыргъмæ, рухс ссыгътаид. Фæлæ нæ бахæцыд тыргъы дуарыл: уыцы æрвон рухсы фæстæ зæххон рухс йæ цæсты ницуал ахадыдта. Æмæ йæ мидбынат æрзылди, æрзылди йæ мидбынат æмæ йæ фæд-йæ фæд араст и фæстæмæ донмыбылмæ. Донмæ нæма бахæццæ, афтæ ауыдта: æрдæбон донычызг уæлæмæ кæуылты фæцæйцыд, ууылты дæлæмæ æрцæйцыд Таизæ. Доны урс æрттывдæй йæ сырх къаба бынтон сырх-сырхид адардта æмæ чызг æгасæй дæр сырх пиллоны хуызæн зынди. Афтæмæй цыди дæлæмæ. Æмæ дис кодта Дзахо, — донычызг уæлæмæ куы цыди, уæд уый дæлæмæ цæмæн фæцæуы?! Стæй кæдæм фæцæуы?! Цæмæн фæцæуы?!

Уыцы сахат æм кæцæйдæр йæ зæрдæйы бынæй райхъуысти:

*Цом-ма, мæ бон, донбыл хуыртыл азилæм.*

Æмæ дзырдта, уыцы дзырдтæ кæрæдзийы фæдыл куыд абадтысты, афтæмæй. Дзырдта сæ æмæ касти Таизæйы фæдыл. Таизæ цыди æмæ куыд дæлдæр цыди, афтæ гыццылдæр кодта. Стæй иуафон бынтондæр ахуыссыд доны судзгæ уæлцъарыл йæ сырх пиллон.

## 7

Уæд фысджыты æмбырдмæ ацыди Мæскуымæ. Стыр æмбырд уыди Цæдисы фысджытæн, æмæ цалдæрæй ацыдысты. Сæхи фысджыты æмбырды сæ равзæрстой æмæ сæ арвыстой. Цы æхсæв ныххæццæ сты, уый райсом сæ уæладзыджы хæрæндонмæ бауадысты — аходæн акæной æмæ ацæуой æмбырдмæ. Адæм дзы дзæбæх баййæфтой — куыд нæ уыдаид хæрæндоны аходæнафон адæм? Сæ иутæ фынгтыл бадтысты æмæ гъæйттæй архайдтой сæ кæрдтæ 'мæ сæ къухыгтæй. Сæ иннæтæ, хæринæгтæ кæцæй истой, уыцырдæм батымбыл сты. Уыдон дæр балæууыдысты рады. Дзахоитæ дæр. Гæрæны сæрты мидæмæ кастысты — цы райсой! Цæуылдæрты фидыдтой, цæуылдæрты сæ чидæртæ нæ разы кодтой. Æмæ уæд кæстæртæй чидæр йæхи фæхицау кодта:

— Ацæут æмæ сбадут. Ам мæ бар уадзут. Кæннæуæд ам равзар-бавзарæн бахъæудзыстæм. Ацæут, Дзахо!

Цы уыди, куыд уыди, фæлæ цыдæрхуызон фæсабыр и хæрæндон, æмæ Дзахойы ном адæмы сæрты ма азила! Се 'ппæтмæ дæр, æвæццæгæн, фехъуыст. Æмæ разæй чи лæууыди рады, уыдонæй иу ацæргæ сылгоймаг куы разилид æмæ куы багуымгуым кæнид:

— Цы, дам, цы, дам?! Дзахо, дам?! — Уыйфæстæ йе 'ргом лæгтырдæм раздæхта æмæ йæ цæстытæ æрзылдта лæгтыл. Стæй рахызти радæй — нал бафæрæзта лæууын. Хæстæг балæууыд Дзахоитæм. — Кæд мæ мæ хъустæ нæ фæсайдтой, уæд уæ цыма чидæр кæмæдæр Дзахойы номæй бадзырдта.

Æмæ фесхъиудта Дзахо: уый зонгæ ныхас куы у! Бынтондæр зонгæ хъæлæс! Азылд сылгоймагмæ æмæ йæм кæсгæйæ баззад. Сылгоймагæн йæ хъуыр бæрзонд хæцыди йæхиуыл кофтæйы æфцæгготæй. Кæддæр æмдымбыл кæй уыди уыцы даргъ хъуыр, уый йыл нырмæ дæр бæрæг дардта. Йæ цæстыты уæл-

тъыфæлттæ се ’нæрхъæц æртъæпп-æртъæппæй нал æнцадысты. Æмæ уыцы ран иннæтæй фæхицæн сты цыдæрхуызон, цыма хъазт уыди уым æмæ кафынмæ рахызтысты. Æмæ — диссаг! Лæугæ чи кодта, уыдон сæм се ’ргæмттæ аздæхтой, фынгтыл чи бадт, уыдон та сæм сæ цæстытæ ныццарæзтой, сæ къухтæ æмæ се ’фсæртæ та се змæлынæй æрæнцадысты.

Уыдон лæууыдысты æмæ кастысты кæрæдзимæ, стæй æрæджиау базмæлыдысты сылгоймаджы нывылзылд былтæ æмæ цыма дзуарыбын лæууыд æмæ дзуарæй исты куырдта, уыйау загъта — фæрсгæ нæ бакодта, кæнæ та фæрсгæ дæр бакодта æмæ зæгъгæ дæр кодта:

— Дзахо дæ?!

Æмæ Дзахо дæр бафарста, æрмæст фæрсгæ нæ бакодта уый дæр, — фæрсгæ дæр бакодта, зæгъгæ дæр кодта:

— Рагнетæ дæ?!

Стæй кæрæдзимæ сæхи нæ баппæрстой. Алчи сæ куыд лæууыди, афтæ лæугæйæ баззади — сæ кæрæдзимæ дæрддзæф, афтæмæй кастысты кæрæдзимæ. Æмæ уæд та Дзахо базмæлыд раздæр.

— Æмæ кæцæй фæдæ? — Зæгъын æндæр исты хъуыд, фæлæ ма уыцы æдзæмæй лæууæг адæмы ’хсæн уый дзурын дæр куыд сфæрæзта?!

— Ды кæцæй фæдæ? — сылгоймаджы ныхас разæнгарддæр уыди æмæ хъазуатондæр.

— Æз — уырдыгæй, нæхицæй.

— Æз дæр — уырдыгæй, нæхицæй æз дæр.

— Æмæ цы ми кæныс ам?

— Ды цы ми кæныс ам?

— Æз мæнæ æмбырдмæ æрцыдтæн. Фысджыты æмбырдмæ æрцыдтæн æз.

— Æз дæр æмбырдмæ æрцыдтæн. Фысджыты æмбырдмæ æрцыдтæн æз дæр.

— Ды дæр фысджыты æмбырдмæ æрцыдтæ? Куыд æрцыдтæ ды та фысджыты æмбырдмæ?!

— Раст, ды куыддæриддæр æрцыдтæ, афтæ. Æмæ дис цæуыл кæныс, æви уе ’гъдау фысджыты æмбырдмæ цæуын дæр нæ амоны сылгоймагæн?!

— Мæнæ диссæгтæ! — йæ сæр фæйнæрдæм ахъаззаг ныттылдта Дзахо. — Стыр диссæгтæ мæнæ!

Изæры иумæ раздæхтысты уазæгдонмæ. Рагнетæ йæхæдæг кæм æрбынат кодта, уыцы хатæнмæ бацыдысты. Уым сын фынг æрæвæрдтой — Рагнетæ фæдзырдта ресторанмæ. Бадтысты фынджы фæйнæ фарс, кæрæдзийы комкоммæ. Кæрæдзимæ кастысты. Исдуг сын дзурын ницы уыйбæрц æнтысти. Æмæ-иу бахудтысты. Иумæ-нæ. Иугай. Куы-иу сæ иу бахудти, куы — се 'ннæ. Хъæлдзæг худт нæ, хъæрæй худт. Æнæуи афтæ, исты зæгъа, уымæ чи нæ фæцарæхсы, бахудын æнцондæр кæмæ фæкæсы, уый куыд бахуды, афтæ.

— Цæмæннæ мæ фæрсыс, фысджыты æмбырды цы ми кæнын, уымæй? — Куы та бахудти æмæ та куы фæлæууыд йæ худынæй, уæд бафарста Рагнетæ.

— Æз хъусын уарзын, — загъта Дзахо æмæ уый та ныр бахудти.

— Æмæ цæмæй байхъусай, уый тыххæй бафæрсын нæ хъæуы?

— Хъæуы, куыд нæ хъæуы! Фæлæ дын раст куы зæгъон, уæд тæрсгæ кæнын — мыййаг уыцы æрмифицаугæйæ иу риссаг ранмæ æвнæлд куы фæуон, уæд ма цы ми бакæндзынæн! Фæлтау ма дæхæдæг æмбаргæ райдай, æз та дæм хъусынтæ байдайон. Æз дæм афтæ дзæбæх хъусдзынæн, афтæ 'мæ дæ зæрдæйы зæгъинæгтæй иу нал фæуадздзынæ фæсте.

— Æмбаргæ райдай! Цыма æнцон у æмбаргæ райдайын! Уæдæмæ дæхицæн зын нæ кæныс.

— Нæ, ма зæгъ, æмбал фыссæг, дзурынæй хъусын æнцондæр нæу, зындæр цы у, уый йеддæмæ. Хъусын у зын, хъусын. Дзурын та цы хъæуы!

Рагнетæ йæ æрмттæ кæрæдзиуыл батъæпп кодта.

— Гъеныр ма хъусынæй зындæр исты баззади ацы дунейы! Уæдæ хъус, бафæраз уыцы зынæн. Нæ облæсты литературон журнал куы ныддæлæ-уæлæ кæнид æмæ хуыздæр радзырд ныффыссыныл конкурс куы расидид. Æхгæд конкурс. Бакастæн конкурсы хабæрттæ, æмæ уыцы æхсæв мæ цæстыты раз куы сыстид! Мæнæ мын æй цыма исчи нывгондæй æрæвæрдта мæ разы. Цы уыдтæн, уымæй анығъуылдтæн уыцы æхсæвы мидæг. Мæхи ма дзы фæтылиф кæнон, уый мæ бон нал уыд. Дзæгъæлтæ кæнын райдыдтон, хуыссæг ме 'мгæрæтты нал цыд. Стæй мæм бахъарыд — фыссын мæм цыд, дойныйæ чи мæла, уымæ дон нуазын куыд цæуа, афтæ мæм цыди фыссын. Уый диссаг нæу,

уымæй диссагдæр ма исты уа! Дæ цæрæнбонты дæ фæсонæрхæджы дæр макуы уа исты ныффыссын æмæ æвиппайды дæ хурхмæ суай фыссынмондагæй!

— Хатыр курын, фæлæ уый цавæр æхсæв уыд? Кæм уыди, кæм дыл æрцыди?

Рагнетæ кæл-кæлæй ныххудти.

— Уыцы æхсæв, уыцы! Суадæттыхъæуы мыл чи æрцыд, уыцы æхсæв, гъе! Æфсæйнаг хæтæлы куы амидæг стæм, уыцы æхсæв! Дымгæ-иу сæ куы смидæг и, уыцы æлхъывд дымгæ. Стæй-иу сæ куы агæпп кодта, уæд-иу уартæ хуссарыл йæ еу-додойæ куы нал æнцади.

Дзахойы цæстыл ауадысты уыцы ставд æфсæйнаг хæтæлтæ, фæрсæй-фæрстæм лæууыдысты атагъамæ ныццæуæны уыцы лæнчы. Цымæ цы фесты? Никуыуал сæ федта. Æвæццæгæн сæ авæрдтой былæй дæлæмæ къæвдайы сахатæ ныццæуæн куыд нал хæрой. Æнæферохгæнгæ дыууæ хæтæлы фæрсæй-фæрстæм лæууыдысты уым ныццæуæны. Лæууыдысты æмæ лæууыдысты. Уæдмæ куыд лæууыдысты, уый фæстæ дæр — афтæ цыма сæ иу нæ фæлæ се 'ннæйы уыцы къæвда изæр ничи амбæхсти. Ницы æрцыди цыма сæ иу нæ фæлæ се 'ннæйы мидæг.

— Сбадтæн. Фыссыныл сбадтæн. Гъо, æз цы хъизæмар бавзæрстон, фæлæ куыд адджын, куыд æхсызгон хъизæмар уыди! Æмæ дис кодтон — куыд цардтæн, куыд фæрæзтон æнæ уыцы хъизæмар?! Æхсæвтæ бонты ивæзтой сæхирдæм, бонтæ — æхсæвты, æмæ фæци фыст! Стыр нæ уыд — иу мыхуырон сыф дæр нæ уыди æххæст. Æмæ сæ хъæугæ дæр уыйас радзырдтæ кодта. Ныр æй æрвитын хъуыд, æмæ мæ гуырысхо йæ быны ма скæна — куы мыл фæхудой! Æхсæв-иу бонмæ фæфæнд кодтон — æрвитгæ! Бон та-иу ныббырыдтæн. Æвæццæгæн-иу мæ бонырухс мæхимæ æркæсын кодта. Стæй дын мæм иу хъуыды ма 'рцæуа, кæцæйдæр, дæлдон чи кæна денджызы, уымæ ирвæзынгæнæн тымбылæг куыд æрхауа кæцæйдæр, афтæ: чи мæ зоны æмæ мыл чи хъуамæ худа?! Худæд, йæ худынæй æппындæр мауал банцайæд! Схæцыдтæн ыл æмæ йæ арвыстон. — Рагнетæ комкоммæ бакаст Дзахомæ, — йæ ном дæр дын зæгъон?

— Радзырды ном?

— Радзырды ном, уæдæ нæ сыхæгты зæронд лæджы ном! Æниу йæ ном базонын дæхицæн дæр бæргæ зын нæу, æндæр

æй уайтагъд базонис, фæлæ ды æнæрхъуыды дæ, зонджын дæ, афтæмæй дæ зондæй де ’нæрхъуыды фылдæр у.

— Уæдæ ма мæ цы хурхæй марыс!

— «Уыцы дыууæ æфсæйнаг хæтæлы кæройнаг уынджы астæу».

— Уанцон нæу! — йæ бынатæй растæгау кодта Дзахо. — Æмæ уый йæхæдæг æнæхъæн уацмыс куы у, уыцы сæргонд. Йæ сусæг æвæрæнтæ дзы бæз-бæз куы кæнынц. Суадæттыхъæукаг ном! Æниу йе ’вæрæнтæ дæр суадæттыхъæуккаг æвæрæнтæ сты. Демæ нæй, мыййаг!

— Радзырд?

— Радзырд, радзырд, уæдæ цы?

— Нæй, — загъта Рагнетæ ’мæ бахудти. — Цæмæй йæ зыдтон, æмæ ды дæр ахæм фыссæг уыдзынæ æмæ дæ стыр æмбырдмæ рарвитдзысты.

— Стæй?

— Цы — стæй?

— Цы баци радзырд?

— Цы хъуамæ бауыдаид! — Рагнетæ йæ амонæн æнгуылдз фæтынг кодта æмæ йæ бавдыста Дзахомæ.

— Фыццаг преми, фыццаг?!

— Фыццаг преми, уæдæ дæсæм преми!

— Уанцон нæу?!

— Уæд æнцон уыди. Зын раздæр уыди.

— Æмæ уæд цæуылнæ хъусын кодтай уыйæппæт хорз хабæрттæ?

— Дæуæн — мæ хабæрттæ?! — Уазал æрттывд фæкодтой йæ цæстытæ Рагнетæйæн. — Æмæ ды ме знаг куы уыдтæ! Дæу тыххæй куы фæлыгъдтæн уæ Арчилимæ, дæ фыдæнæн. Уо, Хуыцау, ныббар мын мæ фыдгæнд! Йæ тæригъæд мын мæ фæдыл ма бафтау!

Арчилы коймæ Дзахо ныссабыр и. Кæмдæр цæмæйдæр тæхуды кодта Арчилмæ. Фæлæ ма, цымæ, афтæтæ та цæмæ дзуры?! Цы фыдгæнд хъуамæ бакодтаид? Цæй тæригъæды кой кæны! Бафæрса йæ, уый йæ йæ зæрдæ нæ куымдта. Рагнетæ ницы дзырдта. Уый нæ фæлæ йæм, цыма кæй загъта, уыдоныл дæр фæсмон æрцыд, ахæм сабыр ныцци, æмæ бадтысты сæ къаннæг фынджы фæйнæ фарс, кæрæдзийæн æцæгæлонæй, цыма, уый фынг нæ уыди сæ разы, фæлæ исты къуырма дзаума уыди, уазал сæм кæмæй цыди фæйнæрдæм. Æмæ базмæлыди Дзахо.

Фынгмæ нывнæлдта, Рагнетæйы агуывзæ систа, радта йæм æй, систа йæхи агуывзæ дæр, кæрæдзимæ сæ бахастой, баныдзæвыдысты кæрæдзийыл, сæ зыланг зына-нæзына фæцыд.

— Урокæй рацыдтæн. Ахуыргæнджыты бынаты нæ дæ. Ды дæр нæ дæ, Гадзо дæр нæй. Кæдæмдæр та ахæтыдыстут. Æддæмæ рацыдтæн — цыдæр маст мын мæ зæрдæ æхсыдта æмæ нæ æрбадын фæрæзтон, нæ — æрлæууын. Æрлæууыдтæн, уыцы тымбылсæр æфсæйнаг цы бæласыл ауыгъд уыд, уый бын. Фæйнæрдæм кæсын æмæ цы фæуон, уый нæ зонын. Бæласы бын лæууын нал фæразын. Фæстæмæ баздæхон ахуыргæнджыты бынатмæ, уый дæр мæ нæ фæнды. Уæдæ цы фæуон, цы фæкæнон мæхи! Уалынмæ дын уыцы чызг куы 'рбацæйцæуид мæ рæзты, уыцы скъоладзау чызг, йæ сырх къабайы. Цыма йын уазал уыд, йæ уæхсчытæ уый æлхъывд æрбакодта йæхимæ. Салам мын радта, мæ рæзты бахызт, уартæ сæ къласмæ бараст. Æз æм ницы сдзырдтон, мæнæн мæ бон дзурын нæ уыди, мæнмæ хыл кæнын цыди. Æмæ фездæхтæн чызгмæ: ай та цы сæрра и?! Ныр æй абæгънæг кæн æмæ йæ иу судзаг пысырайæ дзæбæх стæлмытæ кæн, уæд ын нæ хъæуы! Стæй та йын тæригъæд фæкодтон. Йæ фæдыл куы бацыдаин сæ къласмæ, афтæ мæ æрфæндыд. Йæ сæр ын мæхимæ куы 'рбакъул кодтаин æмæ йын афтæ куы хæцыдаин йæ сæрыл. Уалынмæ дын мæ цæстытæ куы 'рхæциккой Арчилыл — уартæ 'рбалæгæрды клубы æмбæрзты фæрсты йæ даргъ пъалтойы. Исдуг мæ маст мæ хъуыры абадт — уæдæ ма уый хъуаг уыдтæн! Кæдæм мæм æрбалæгæрды! Мæ цæстытæ ацахстой уыцы тымбыл æфсæйнаг. Ныр æй ратон бæласы хихæй æмæ йын æй йæ тæккæ уæлæ ныздух, змæлгæ дæр куыд нæуал скæна. Уый цæуы, æз лæууын. Æмæ дын уыцы лæугæ-лæууын зæрдæхæлд ма фæуон! Рацæуæд-ма, рацæуæд! Мæ сæры астæу цыдæр зæлланг фæцыд æмæ суанг мæ зæвæттæм ацыд уыцы зæлланг: ацæуон Арчилимæ! Алидзон ардыгæй! Мæнæ ацы тæккæ ранæй араст уон, мæнæ ацы бæласы бынæй. Уадз æмæ цинæй амæла Арчил дæ фыдæнæн. Йæхи мын кæдæй нырмæ хъардта! Рафардæг дæн. Уый дæр нал баздæхт йæ фатермæ, Арчил дæр. Уыдæттыл ма уыди! Фырцинæй æрратæ кодта. Мæхæдæг дæр фæцæрдæгдæр дæн. Кæд, дæуæн маст кæй уыдзæн мæ ацыд, уый мæ базмæлын кодта? Горæты уазæгдонмæ бацыдыстæм. Рестораны нæ хæринæгты тæбæгътæ азмæстытæ кодтам æмæ схызтыстæм нæ

хатæнмæ. Ды, дам, дæхи æруадз, æз, дам, мæхи асатæг кæнон цыхцырæджы бын. Ацыди найæнмæ. Æз — æнæсæрымагъз, раластон мæ гæрстæ æмæ уыцы фæтæн, дыуæ уды сынтæгыл ауагътон мæхи. Уæдмæ фездæхти Арчил. Йæ сæры хуылыдзтæ сæрфы хисæрфæнæй. Ныртæккæ фæуыдзæн сæрфт йæ сæр, йæ хæлаф фелвасдзæн æмæ хъæццулы бын алæсдзæн мæ фарсмæ. Мæ тæккæ фарсмæ! Стæй мæ хъуамæ ’рбахъæбыс кæна, стæй мын хъуамæ мæ дæллагхъуыр æнæрхъæц зыд улæфтытæ кæнын сиса — уый, Арчил, ды — нæ, фæлæ Арчил. Æмæ фесхъиудтон мæ бынаты.

— Нæгъ! — Мæ хъæр куыд фæцыд — ницы йын базыдтон. Æрмæст ын йæ азæлд ацахстой мæ хъустæ. Сынтæгæй куыд расхъиудтон — нæ йæ хъуыды кæнын. Мæ гæрстæй кæй кæнгæ акодтон, кæй мæ къухты раскъæфтон æмæ федде дæн. Уазæгдоны дурын асинтыл æррайы хуызæнæй куыд æрцæйзгъордтон, уый уайы мæ цæстытыл. Уо, уыцы фыдракæнд! Цымæ мæ цæргæ-цæрæнбонты мæ уæрджытыл куы фæлæууон, уæддæр ссыгъдæг уаин уыцы тæригъæдæй?! Афтæ фæфыдæнхъæл кæн адæймаджы, афтæ æнæхъуаджы йын фæдæлгом-уæлгом кæн йæ цард æмæ йын æй афтæ æнæнхъæлæджы дæлгом-уæлгомæй фæуадз! Уо, уыцы æнæхъола æмæ æнæзæрдæ митæ!

Æмæ йæ бафарста Дзахо — йæхимæ æгæр мæсты кодта Рагнетæ — æмæ йæ уымæн бафарста:

— Ныр Стъараполы бæсты цæрыс?

Рагнетæ йæм бакаст. Æвæццæгæн ын бамбæрста йæ хинæйдзаг фарст. Æмæ йын, æвæццæгæн, æхсызгон уыди. Бахудти йæм. Йæ цæстытæ та йæм мæсты æрттывд фæкодтой.

— Æндæр дæ ницы хъæуы!

Дзахо йе ’рфгуытыл уæлæмæ схæцыд.

— Хæстæг уæм нæ лæууыдтæн, нæ, — мæн дард ацæуын хъуыд сымахæй — дæуæй дæр, Арчилæй дæр, иннæтæй дæр, æмæ дард ацыдтæн. Уымæй дарддæр ацæуæн мын нал уыд, æндæра уым дæр нæ ныллæууыдаин.

— Æмæ кæм ныллæууыдтæ уæддæр? — Йæ ныхæстыл ын æуууæндгæ дæр нæ кодта Дзахо æмæ йын сыл æууæндгæ дæр кодта.

— Дард Хурыскæсæны. Æмæ райсом хуры нæуджытæ мæн фæвæййынц, Æ-гъа!

— Уый кæд уыди?

— Сымахæй куы фæлыгътæн, уæд. Раст авд æмæ ссæдз азы размæ.

— Хъазгæ нæ кæныс, Рагнетæ?

— Хъазыны мæтæй мæлын.

— Стæй дзы кæимæ цæрыс дæ дард Хурыскæсæны, кæд нæ мæлыс хъазыны мæтæй, уæд?

— Кæимæ дзы цæрын, кæ, — Рагнетæ бахудти, цыдæр æнахуыр тæрк худт ныккодта æмæ йæ уыцы тæрк урæд фæкодта. — Базон-ма йæ.

Дзахойæн æхсызгон уыди, Рагнетæ афтæ кæй бахудти, уый. Афтæ кæй фæурæдта йæ худын, уый та йын хъыг уыди. Йæ цæстытæ йæм базылдта.

— Куыд æй базонон, хæйрæг фестон!

— Æндæр исчи йæ базонид, иу хæйрæг дæр нæ фестид, афтæмæй.

— Фæлæуу-ма, Рагнетæ, — тыхызмæлд бакодта йæ бадæны Дзахо, — Мæ сæр мын ма разилын кæн.

— Æмæ йын цæмæй тæрсыс дæ сæрæн, куы разила, уæд? Сæр тымбыл уымæн у æмæ хъуамæ зилгæ кæна.

— Ды ма уый дæр зæгъдзынæ ’мæ зилынæй стымбыл и.

— Чи зоны, афтæ дæр у.

— Зæгъ æй.

— Дæ хъустæ схъил кæн!

Дзахо йæм бакаст æмæ фестъæлфыд — Рагнетæ йæхи хуызæн нал уыд. Цы уыди, уымæй рухс фестади, афтæ зынди — ныртæккæ ссудздзæн æмæ нал банцайдзæн, цалынмæ бынтондæр басудза, уæдмæ. Æмæ йын Дзахо йæ цонгмæ бавнæлдта.

— Схъил кодтон мæ хъустæ, Рагнетæ!

— Уæдæ хъус дæ хъил хъустæй: мах цæрæм дыууæйæ. Æз æмæ мæхи Дзахо.

Дзахо бахудти. Уæлæнгай худт бакодта. Зондæй мæнæ-мæнæ фидар чи нæ вæййы, уый куыд бахуды, афтæ бахудти Дзахо. Уæлæнгай йæм фæкастысты Рагнетæйы хъазæн ныхæстæ æмæ уымæн бакодта уæлæнгай худт. Уæдæ цы хуызæн хъæзтытæ сты уыдон!

— Дыууæйæ цæрæм. Фыд нæй мæхи Дзахойæн. Йæ фыд далæ Кавказы хæхтæй æппæты стырдæр чи у, уымæй рахауд, геолог уыди æмæ. Æппæты стырдæр хох куы нæ уыдаид, кæцæй рахауди, уый, уæд нæ амардаид, ахæм хъайтарарæзт уыди.

Афтæтæ-иу ын дзырдтон, гыццыл куы уыди, уæд, æмæ-иу хуымæтæджы хъал ныцци йæ фыдæй!

— Æмæ удыгас у æнæуи йæ фыд? — бафарста Дзахо æмæ фынджы сæрты комкоммæ ныккаст Рагнетæмæ — ныр та кæддæра цы зæгъид.

— Удæгас у æнæуи.

— Удæгас, нæ? Уæдæ хорз. Æмæ уæд, æвæццæгæн, иумæ нæ цæрут?

— Иумæ нæ цæрæм. Иумæ куы цæриккам, уæд ма йын афтæтæ-йедтæ дзырдтаин?! Комкоммæ мæм ма кæс, кæннæуæд дæ фæрстытæ амцæф-уымцæфы фæрстытæ рауайынц.

— Мæхæдæг дæр æй хатын. Афтæ ’нхъæл дæ — нæ йæ хатын мæхæдæг? Хорз æй хатын. Фæлæ мæ уыдæтты мæт нал и. Æмæ хицæн аистут?

— Хицæн аистæм, уæдæ иу баистæм! — Бахудти та Рагнетæ. Æвæццæгæн та бынтон разыйæ нæ баззад Дзахойы фарстæй.

— Æмæ кæм и ныр?

— Чи кæм и?

— Йæ фыд?

— Кæй фыд? — худти æмæ худти Рагнетæ.

— Дæ лæппуйы фыд!

— Мæ лæппуйы фыд мæнæ мæ разы бады, æмæ йæ Хуыцау хынцфарст кæныныл бафтыдта.

Дзахо дæр та бахудти. Уыцы уæлæнгай худтæй та бахудти, стæй фæурæдта йæ худын.

— Гъеныр дын уыдон цы хуызæн хъæзтытæ сты!

— Уый, мæнæ дæ уалдзæджы чындзæхсæвмæ куы нæ фæхонæм, уæд базондзынæ, цы хуызæн хъæзтытæ мын сты, уый. Хъуамæ йын ирон чындзæхсæв скæнон — ирон лæппу у мæхи Дзахо, æмæ йын ирон чындзæхсæв кæнын, кæй цы хъæуы! — Рагнетæ бахудти, йæ цин æмæ йæ хин æддæг-мидæг кæм ауадысты, ахæм худтæй бахудти. — Стæй æнæуи дæр иу чындзæхсæвы иу дзæбæх Дзахо куы уа, уæд фаг у. Дыууæ Дзахойы дзы ницæмæн хъæуы. — Рагнетæ фæлæууыд, йæ цæстытæ хатæны къултыл цыдæр разæнгард рахæсс-бахæсс акодта, стæй та бахудти. Æмæ — диссаг! Бынтондæр, Суадæттыхъæуы-иу куыд бахудти, кæд нæ фæкаст Дзахомæ йæ бахудт афтæ, æмæ йæ зæрдæ базмæлыд. Æмæ æууæндын райдыдта Рагнетæйы ныхæстыл. Рагнетæ худти æмæ дзырдта худгæ-худын:

— Ævæццæгæн, уыцы æхсæвы нæрын æмæ цæхæр калын рахаста йæ æрдзы: лæппу нæу, фæлæ — саг. Ирвæзтытæ кæны. Афтæмæй зондæй та — уæзбын. Раст ды куыддæриддæр дæ — афтæ.

Дзахо йæ галстук суæгъд кодта, йæ хъуырыгънæг суагъта, бадти æмæ-иу йæ улæфт кæмдæр куы ферхæцыд, уæд-иу бахуыфæгау кодта.

— Аназ, Дзахо, æмæ ног куывд ракæ. Цы ракувын хъæуы, уый зоныс ныр.

— Фæлæуу æмæ, кæд афтæ уыди хъуыддаг, уæд ма куыд фæраст дæ Арчилимæ?! Искуы ма афтæ дæр æрцыди?!

— Кæм цы 'рцыди æмæ кæд цы не 'рцыди — уыдæттæ хынцын мæм нæ цыди уæд. Стæй мæ зæрдæйы рæбын гыццыл Дзахо базмæлдзæн, уый æнхъæл кæм уыдтæн! Цæмæй зыдтон, æмæ дæ иу баулæфт бæстæ афæлдахдзæн! Стæй йæ куы зыдтаин, уæддæр мæ мæ маст ма ахастаид! Ныр та Хуыцаумæ ууыл кувын, æмæ уыцы æхсæв Арчилимæ иу уатмæ кæй не 'рцыдтæн. Фæлидзыны ныфс æмæ мæм хъару кæй разынд. Мæнæ уыцы æхсæв Арчилимæ баззадтæн — цы ма фæуыдаин?! Ævæццæгæн, мæхи удæгас нал ныууагътаин.

Дзахо йæм йæ цæстытæ базылдта.

— Мæ лæппу! Ныр уымæй куы раст кæнин мæхи мæ цæсгомы раз. Дзахо мæхимæ кæй уыди, мæ зæрдæйы рæбын йæ зæрдæ тæпп-тæпп кæнын кæй райдыдта. Мæ фыдгæнд дæр уый тыххæй куы ныббарстон мæхицæн.

Стæй ныссабыр сты. Сæ гыццыл фынгмæ багуыбыр сты. Сæ сæртæ сæ риутыл æруагътой. Сæ цæстытæ фынгыл æрæнцадысты. Æрæнкъард и сæ фынг. Кæд сæ удтæ уыцы дард изæры балæууыдысты, Суадæттыхъæуы атагъамæ ныццæуæны уынджы хъæбæрыл цы дыууæ æфсæйнаг хæтæлы уыди, уыдонæй иуы мидæг сæ дыууæйыл цы адджын тæрккъæвда æрцыд, уый змæлдмæ хъуыстой?

— Ракув! — æрæджиау базмæлыд Рагнетæ.

— Ды ракув. Æз оммен зæгъдзынæн. Оммен нæлгоймаг фæкæны.

Рагнетæ фестад. Сыстад Дзахо дæр.

— Дзахойы цæрæнбон! Кæстæр Дзахойы. Адæмы 'хсæнмæ мын кад æмæ радæй цы рацæуа!

— Оммен! — загъта хъæрæй Дзахо. Сæ агуывзæтæ бакъуырцц

кодтой — сæ хъæлдзæг зæланг фæцыди сæ агуывзæтæн. Сæ былтæ кæрæдзимæ бахастой. Стæй арф ныуулæфыд Дзахо.

— Дард скæсæныбæсты цæрæг ирон Дзахо! Дзахойы фырт Дзахо! Мæнæ дуне куыд ныддæлæ-уæлæ кæнын зоны, мæнæ!

— Ныр Дзахойы уадз. Кæннæуæд афонмæ дæр къуырццытæ кæнын байдыдта мæхи Дзахо. Дæхи хабæрттæ ракæн.

— Афтæ мæ гыццыл бауадз, сабыр абадон. Кæд ыл мæ цæсты тигъ уæддæр схæцид исты амæлттæй, æмæ мæ цæстыл ауаид — цы хуызæн у?!

— Нæ дæ уадзын! Стæй ардыгæй соммæ куы фæбадай, уæддæр нæ ауайдзæн дæ цæстыл. Цæстыл чи ауайа, ахæм лæппу нæу. Уый æндæрхуызон лæппу у. Фæлтау ма зæгъ: уыцы чызджы нæ ракуырдтай?

— Кæцы чызджы? — фæуыргъуыйау и Дзахо.

— Уыцы гыццыл чызджы! Йæ сырх къабайау-иу йæхæдæг дæр сырх куы адардта, куы-иу дæ федта, уæд? Иууыл де 'рдæм цæуыныл архайдта, стæй йæм зынгæ дæр афтæ кодта, цыма де 'рдæм цæуы. Дæумæ цæуы, цыма.

Дзахойы цæстытæ барызтысты, стæй æрцъынд сты. Йæармытъæпæн йæ ныхыл айтыгъта, йе 'нгуылдзтæй йæ къæмисæнтæ 'рбалхъывта.

— Таизæйæ зæгъыс?

— Йæ ном мæ ферох и. Стæй йын кæд зонгæ дæр нæ кодтон йæ ном.

Дзахо йæ агуывзæмæ нывнæлдта, цыдæр рохзæрдæ ист æй скодта, стæй йæ фæстæмæ æрæвæрдта.

— Нæ йæ ракуырдтон. Кæм æй ракуырдтон.

— Цæмæннæ йæ ракуырдтай?

— Куыд æй ракуырдтаин?! Ахуыргæнджытæ се скъоладзауты курой, искуы ахæм æгъдау дæр ис?!

— Æмæ цæрæнбонты скъоладзау уыдаид?!

Дзахо ницуал загъта. Рагнетæ нæ сабыр кодта.

— Мæгуыр йæ бон — уый ма сæрра уыдаид!

Дзахо бадын нал бафæрæзта, сыстад, рудзынджы цурмæ бацыд. Бынæй далæ кæмдæр адæм цырæгъты рухсмæ дыууæрдæм рауай-бауай кодтой, мæлдзгуыты губакк куы фехала исчи, уæд уыдон куыд нæуал фæлæууынц сæ рауай-бауайæ, афтæ. Дзахо сæм каст. Нæдæр ын æхсызгон уыди, нæдæр — хъыг, кæй рауай-бауай кодтой, уый. Тæригъæд сын кодта —

ныр дæр чи рауай-бауай кæны æмæ та сом дæр афтæ рауай-бауай кæнын кæй хъæудзæн.

— Æмæ дæ, чи зоны, афтæмæй нæ ныууагътаин, уый куы нæ уыдаид, уæд. Уый тыххæй дæ ныууагътон. Æндæр-иу фæцæйхъавыдтæн. Фæцæй-иу цыдтæн уæ хæдзармæ. Худинаг уыдаид, чи зоны, фæлæ дæумæ куыд касти, афтæ бынтон нæ фæуыдаиккам худинаджы бын. Уæддæр дын тæригъæд кодтон, зын дын уыдаид æмæ дын тæригъæд кодтон. Уымæн дæр тæригъæд кодтон, уыцы цъæхæй рæгъæдæн дæр. Дæуæн иуæрдыгæй тæригъæд кодтон, уымæн иннæрдыгæй. Афтæмæй æз уыдтæн, — Рагнетæ бахудти, — Советон Цæдисы дыуух хатты тæригъæдгæнæг. Рæсугъд уыди уыцы æнæнтыст æмæ нæ батадаид йæ тæригъæд.

— Рæсугъд чи у, уый тæригъæд зындæр тайæн у?

— Рæсугъдæн йæ тæригъæд дæр рæсугъд у æмæ уыцы рæсугъдæй куыд хъуамæ батайа! — Уым цæхгæр фездæхта йæ ныхас Дзахомæ: — Гъомæ мæ цæуылнæ куырдтай? Цæмæй æвзæр ус дын уыдаин?! Ау, æндæр адæмыхаттæй кæй уыдтæн æмæ уын уе 'гъдæуттæ кæй нæ зыдтон, уый стыр Китайаг сис уыди?!

Æмæ уыцы ран рудзынджы раз лæууыди, афтæмæй йæхи куы бафæрсид, цыма йæ исчи фарста, уый хуызæн: æцæг, æцæг? Уæд ма искуы чи зоны сæмбæлдзæн Маизæйыл, стæй ма искуы ис Маизæ, уый зонгæ дæр куы нæ кодта! Уæд æй цæй тыххæй нæ ракуырдта? Кæд ыл йæхæдæг æгæр иттæг кæй уыди, æгæр æргом æм кæй дардта йæ зæрдæ, уый йæ исты джиз дардта! Адæймаг иучырæгон цæрæгойæ уæлдай нæу, стæй, чи зоны, иу чырæгонæй баззайа æмæ афтæмæй фесæфа — иу чырæгонæй. Уæдæ цас æнахъинон митæ бакæны йæ цæргæцæрæнбонты!

Зæгъгæ та кодта:

— Ацу æмæ мæ бафæрс! Æниу, цы 'рцæуы, уый хуыздæр у æмæ уымæн æрцæуы — афтæ нæ загъта иу зонды лæг? Куы дæ ракуырдтаин, уæд фыссæг не суыдаис. Фосмæ зылдаиккам, цæхæрадоны куыстаиккам, скъоламæ цыдаиккам, арахъхъ уагътаиккам, сыхбæсты хуыдтаиккам.

— Ды дæ тыппыр пъартфел рахæсс-бахæсс кодтаис. Фæлæ мæн уыдæтты мæт нæ уыд. Мæн хъуыдтæ ды, æмæ уый сæраппонд цы нæ бакодтаин, ахæмæй ницы уыд а дунейы.

Стæй фæсабыр сты. Дзахо лæууыди. Рагнетæ бадти. Иуафон йæ агуывзæ систа, рухсмæ дзы акасти, стæй йæ æрæвæрдта фæстæмæ.

— Хъуыды ма кæныс — иухатт æз æмæ ды бæласы бын куы лæууыдыстæм, æмæ уый сæ къласы дуарæй куы рахызти?

Дзахо йæ хъуыды кодта, куыд нæ йæ хъуыды кодта. Фæлæ ницы загъта. Æмæ йæхæдæг дзырдта Рагнетæ:

— Æвæццæгæн, рудзынгæй федта, мах иумæ лæууæм, уый, æмæ бадын нал бафæрæзта, æнцой нал зыдта йæ гыццыл уд. Ахуыргæнæгæй йæхи ракуырдта, æддæмæ рахызт, фæлæ цы йæ бон уыди æдде уыцы стыр дунейы стыр змæлды ныхмæ уыцы гыццыл удæн?! Æмæ, куыд рахызт дуарыл, афтæ йыл бахауд фæстæмæ. Уый цы мæгуыр æмæ цы тæригъæд уыди йæ сырх къабайы! Уый цы æнкъард ныв уыди! Тæхуды, уый равдисын дæ бон бауæд! Ныр мæ æрæджы æрæндæвтой уыцы хъуыддæгтæ, лæджы хур куыд æрæндава, йæ фæд-йæ фæд сау мигътæ тыфылкалгæ кæмæн цæуынц, уыцы хур. Райдыдтон радзырд фыссын, — йæ цæстытæ Дзахомæ фæцарæзта. — Гъеныр та ды уыцы радзырды ном дæр нæ зондзынæ. «Уыцы сырхкъаба чызг». Ды дæр дзы уыдзынæ. Мæхæдæг дæр дзы разын-разын кæндзынæн. — Уым Рагнетæ фæлæууыд, Дзахомæ фæцарæзта йæ цæстытæ. — Уый та дæ цы бауарзта, уый?! Кæд дын дæ пъартфел бауарзта?! Уыцы дымстæй-иу æй куы фæцæйхастай! Лæг-иу дын кæд тæригъæд нæ бакодта. Æниу — мæхæдæг! Цыма мæ цæрæнбонты дæу агуырдтон æмæ дæу агурынæй бафæлладтæн, уыйау цы ’рхаудтæн дæ разы, куы дæ федтон, уæд?! — Рагнетæ сыстад, рудзынджы цурмæ бацыд уый дæр. Йæхи бауагъта Дзахойыл. — Ауарз-ма мæ, Дзахо, ахъæбыс мæ кæн. Нагъ! Фæлæуу. Стæй цы фæци?

Дзахо йæм ницы сдзырдта, æмæ та йæ бафарста:

— Цы фæци стæй?

Дзахо арф ныууæлфыд.

— Цыдæр кодта. Фæхæццæ и. Йæ зонд фæхæццæ.

— Мæгуыр йæ гыццыл удыбонтæ фæуой! Æмæ йæ æз зыдтон — уый æвыдæй нæ баззайдзæн. Сыгъдæг уд хъæнтæ ’мæ цъæлтæ кæны. Чындзы дæр нæ ацыди?

— Нæ ацыди, кæм ацыди!

— Чындзы куы ацыдаид, уæд ын, чи зоны, уый исты феххуыс уыдаид. Ахæм рынчынтæн, дам, чындзы цæуын феххуыс вæййы.

— Чындзы ацæуыны хъомыс æм нал уыд. Скъола дæр куы нал фæци. Уыцы урокæй рацыди æмæ нал бакаст скъолайы къæсæрæй. Уым кодта, цы кодта, уый — уыцы урочы. Æмæ кæд мæ аххос уыди — уыцы мæт мæ зæрдæйы сагъдæй баззади æмæ мæ мæ риуы дзаг сулæфын нал суагъта.

— Кæцы урочы? — бафарста Рагнетæ, куыддæр фæлæууыд йæ ныхасæй Дзахо, афтæ.

Дзахо раздæхти Рагнетæмæ æмæ йæм æдзæм каст кодта. Ныр ын куыд схæца уыцы урочы кой кæныныл! Иу дзырд зæгъыныл дæр джитæнтæ куы сисы. Уым та цас и дзуринæгтæ! Уыцы урок фæстаг урок сси сæ дыууæйæн дæр, — уымæн дæр — Таизæйæн, æмæ йæхицæн дæр Дзахойæн. Æмæ та йæ зæрдæйы смидæг и уыцы урочы дудгæ рис æмæ дзы дудын райдыдта йæ зæрдæ. Уæд сын Къостайы нывты тыххæй радзурынмæ хъавыд — йæхи урок нæ уыди. Кæйдæр урок уыди æмæ. Къостайы нывты кой никуы и скъолаты, афтæмæй уыцы нывтæ нæ хæзнадоны хуыздæр хæзнатæ сты. Фыццаг сын, йæ мады ныв куыд скодта, уый радзырдтаид хъуамæ. Стæй та сын йæ зæрды уыд «Хъыггæнæг зæд»-ы кой ракæнын. Уый фæстæ иннæ нывтæм рахызтаид, фæлæ уыцы ныв, уыцы хъыггæнæг зæд! Куыд æм æрцыдаид уыцы ныв скæныны хъуыды, кæцæй йæм æрцыдаид?! Æвæццæгæн — уæлæрвтæй. Зæдтæ æрвон цæрджытæ сты, æмæ зæддон хъуыды дæр хъуамæ уырдыгæй цæуа, арвæй! Фæлæ йæм кæд арвæй æрцыди уыцы зæды ныв скæныны хъуыды, уæд-иу Дзахомæ Таизæйы хуызæн цæмæн касти уыцы зæд? Бынтон-иу æм нæ касти Таизæйы хуызæн, фæлæ цæмæйдæр уыди уæддæр Таизæйы хуызæн, кæнæ Таизæ йæхæдæг уыд зæды хуызæн. Æмæ цæмæй уыд зæды хуызæн Таизæ? Уый зæххон адæймаг куы уыди, чызг куы уыди, хуымæтæг скъоладзау чызг! Ау, зæдтæ адæмы хуызы бацæуынц, æви адæм сæхæдæг бацæуынц зæдты хуызы? Æви сæ сæ кæрæдзийы хуызты бацæуыны сæр ницæмæн хъæуы? Кæд иу сты зæдтæ æмæ адæм?

Чызджытæ сбадтысты, арфæ йын чи ракодта уыцы дыууæ чызджы. Уый уæддæр лæууыд. Уый æрдæбон дæр не сбадти, къласмæ куы бацыди, куы сыстадсты æмæ куы сбадтысты, уæд. Иннæтæ сбадтысты, уый не сбадт. Иунæгæй баззад лæугæйæ, цыма урок дзырдта, афтæ. Нæ фидыдта афтæ æдзæм лæугæйæ. Æмæ йæм бадзырдта Дзахо:

— Сбад.

Ӕмæ йæм куыддæр бадзырдта, афтæ ауыдта: йæ арм йæ ныхмæ схаста Таизæ. Йæ ныхыл æй бафæлдæхта æмæ бынтондæр зæды хуызæн фестади, уыцы хъыггæнæг зæды хуызæн. Ибон ма далæ сæ дæлбыл дæр афтæ фестади уый хуызæн, уыцы хъыггæнæг зæды хуызæн. Ӕмæ йæм комкоммæ кæсгæйæ аззади. Уæд ауыдта: йæ цæстытæ сыгæй сæ тæккæ дзаг уыдысты чызгæн, йæ цæстыхаутыл æртæх лыстæг фæрдгуытæй бадт, æмæ ризæг бахæцыд цæстыхаутыл — цыдæр æнæрхъæц æмæ æнæсхъæр ризæг. Йæ былтæ базмæлыдысты, афтæ æдæрсгæ базмæлыдысты, цыма зæххæй арвы æхсæн загъд цы нæма æрцыди, ныртæккæ уыцы æнæрцæугæ ныхас фæхицæн уыдзæн уыцы былтæй.

Ӕмæ сæм кæсынтыл фæци Дзахо. Стæй йæ йæхæдæг нæ бамбæрста, афтæмæй схъæр кодта:

— Цы кæныс?!

Ӕмæ йæм фæдардта уыцы кæуындзаст цæсгом чызг, цыма афтæ зæгъынмæ хъавыд: цы ма мæ фæрсыс? Ракæс æмæ йæ фен, цы кæнын, уый!

Куыд схъæр кодта, цæмæ схъæр кодта? Уый фæстæ йæ бауырныдта — адæймаджы бон ницы у ацы дунейы. Суанг ма йæхæдæг дæр нæу йæхи бар.

Уæд та лæууыд æмæ хъуыды кодта — йæ сæр куы нæ разилид æмæ куы нæ фæцудид йæ лæууæнæй. Афтæмæй уыдта — скъоладзаутæй чи сыстади, чи та æнæуи аздæхта йе 'ргом Таизæмæ.

Уый уæддæр лæууыд, цыма йæ се 'ппæт дæр куы федтаиккой, се 'ппæт дæр ын куы бакастаиккой йæ цæсгоммæ, уый тыххæй лæууыди. Стæй æваст схæкъуырцц кодта, йæ тъæпæн æрмттæй йæ цæсгом амбæрзта æмæ йæхи аппæрста комкоммæ дуармæ. Дуарыл сæмбæлд, йæ разы фегом и дуар. Ӕмæ куыд фегом и, афтæ фæстæмæ ахгæд и.

— Уæд чызг дæ, сывæллон чызг æмæ дæ алыварс акæс, кæдæм уæлæмæ ныджджыгъитт дæ?!.

— Ӕз дæр ын афтæ 'нхъæл уыдтæн — искæмæ фæкомкоммæ уыдзæн йæхи карæн лæппутæй, æмæ æз искуы йæ зæрдæйы згъуыды аззайдзынæн. Худгæ дæр ма-иу кæндзæни йæ митыл. Нæй, нæ рауад афтæ. Ӕндæр исчи афтæ бакодтаид, фæлæ уый æндæр искæй хуызæн нæ уыди. Ӕндæрхуызон чызг уыди Таизæ.

**8**

Æхсæв æмæ бон кæрæдзийæ хицæн кодтой, æмæ сын, æвæццæгæн, зын уыди, кæрæдзийæ кæй хицæн кодтой, уый. Уæдæ фæндаджы былгæрæтты уыцы алыгъæд кæрдæг уыцы ставд цæссыг цæмæн калдта? Ставд æмæ сыгъдæг цæссыг, джынасуйы æртахы хуызæн? Æмæ цæмæн рызтысты уыцы алыгъæд кæрдæджы хæлттæ сæ лыстæг рызтæй?!

Дзахо касти машинæйы рудзынгæй. Уыдта — дуне рухсæй рухсдæр кæны, æмæ цин кодта: рæхджы хур йæ был сдардзæн, æмæ уæд уый æппæт уæлвæзтæ 'мæ дæлвæзты ныггуыпп кæндзысты уыцы лыстæг цырæгътæ æрдзæтæ æмæ сæдæтæй, сæ мидæг схъаздзысты мин-мин ахорæны, æмæ дуне дзыхъхъынног фестдзæн.

Уæддæр дзы уыцы даргъ æхсæвы хæрхæцъа нæ хицæн кодта, йемæ цыди машинæйы мидæг æмæ йæ йæхимæ здæхта. Æнцад æрбадын æй нæ уагъта. Æмæ цæй дæргъæн æхсæв уыд, æмæ дзы цас змæлд уыди!

Хистæр разæй бадти шофыры фарсмæ, йæ сæр йæ риуыл æруагъта, æрфынæй. Йæ фарсмæ Дзахойæн — Гадзо, Гадзойы фаллаг фарс Дæццо, сæ хæрз сыхаг Дзахотæн. Цыдæр хъæлдзæг ныхæстæ кодтой, худтысты. Дзахо сæм нæ хъуыста. Æмæ сæм барæй æнæхъусгæ нæ уыди: нæ йæ æвдæлди уыдонмæ хъусынмæ. Иуæй æддæмæ касти, бон æрдзæм-æрдзæмгæнгæ куыд здæхти дунемæ, уымæ каст, иннæмæй — уыцы даргъ æхсæв! Иуæй кæмдæр мидæгæй цин кодта, кæй æрцыд æмæ кæй фæцæуы, ууыл, иннæмæй та дзы цæмæйдæр тыхсгæ дæр кодта, стæй, тæрсгæ дæр. Куы та-иу æм афтæ фæзынд, цыма дзы кæмдæр цыдæр баззади уыцы æхсæвы ракæ-бакæйы, ахъаззаджы цыдæр, æмæ-иу уæд иннæ хъуыддæгтæ иуварс аззадысты иууылдæр — цинæй дæр, тыхстæй дæр, тасæй дæр, æмæ-иу уыцы 'рдæм аздæхти йе 'ргом — кæм дзы цы баззадаид?! Стæй та-иу уыцы æмхæццæ дзолгъо-молгъойы фæхицæн уыцы лæппуйы хъæлæс — цыма йын карз фæдзæхст уыди, цæмæй бæзджын æхситт чи кæны, уыцы ныхæстæ ма дзура!

Уыдон уым бадтысты, бынæй мæнгагъуысты кæрон цы къанннæг цыппæрдигъон хатæн уыд, уым. Уæд дæр, фыццаг хатт сæм куы уыдысты Уæтæрбиимæ, уым куы бадтысты. Мад сæ уæлæмæ куы 'рвыста, уым бадын сæ куы нæ уагъта, æмæ та-иу ын йæ ныхæстæ хъазынмæ куы аздæхта Маизæ.

Сæ разы уыцы ныллæг фынг, сæ уæрджыты фæтасæнтæй гыццыл уæлдæр æххæсти. Уыцы лæппу, ноджы дыууæ чызджы æмæ Маизæ йæхæдæг. Иннæтæ уæле бадтысты стыр фынгыл, хæдзары дæргъæй-дæргъмæ тыргъы. Хатт-иу сæ хъæлдзæг ныхас стынг и, фынджы сæрты-иу арауылæн-бауылæн кодта æмæиу рабырста гом дуарыл. Уыдоны фынгмæ дæр-иу бахæццæ æмæ-иу фæсабыр и сæ гыццыл фынг.

Лæппу хистæрæн бадти, фынгæн йæ ныхмæ, йæ рахиз фарс — Дзахо иунæгæй. Фынгæн йæ галиу фарс уыдон æртæйæ — уыцы дыууæ чызджы фæрсæй-фæрстæм æмæ сæ дæле Маизæ. Йæ цæстытæ фынгмæ арæзт уыдысты Маизæйæн, фæлæ уынгæ, æвæццæгæн, ницы кодта, — нæ дæр-иу йæ бæзджын сау æрфгуытæ базмæлыдысты, нæ дæр — йе стыр цъæх цæстытæ. Уыцы æдзæм кастæй касти фынгмæ æмæ-иу йæ фындз куы стыр фæзынди Дзахомæ, куы та-иу æм нал фæзынди стыр. Æмæ-иу æм стыр куы нæуал фæзынди, уæддæр æй хатгæ кодта — стыргомау уыд йæ фындз. Стыргомау уыд, фæлæ йыл фидыдта. Æндæр фындз ыл афтæ не сфидыдтаид. Ницæй тыххæй йыл сфидыдтаид афтæ æндæр фындз. Æмæ кæйдæр хуызæн зынди афтæмæй Дзахомæ. Бæрæг кæйдæр хуызæн æм зынди æмæ йæм йæ фындзы тыххæй афтæ зынди бæрæг кæйдæр хуызæн. Фæлæ йæм кæй хуызæн зынди, уый æрхъуыды кæнын нæ фæрæзта. Æмæ йæ æрхъуыды кодтаид, куыд нæ йæ æрхъуыды кодтаид! Фæлæ уыцы лæппу! Кувгæ кодтаид, уæддæр уыцы бæзджын æхситгæнгæ ныхас, æнæуи исты дзырдтаид, уæддæр — афтæ.

— Ныр уый хуызæн хъызт æхсæв уыди, уый хуызæн, æмæ зæххыл иу рухсы цъыртт никуыцæй зынд. Исчи дын дæ цæсты судзгæ 'хсидав куы фæтъыстаид, уæддæр дæм уый дæ зæрдæ ма сдзурæд, æмæ йæ федтаис.

Челиаттаг уыдаид, уырдыгон адæмæй вæййы афтæ æхситгæнгæ дзурджытæ. Ахæм хабар дæр куы фæкæнынц, хъæлдзæг хабар, худыны тыххæй йæ фæкæнынц. Чи зоны, æрымысæггаг хабар дæр у. Цæвиттон, хæсты иу ран кæмдæр махуæттæ уæззау уавæры бахаудтой. Немыц сæ æгæр æрбалхъывтой æмæ, зæгъы, уæд махуæтты æхсæн челиаттаг куы разынид. Ныр куы фестид уыцы стыр лæг, йæ автомат куы фæхъил кæнид æмæ йæ ахъаззаджы хъæр куы фæцæуид.

— Нажад!

Йе 'мбæлттæ афтæ фенхъæлдтой размæ абырсынмæ сæм

сиды, «Нажать!» хъæр кæны. Æмæ фестадысты æмæ ныуура кодтой, æмæ сæ хъæлæсы ахастой знæгты. Уый фæстæ куы ’рфарстой, чи уыди ныббырст амидингæнæг, уæд бæгуыдæр, уымæй загътой æмæ, дам, ын Сырх стъалыйы орден йæ риуыл ныссагътой. Раджы фехъуыста уыцы худæджы хабар Дзахо, бирæ рæтты йæ радзырдта æмæ-иу худтысты. Йæхæдæг дæр-иу худти. Æрымысæггаг хабар уыдзæн, фæлæ йæ дзæбæх æрымысыд, чи йæ æрымысыд, уый. Худæг уымæй у.

Фæлæ уæддæр уый куыд æхситт кæнын кодта йæ алы дзырд дæр, ахæм дзы нæма ’рцыди, æвæццæгæн.

Уæддæр та фæуадзы дзургæ лæппуйы — чи уыдаид, Маизæ йæм кæй хуызæн зыны, уый?! Ахæм чидæр куы уыди, зонгæ чидæр, æввахс чидæр, йæ агурын дæр æхсызгон куы у! Æмæ та ахæцы агурыныл æмæ та уæд бакæсы Маизæмæ — куы йæм комкоммæ иу æхсгæ каст фæкæны, куы та йæм æнæуи бакæсы йæ цæсты кæронæй. Стæй та фæдзæгъæл вæййы агурынæй дæр æмæ та уыцы урочы балæууы. Кæд æмæ кæд уыди уыцы урок! Уый дæр уыдоны скъолайы ахуыр кодта, Суадæттыхъæуы скъолайы, Маизæ. Уым сæ хæстæджытæй кæмæдæр царди. Дзахо йæ уæды онг никуы федта. Уроктæ йын нæ уыди уыдоны къласы, фæлæ йæ æнæуи та куыд никуы федта!.. Æмæ сæм уæд куыддæр бахызт, афтæ йыл андæгъдысты йæ цæстытæ. Уыцы иунæг хатт уыди уыцы къласы, сæ ахуыргæнæг кæдæмдæр ацыд, æмæ йæ уый бæсты барвыстой.

Æмæ дис кодта Дзахо — нырмæ йæ куыд никуы федта! Уыцы бæзджын æрфгуытæ, уыцы цъæх цæстытæ, уыцы сау дзыкку! Иннæ чызджытæй йæм хистæр æмæ стырдæр фæзынд.

Рудзынджы раз бадти æмæ афтæ зынд — æддæмæ, уынгмæ здæхт сты йæ хъуыдытæ. Хъусгæ дæр уырдæм кæны, æддæмæ. Ам, мидæгæй бады ацы гыццыл къласы, æмæ уырдæм хъусы æддæмæ уыцы стыр дунемæ. Æмæ фæфæнд кодта Дзахо — цæй-ма, афæрса йæ, мæнæ сын цы æмдзæвгæйы кой кæны, уымæй йæ афæрса, кæддæра цы ми кæнид. Дзургæ-дзурын йæ цæстæнгас аздæхта чызгмæ, стæй йæм йæ къух дæр иу аив дард фæкодта. Æмæ фестади чызг, йæ цæстытæ базылдта Дзахомæ — йе стыр цъæх цæстытæ, æмæ фæстæмæ фæлæууыд Дзахо, цыма тæрсгæ фæкодта цæстытæй, уый хуызæн.

Уыцы цæстыфæныкъуылд гом рудзынгæй уадымс æрбаулæфыд, чызджы дзыккумæ февнæлдта, уæхсчы сæрты йæ аппæрста,

æмæ йæ риуыл æрхауди йæ дзыкку, уыцы ставд сау дзыкку. Чызг февнæлдта дзыккумæ, фæстæмæ йæ йæ фæсонтæм айсынмæ хъавыд, фæлæ, æвæццæгæн, фефсæрмы æмæ йæ нал айста. Афтæ йыл хæцгæйæ баззад. Æмæ дзырдта æмдзæвгæйы рæнхъытæ табугæнæгау Дзахо:

*Рагæй мын «ацу» дæ цæстæнгас дзуры,*
*Рагæй дæ кодтон мæ уындæй тæрсын;*
*Зонын, дæ зæрдæ куыд ризы мæ цуры, —*
*Хъусын ныр дæр ма йæ сусæг хъæрзын.*

Уым фæлæуууыди Дзахо. Ныр дзы афæрса чызджы. Уый та афтæ фенхъæлдта, уымæн æрлæууыд, йæ къух дæр æм уымæн бадардта æмæ йæ дарддæр уымæн дзурын кæны. Æмæ æнæнхъæлæджы ма райдайа йе 'нахуыр ризгæ хъæлæсæй:

*Гъеныр хæрзбон, мæ хур, нал мæ уындзынæ,*
*Дардмæ дæ хæддзуйы мацæмæй дом.*
*Райсом мæ цæстæнгас ферох кæндзынæ,*
*Ферох кæндзынæ иннæбон мæ ном.*

Чызг дзырдта, Дзахо хъуыста. Хъуыста Дзахо, æмæ йæм афтæ зынд, цыма уыцы рæнхъытимæ цыдæр саст зæлтæ тахти чызджы риуæй æмæ дис кодта — цæмæн хъуамæ уа саст зæлтæ уый хуызæн дзыккуджын æмæ æрфыгджын чызджы хъæлæсы?! Намæ уый дæр фæуæд, фæлæ йæм афтæ та цæмæн зынди, цыма йæм ныры хуызæн никуыма бахъарыди уыцы æмдзæвгæ? Цыма раст йæхи зæрдæйы равзæрди, цыма цæуинаг дæр йæхæдæг уыд уыцы дард фæндагыл. Йæ каст ма уыцы рæнхъытæм уыди — кæмæн сæ загътаид, уый нæ уыди, æмæ нырмæ дæр уымæн баззади ам. Кæд йæ дзыккуйыл дæр Маизæ уымæн хæцы — æвдисæн кæны йæ дзыкку, йæ ныхæстæ раст кæй сты, уымæн.

Æмæ йæ ницæмæйуал бафарста Дзахо. Афтæ баззади йæ хъуыдыйы — лæууы æмæ дзуры уыцы уæззау рæнхъытæ — уды æрхæндæгæй се 'дзаг чи уыди. Йæ дзыкку йæ риуыл æрхауд, æмæ йыл йæ къухæй хæцы — уыцы сау дзыккуйыл уыцы урс къухæй.

Бирæ фæлæууыд уыцы урок йæ зæрдыл Дзахойæн. Уæд сæ Бæрзыхъæуы скъоламæ арвыстой дыууæйæ. Уым иу ахуыргæнæг, йæ хорзы кой кæмæн ахъæр, уый гом урок лæвæрдта, цыбыр ныхасæй, урок куыд кæнын хъæуы, уый æвдыста. Дзахойы 'мбал Уæтæрби æрцæуæг ахуыргæнæг уыд, цæугæ дæр уыцы аз æркодта Суадæттыхъæумæ. Хъæлдзæг æмæ хъазаг лæппулæг — Дзахойæ иу-цалдæр азы хистæр уыдаид. Урочы

куы фæбадтысты, куы йæ равзæрстой, стæй фæссихор æддæмæ куы рацыдысты, уæд йæ разы æрлæууыд Дзахойæн.

— Мæ хо ам цæры, мæнæ хæстæг æмæ сæ абæрæг кæнæм.

Дзахо йыл йæ цæст æрхаста, фыццаг хатт кæй фенай, ууыл куыд æрхæссай дæ цæст, афтæ. Бæрзонд, бæзæрхыг, цыма ахуыргæнæджы куыстмæ æнæбары æрбахауд æмæ дзы цыма бирæ нæ афæстиат уыдзæн — уымæ æндæр хъуыддæгтæ кæсы, уæнгæй сархайын кæм хъæуы, ахæм хъуыддæгтæ, гъе! Йæ уæхсчытыл хæрдмæ схæцыд Дзахо, стæй нæма æруагъта йæ уæхсчытæ, афтæмæй загъта:

— Нæхимæ куы ацæуиккам, уæд хуыздæр нæ уаид?

Уæтæрби дæр схæцыд йæ уæхсчытыл.

— Кæд бирæ хуыздæр уаид, уæд ацæуæм нæхимæ дæр. Фæлæ, мыййаг, бирæ хуыздæр куы нæ уа. Ам ын базонæн нæй, цас хуыздæр уыдзæн, уымæн?

Дзахо бахудти.

— Куы батыхсын кæнæм кæйдæр адæмы.

— Тыхсын сæ нæ бауадздзыстæм. Куыддæр нын гал æргæвдынмæ бахъавой, афтæ сыл нæхи ныццæвдзыстæм æмæ сын сæ кæрдтæ сæ къухтæй акъахдзыстæм. Стæй-иу аргæвдæнт! — Уæтæрби дæр бахудти. — Хъазын хъазын у, фæлæ сæм мæнæн æнæ бауайгæ нæй. Мæ хо, уый куы базона, ам уыдтæн, уæд мæм Суадæттыхъæумæ дæр слæбурдзæн. Гъеныр дæ хистæр æмбалы иунæгæй куыд ауадздзынæ! Уæд та йæм искæй куыдз кауы сæрты рагæпп кодта æмæ йæ сурынтæ систа йæ разæй кæйдæр уынджы!

Æцæг хæстæг цардысты скъоламæ. Сæ хæдзар — даргъ, уынгмæ йæ чъылдым сыздæхта, уыцы даргъ чъылдымыл рæгърæгъы цалдæр рудзынджы. Хæдзары кæрон мæнгагъуыст, уый дæр — иумæйаг агъуысты бын. Уæтæрби, стыр кулдуары фарсмæ цы нарæг дуар уыд, ууыл бахæцыд.. Дуар æхгæд разынд. Уæтæрби йæ бахоста. Æмæ уайтагъд байгом и дуар. Æмæ дзы уыцы цъæх цæстыты цъæх рагуылф кодта. Афтæ рагуылф кодта, æмæ дуне цъæх-цъæхидæй аззади. Уæтæрбийæн йе 'фцæджы атыхст, стæй Дзахомæ йæ къух бадардта æмæ фестъæлфыд, къух йæхиуыл фæстæмæ фæхæцыд æмæ æндзыгæй аззади къух чызгæй Дзахойы 'хсæн.

Дзахо фембæрста — чызг фæтыхст æмæ хъуыддаг хъазынырдæм фездæхта. Чызджы къухмæ бавнæлдта, ныххæцыд ыл æмæ йæ нæма суагъта, афтæмæй бахудти.

— Йæ ном цы хуыйны, уыцы урочы цы æмдзæвгæйыл ныхас кодтам, уымæн?

— Хæрзбон, — бахудти чызг дæр æмæ худгæ-худын комкоммæ иу каст бакодта Дзахомæ.

— Уæд — хæрзбон, ныр та дæ бон хорз!

— Уæд — хæрзбон, ныр æгас цу! — Сæ ныхæстæ æмдзæвгæйы рæнхъыты хуызæн абадтысты фæрсæй-фæрстæм. Стæй фездæхти Уæтæрбимæ чызг: — Мидæмæ!

Ныр цыдæр æдзæм бадтæй бадти Маизæ, æмæ Дзахо тыхсти — цыма йыл нæ фидыдта уыцы æдзæм бадт, афтæ йæм зынд. Стæй цыма афтæ куы нæ бадид, фæлæ къуымты исты зилæнтæ куы кæнид, уæд тагъддæр æрхъуыды кæнид, кæй хуызæн æм зыны, уый. Цы йыл бафтыдта уыцы æдзæм бадт?! Кæд уыцы лæппуйы иудадзыг иувæлмон ныхасæй бафæлмæцыд?

— Ныр мæ кæрцæй дон сæх-сæх кæны фæйнæрдæм, мæ уæхсчытæ мын зæхмæ нылвæста, æмæ йæ хæссын нал фæразын. Уæддæр сæпп кæнын. Мæ цæстытæй уынгæ ницы кæнын, уæддæр сæ денджызырдæм ныццарæзтон — кæд мын уыцырдæм ахаста хъызт мæ дзуг!

Æвæццæгæн, колхозы фосимæ Хъызлары уыди кæддæр æмæ уыцы хабæрттæ кодта. Хъызлары хабæрттæ. Афтæ йæ 'мбæрста Дзахо. Бæстæтты йæм нæ хъуыста. Куыд æм хъуыстаид бæстæтты! Уымæ хъусынмæ куы нæ 'рцыди уалæ Суадæттыхъæуæй! Æнæуи дзæбæх дзырдта, æвзæр нæ дзырдта æнæуи. Дзæбæх, сабыр æвдæлон рæстæджы йæ цуры сбад æмæ йæм хъус! Хорз уаид уæд. «Челиаттаг уыдзæни» — ногæй та фæзынди йæ хъуыдыйы Дзахойæн. Уырдыгæттæй вæййы, ахæм бæзджын æхситгæнгæ чи фæдзуры, ахæмтæ. Фæлæ уæддæр чи уыдаид, кæй хуызæн æм зына Маизæ? Цыма йæ дзæбæх зоны, цыма йæ бирæ хæттыты федта. Федта йæ, фæлæ йæ хæстæгмæ нæ федта, æвæццæгæн, йæ ныхас дæр ын никуы фехъуыста, æвæццæгæн, æндæра йæ æрхъуыды кæнид. Ныхасмæ гæсгæ æнцон æрхъуыдыгæнæн у.

— Ныр сыджытыстæн мæ цæсгом цæхæртæ калы. Мæ хъæлæсæй уый хуызæн æхситт цæуы æмæ лæг загътаид...

Раст уыцы рæстæджы хатæны дуар фегом и, чидæр дзы йæ сæр фæтъыста, лæппу чи нал уыдаид æмæ лæг дæр бынтон чи нæма сси, ахæм чидæр. Фынг куы ауыдта, уæд фæстæмæ ахгæдта дуар æмæ æдде йæ гуым-гуым æрбайхъуыст, йæ зарыны гуым-гуым:

*Куыд кæндзынæн, цы кæндзынæн,*
*Æнæ дæу, амæттаг дын уон.*

Æмæ фестъæлфыд Дзахо, гыццыл ма бахъуыди, феста йæ бынатæй — æмæ уый Аннæйы ныв куы уыди! Цæлыккаты Аннæйы ныв куы уыди уый! Къоста йын цы ныв скодта, уый нæ. Æндæр, къамисæг кæй систа, ахæм, уым рауади Аннæ дæр ахæм бæзджынæрфыг. Стæй цыма йæ фындз егъаугомау уыди Аннæйæн дæр уыцы къамы.

Уо, Хуыцау дæ сараза, уыцы лæппу! Уæле чи бадти, тыргъы, уыдонæй уыдаид. Æвæццæгæн, бафæллад фынгыл бадынæй æмæ, уал ома мæхи аирхæфсон иу-гыццыл, стæй та ома ссæудзынæн мæ бынатмæ. Æмæ уал уыцы дуарæй бакаст, кæд дзы æвдæлон исчи уа, уæд йемæ аныхæстæ кæна. Тамако дæр адыма йемæ. Фæлæ дзы æвдæлон ничи разынд, æмæ уæд фæстæмæ ахгæдта дуар. Нæ 'мæ уыцы къамы афтæ рæсугъд нæу Аннæ. Рæсугъд æй йæхæдæг кæм скодта Къоста, уыцы нывы у. Кæмдæр цыдæр сисгæрон лæууы. Йæ цонг сисыл æрæвæрдта, йæ къух дзæбæх куыд зына, афтæ, æмæ йæ кæстæр æнгуылдзыл — къухдарæн. Нарæг къухдарæн æмæ уыцы нарæгæй худы чызджы кæстæр æнгуылдзыл. Уый тыххæй йæм йæхæдæг куы фыста Аннæмæ, далæ Херсонмæ хаст куы уыди, уæд уырдыгæй. Афтæ йæм фыста, дæ кæстæр æнгуылдзыл, дам, дын къухдарæн сныв кодтон.

Æрдæгæхсæвæй ахызт, фынгæй куы рабадтысты, уæд. Сæ фæдыл рагуылф кодтой сыхбæстæ. Фæйнæрдыгæй хъæрæй дзырдтой. Æвæццæгæн, талынг кæй уыд, уый тыххæй афтæ хъæрæй дзырдтой. Дзахо машинæйы сбадт æмæ куыддæр сбадт, афтæ йæм æрцыди уыцы хъуыды, фыццаг хатт æм æрцыди уæд — цыма дзы кæмдæр цыдæр баззади, байрох дзы и кæмдæр цыдæр! Уыцы æнахуыр хъуыды йæм афтæ бахъардта, æмæ машинæйæ рахиза, уыцы фæнд дæр æм фæзынд. Рахиза æмæ аракæс-бакæс кæна, кæд дзы кæмдæр цы баззад, ууыл йæ цæстытæ схæциккой. Æмæ хизгæ нæ ракодта, фæлæ тыхсти — кæм дзы цы баззадаид?!

Ныр сæ кæрты астæу лæууыд иунæгæй. Иннæтæн мидæгæй сæ дзолгъо-молгъо цыд фыд æмæ фыды 'фсымæримæ. Уый, æвæццæгæн, дысон ам баззад, фыды 'фсымæр. Æнхъæлмæ кастысты се 'рбацыдмæ: æгъдау афтæ амыдта. Ныр бахъæлдзæг сты. Уый лæууыди, Дзахо æмæ тыхсти: уæдæ дзы кæм цы баззадаид?

Йæ хъуыдыты дзæгъæлтæ кодта. Стæй йæ цæстытыл ауад — уыцы сыгъдæгæй ауад йæ цæстытыл, æмæ бацин кодта: лæуунц дыууæйæ Маизæимæ иу бæрз талайы цур. Талайы зæнг цонджы стæвдæн дæр нæма уыд æххæст. Æвæццæгæн æй нырма æрæджы ныссагътой. Фæлæ дзæбæх æрфидар, æрбынæттон ис. Йæ сыфтæртæ се 'мдзæгъдæй не 'нцадысты.

Уырдæм йæхи бафæндыд Маизæйæн, сывæллæтты паркмæ. Стыр паркмæ йæ нæ бафæндыди. Цæлгæнæны абадыныл не сразы и.

Уæд фынгыл фæбадтысты, цас бадинаг уыдысты, уымæй бирæ фылдæр. Æртæйæ бадтысты. Мад семæ не 'рбадти. Лæг æмæ лæппутæй хæдзары ничи уыд. Йæхæдæг уæливыхтæ ракодта Маизæ, цæхæрадонæй судзагхал æрбадавта. Уыцы гыццыл фынг хæринагæй айдзаг. Сæ кæрон гыццыл тымбыл дурын, хохаг зымы хуызæн. Мад сæ уæлæмæ æрвыста, хæдзармæ, дам, сæ акæн, дзырдта Маизæмæ. Уым, дам, абадут. Æмæ Маизæ бахудти.

— Куыд нæ, ныр нæ дыууæ уазæджы тыххæй куыд нæ байтындздзыстæм нæ галуанты дуæрттæ! Семæ искæй ракодтаиккой æмæ æрбадтаиккой уæле.

Æмæ бирæ фæбадтысты. Фæлмæн бадт фæкодтой, сабыр бадт, ныхæстæ дæр сæм куыд нæ рауадаид, кæрæдзиуыл чи бады, ахæм сабыр ныхæстæ! Стæй та-иу худгæ дæр бакодтой. Æргом-иу бахудтысты æртæйæ дæр иумæ, цыма-иу заргæ кодтой, уый хуызæн. Хъæлдзæг лæг уыди Уæтæрби, уый зыдта Дзахо, фæлæ ам бынтон сысырхта. Æмæ Дзахо æрсабыр, цыма уазал кодта æмæ хуры хъарммæ бафтыд, уый хуызæн.

Фынгæй куы сыстадысты, уæд Уæтæрби йæхи айста уыдонæй æмæ, мæнгагъуыстæй цæхæрадонмæ ахизæны цы курага бæлас уыд, уый бын ныхасыл схæцыд йæ хоимæ. Бæлас уыди тымбыл, цыма йæ æлвынгæ счынди, уый хуызæн. Кæмдæр ма йыл мидæгæй иугай гагатæ уыд, сыфтæрты 'хсæнты сæ сырх уадултæ радар-радар кодтой, цыма сæ кæрæдзиимæ гуыдзиццытæй хъазыдысты.

Уæтæрби цыдæр дзырдта: Маизæйы мад æм хъуыста æмæ та-иу йæ сæр разыйы æнкъуыст бакодта. Маизæйы хуызæн уыдаид чызгæй, — ахъуыды кодта Дзахо æмæ аздæхт Маизæмæ.

— Хорз цæрут, кæд æгæр хорз нæ цæрут, уæд. Уæ хæдзар — хорз, уæ кæрт — рæсугъд, уæ бæлас — аргъæутты бæлас, йæ быны — нæртон уырындыхъ. Цы ма вæййы! — Дзахо

Маизæмæ бакаст, йæ былалгъыл мидбылхудт ахъазыд. — Мæ къах мæ нал хæссы нæхимæ.

Маизæйæн йæ бæзджын æрфгуытæ фæтынг сты, йæ цъæх цæстытæ цыдæр æбæрæг æрттывд фæкодтой, фæпыррыкк кæна, уымæ йæ бирæ нал бахъуыд — фæурæдта йæ пыррыкк æмæ йæ арм йæ былтыл авæрдта.

— Бахатыр кæн!

— Хатыр курыны сæр дзы ницæмæн хъæуы, фæлæ цыдæр сцæйдзырдтай æмæ йæ зæгъ.

Маизæ йæ къух æриста æмæ та загъта:

— Бахатыр кæн!

— Зæгъ æй, кæннод æй æз зæгъдзынæн, — чызгмæ хæстæгдæр балæууыди Дзахо.

Æмæ йæм комкоммæ бакасти чызг.

— Цы зæгъдзынæ?

— Ды цы сцæйдзырдтай æмæ цы нал сдзырдтай, уый.

— Куыд æй зæгъдзынæ?

— Раст æй, ды куыддæриддæр сцæйдзырдтай, афтæ.

— Нæ йæ зæгъдзынæ, — йæ сæр батылдта чызг.

— Хæснаг кæнæм? — йæ къух æм бадардта Дзахо.

Æмæ бахудти Маизæ. Ацы хатт æргом худт бакодта.

— Нæ уæндыс хæснаг кæнын?

— Уæндын, — йæ худын нæма ’рсабыр и чызгæн. Йæ арммæ æркасти, стæй йæ афтæ тъæпæнæй бадардта лæппумæ.

— Уæдæ хъус: æз загътон, мæ къах мæ нал хæссы нæхимæ. Дæуæн де ’взагыл абадти: «æмæ ам лæуу».

Маизæйы къух фестъæлфыд, Дзахойы къухæй фелвæсти. Исдуг цы фæуа, уый нал зыдта къух, стæй афтæ тъæпæнæй цæстытыл андæгъди.

— Базыдтон æй?

— Дæумæ дæсныйы хинæдтæй цыдæр хæццæ кæны. Дæумæ дæсны фæрсынмæ ма цыдаиккой æмæ дæм уæззау хордзентæ ма хастаиккой фæрсæггаг. Æниу дæм, чи зоны, ныр дæр хæссынц.

— Уыдоны уадз æмæ хæссой. Фæлæ уыдонæй алчи йæхи бæсты хæссы. Дæ бæсты сæ ничи ницы ’рхæсдзæн — цы рамбылдтон, уый зæгъ.

Маизæ ницы дзырдта, афтæмæй йæ æмбæрста — исты зæгъын æй хъæуы. Фæлæ — цы?! Æмæ та-иу йæ бæзджын æрфгуытæй куы сæ иу базмæлыд, куы сæ — иннæ.

Дзахо Уæтæрбимæ бакаст — цæуыны фæнд æм нæма и? Æниу æм, цæуыны фæнд уа, уый йæ æппындæр нæ фæндыди. Æмæ йын æхсызгон уыд, æнцад-æнцойæ куы ныхас кодтой хо æмæ æфсымæр, уæд.

— Хорз, нал дын дзурын кæнын, цы рамбылдтон, уый æмæ мæм уый бæсты иу ныхасмæ байхъус. Цы зæгъон, уый дæ зæрдæмæ куы нæ фæцæуа, уæддæр æй ма равдис, уартæ уыцы дзæбæх хо æмæ æфсымæр куыд ницы рахатой, афтæ. Хорз? — Дзахо комкоммæ бакаст Маизæйы цæсгоммæ. — Сом нæ, фæлæ иннæбон Хуыцаубон у, Хуыцаубон та хонæн бон у æмæ кувæн бон. Гъемæ дæ Хуыцаубоны горæтмæ хонын. Дæ зæрдыл дар — нуазæн аздахын æмæ хонæг аздахынæй уæлдай нæй — уый, æхсæрфарс куы ныдздзæхст кæнай, уымæй фыддæр у.

Ныр лæууыдысты талайы фарсмæ æмæ афтæ зынд, цыма дыууæйæ нæ лæууыдысты, цыма æртæйæ лæууыдысты æмæ сæ цыма дыууæ стыртæ уыди, иу та — гыццыл.

— Мах кæрæдзийы рагæй зонæм. Мах цыппар азы зонæм кæрæдзийы, æнæхъæн цыппар азы, — дзырдта Дзахо æмæ йæ ныхас хъазгмхасæн ныхасы хуызæн зынд, афтæмæй кæмдæр мидæгæй та ризгæ кодта — ныхасы бæрн æй ризын кодта. Уыцы ризæг æддæмæ куы разына, уымæй тарст æмæ уыцы хъазгæмхасæн ныхасæй æмбæхсынмæ хъавыд, тыхсгæ кæй кæны, уый. — Æмæ цыппар азы цыппар мæйы не сты.

Маизæ йын йæ тыхст æмбæрста æмæ уый дæр хъазынарæзт кодта йæхи. Дзахо куы фæлæууыд, уæд загъта:

— Цыппар мæйы дæр не сты цыппар азы æмæ цыппар къуырийы дæр, — бахудти Маизæ.

— Не сты, нæ, — йæ сæр батылдта Дзахо.

Уым фыццаг йе ’рфгуытæ базмæлыдысты Маизæйæн, стæй йæ цæсты уæлтъыфæлттæ сæхи æруагътой дæлæмæ.

— Кæмæн цыппар азы сты, кæмæн — фондз.

Дзахо йæ тъæпæн æрмттæ кæрæдзимæ бахаста.

— Фондз азы та цы хуызы, цымæ? Æмæ кæмæн баисты, алæма, фондз азы?

— Цыппар кæмæн нæ уыдысты, уымæн.

— Æмæ цыппар кæмæн нæ уыдысты?

— Фондз кæмæн уыдысты, уымæн, — бахудти Маизæ. Бахудти та Дзахо дæр.

— Мæхи алыварс мæ æрзилын кодтай.

— Нæ, нæ дыууæйы алывæрсты зылдыстæм, — таламæ бавнæлдта Маизæ, йæ арм ын йæ зæнгыл æруагъта.

— Ды уыцы бон нæ бадардтай дæ зæрдыл. Фæлæ мæнæй нæ ферох æмæ мæ никуы ферох уыдзæни, æвæццæгæн. Уыцы бон бацыдтæн Суадæттыхъæумæ. Мæ фыдыхо уым царди, иунæгæй царди ’мæ æнæсæрæн хаста. Æмæ нæ бинонтæ бауынаффæ кодтой — æз уырдæм ацæуон. Уым ахуыр кæндзынæн, Дунатæмæ дæр кæсдзынæн. Уыцы кæттагсæр бæрзонд машинæ куы ’рлæууыд хъæуы астæу, æмæ йын чи йæ гуыффæйæ куы гæпп кодта, чи йын йæ цыбыр æфсæйнаг асиныл куы хызти чъылдымыздæхтæй, уæд мæ сæр мæ кой сси. Мæ чумæдан мæ къухы, афтæмæй куы иуæрдæм зилын, куы иннæрдæм зилын, фæлæ æрхизон, уымæн ницы амал арын. Уæд мæм ды сæвнæлдтай, мæ чумæдан мын айстай, иуварс æй æрæвæрдтай, стæй мæм Гадзоимæ уæ къухтæ сдардтат. Æз уын уæ къухтыл фæхæцыдтæн æмæ зæхмæ ратахтæн. Куы рацæйтахтæн зæхмæ, уæд дæм кæсгæйæ куы аззаин. Зæхмæ куыд æрхæццæ дæн, уый дæр нал базыдтон. Сымах, æвæццæгæн, горæтмæ цыдыстут, уым уый тыххæй лæууыдыстут. Цæмæй зыдтон уæд æмæ сымах ахуыргæнджытæ стут?! Фæлæ-иу мæ цæстытыл уадтæ, Дунатæйы къуымтæ-иу куы æфснайдтон, афтæмæй æмæ-иу тарстæн — куы никуыуал дæ фенон. Стæй дын мæ рудзынджы раз бадын уыцы бон, ахуыры фыццаг бон, æмæ дын уалæ ахуыргæнджытæ æрцæуынц, мах кълæстæ кæм уыдысты, уыцы агъуыстытæм. Мах кълæстæ, фæзæн йæ дæллаг фарс цы агъуыстытæ уыд, уым куы уыдысты — ныллæг æмæ тъæпæн агъуыстытæ. Æмæ ды дæр куы ’рцæйцæуис! Фестадтæн, фæстæмæ абадтæн, фæлæ нæ бафæрæзтон бадын, systадтæн æмæ афтæмæй кастæн, куыд æрцæйцæут, уымæ. Ды кæронæй цыдтæ, дæ пъартфел дæ къухы, æмæ мæ æрфæндыд, охх, куыд мæ æрфæндыд! Азгъор дæ размæ, дæ пъартфел дын райс дæ къухæй, хæсс æй, афтæмæй дæ фæрсты цу! Стæй ауыдтон: дæ фæрсты рог-рог уайы иу чызг-ахуыргæнæг, бакæсы дæм æмæ та цæугæ-цæуын бакъæцæл вæййы худæгæй. Æвæццæгæн ын ды исты худæг ныхæстæ кодтай. Æмæ йæм мæ маст рафыхти— цæмæн худти дæ ныхæстыл?! Фæлæ хъæцыдтæн. Афтæ мæм зынд — афтæ мæм цæмæн зынд, уый нæ зонын — цыма ды махмæ ’рбацæуидзынæ, махмæ дын уыдзæн урок, æмæ дæ æз уындзынæн, уый та дæ нæ уындзæни, æмæ дзы уымæй мæ маст райсдзынæн. Уалынмæ нæм

ды нæ, фæлæ уый йæхæдæг куы ’рбамидæг уаид, йæ худын йæ цæсгомыл нæма æрысыст, афтæмæй. Химийы ахуыргæнæг. Мæ уæнгæл ын федтон йæхицæй дæр, йæ химийæ дæр. Ды нæм уæддæр кæй не ’рбацыдтæ, стæй дын мах къласы кæй нæ уыд уроктæ — иууылдæр сæ уый аххос фæкодтон. Мæхæдæг рудзынджы раз фæбадтæн фæззæгæй уалдзæгмæ, цалынмæ нæм Лолитæ Адамы чызджы бæсты ’рбацыдтæ урок кæнынмæ, уæдмæ. Æмæ-иу дæумæ кастæн рудзынгæй, дæу-иу агуырдтон, ууыл мæхицæн дæр нæ састæн. Къласы чызджытæ-иу дис кодтой — мæ бынатæй куыд нæ стын! Æддæмæ-иу мæ кодтой семæ, мæ цæнгтæ дæр-иу мын ивæзтой, стæй мæ ныууагътой — сæ бон мæ базыдтой æмæ мæ ныууагътой. — Маизæ фæлæууыд йæ ныхасæй, лæг æнæзонгæ хъæды куыд фæцæйцæуа, стæй, куы фæдзæгъæл уа, уымæй куыд фæтæрса æмæ, куыд фæлæууа, афтæ, — æгæр бирæ фæдзырдта! Де ’вæрæнтæ иууылдæр куыд скалай! Бахудынмæ хъавыд, фæлæ худын фæндонæй кæд уыд! Куы нæ дæм цæуа худын, уæд куыд бахуддзынæ! Æмæ нæ бахудти. Йæ æрмттæ айтынг кодта, æркасти сæм, æмæ æддæгмидæг атъыста йæ къухтæ.

Дзахо бакасти Маизæйы къухтæм — сæ даргъ æнгуылдзты, сæ кæрæттыл урс-урсид сыгъдæг ныхтæ, лæг сæ йæхи федтаид, афтæ сыгъдæг уыдысты. Хорз фидыдтой уыцы урс ныхтæ уыцы æмдымбыл дæргъæй-дæргъмæ æнгуылдзты кæрæтты. Дзахо-иу таламæ бакаст, стæй та-иу йæ цæстытæ ’рбазылдта Маизæмæ — цæсты ахадыдта Маизæ. Бæрзондгомау, Дзахойæ бирæ ныллæгдæр нæ уыдаид. Нæдæр — къæсхуыр, нæдæр — хæрзхуыз. Цы игæрхуыз дæллаггуыр ыл уыд, уый йыл дзæбæх æмыдынгæй бадти. Йæ донхуыз кофтæйы бынтæ йæ мидæг ацыдысты дæллаггуыræн. Тæрттæ дзæбæх хæцыдысты æддæмæ.

Ацы бонты сæрзилæдждждын дугъ! Ныр Уæтæрбийы коммæ куы нæ бакастаид æмæ сæм куы нæ бацыдаид, уæд ацы уæлгом дуне дæлгоммæ нæ абадтаид?! Уый йæм æнхъæлмæ кастаид, уый та нæ зыдтаид, æнхъæлмæ йæм кæсы, уый. Цæмæй йæ зыдтаид?! Уымæй рох кæнын дæр байдыдта. Стæй, куы бафæлладаид æнхъæлмæ кæсынæй, уæд искæмæ фæцыдаид фæлладæй, æмæ йыл бон куы баизæр уыдаид æмæ йыл æхсæв куы æрцыдаид афтæмæй искæй хæдзары, уæд кæрæдзиуыл нæ сæмбæлдаиккой æмæ тæгæлтæ нæ фæхаудаиккой бон æмæ æхсæв?!

Æмæ йæ сæр фæйнæрдæм ныттылдта Дзахо, арф хуыдымæй чи сирвæзы, уый куыд ныттилы йæ сæр, афтæ.

— Адæймаг кæд нæ цæуы æрмифицаугæйæ. Царды стыр фæндагыл дæр æрмифицаугæйæ цæуы, æмæ цардгæрæтты æвæндаг рæтты дæр.

— Куыд æрмифицаугæйæ, ома? — бакасти йæм Маизæ æмæ бамбæрста: фæрсын æм цыд, бирæ цæмæйдæрты куы фарстаид Дзахойы, афтæ йæ фæндыд.

— Куыд цæуы, афтæ. Æмæ куы æрхуы галуантæм бадзæгъæл вæййы, куы та æнæдон быдырты фæсæпп-сæпп кæны йæ цæргæцæрæнбонты.

— Цыдæр ног ныхæстæ кæныс. Дзыхъхъынног ныхæстæ. Фæлæ мæнмæ та афтæ кæсы: адæймагыл куы сбон вæййы, уæд æнæзонгæ галуаны дуарæй бахизы.

— Мæнæ куыд дзæбæх загътай! — Зæрдиагæй бацин кодта Дзахо. — Гъемæ уыцы галуаны райдайы æрмифицаугæйæ цæуын. Æнæуи бон галуаны хуызæн у, рухс галуаны хуызæн, æнæзонгæ галуаны хуызæн.

— Бонтæ — галуантæ! — загъта Маизæ, цыма уыцы дыууæ дзырдæн иумæ цы хуызæн азæлд ис, уымæ байхъусынмæ хъавыди.

— Æмæ цæуынц бонтæ-галуантæ нæ иувæрсты, уыдон фæстæмæ цæуынц бонгай-галуангай, рæсугъд æмæ парахатæй лæгæрдынц, мах — размæ, гуыбыр-гуыбыры, цыма нæ цыдæр ахауд æмæ уый агурæм.

— Æмæ кæд уыдон дæр афтæ ’нхъæлынц — размæ уыдон цæуынц, бонтæ-галуантæ. Фæстæмæ та мах цæуæм.

— Куыдфæнды дæр æнхъæлæнт. Иу хъуыддаг бæрæг у — иннæрдæм цæуынц æмæ нын нæ ис нæ бон хæссынц семæ. Нæ удæртау нын хæссынц.

— Фæлæуу-ма, стæрсын мæ кодтай! Уанцон удæртау хаст нæу! Куыд æй хæссынц, кæдæм æй хæссынц?

— Кæцæй нæм нал раздæха, уырдæм.

— Æгæр сæ сфыдуд кодтай! Дзæбæх куы сты бонтæ-галуантæ! Бонтæ дæр дзæбæх сты æмæ æхсæвтæ дæр. Бон дæ куыстытæ бакæн, æхсæв дæ хъуыдыты балæуу! Хуыздæр ма цы уа!

— Æрмифицаугæйæ! Дæ куыстытæ дæр æрмифицаугæйæ кæн, дæ хъуыдыты дæр æрмифицаугæйæ зил! Æниу уыдон сæхæдæг дæр æрмифицаугæйæ цæуынц, дæ бон-галуантæ дæр æмæ де ’хсæв-лæгæттæ дæр. Æмæ се стырдæр фыдбылыз уый

мидæг ис, æмæ ахиздзæн дæ фæрсты, ахæсдзæн дын, цы дæм уа ахæссинаг, уый æмæ дæм фæстæмæ дæр нал фæкæсдзæн. Æрдзы æгъдæуттæй уымæй æгъатырдæр нæй. Цы æнæрхъуыды ныхас дæ сирвæзти, уый-ма бараст кæнай, уый фадат дын мауал уа! Цы æнарæхст къахдзæф акæнай, уый дын афтæ æнарæхстæй фæрахæсс-бахæсс кæндзысты семæ тъымы-тъыматы. Уый фæйнæрдæм кæй цæуынц — бонтæ 'мæ æхсæвтæ иуæрдæм, адæм — иннæрдæм, уымæн афтæ у. Иуæрдæм куы цæуиккой, уæд, æвæццæгæн, афтæ нæ уаид. — Дзахо та йæ сæр ныттылдта. — Цыдæр ныхас мыл бафтыди, цыдæр æнæджелбетт ныхас. Бахатыр кæн.

— Нæ, нæ, хорз ныхас у, — батагъд кодта Маизæ. — Æз дæм тынг зæрдæбынæй хъусын. Кæд дæ урокты дæр ахæм ныхæстæ фæкæныс, уæд æз ацæудзынæн Суадæттыхъæумæ, — бахудти Маизæ. — Уым дæ урокты баддзынæн æмæ дæм хъусдзынæн.

— Суадæттыхъæумæ æнæуи куы бацæуис, — бахудти Дзахо дæр æмæ фæсырх и. — Разгом къабаты куы бацæуис, ныхыдзуар куы бахæссис, уæд кæрæдзийы урокты бадиккам æз æмæ ды æмæ хъусиккам кæрæдзийы уроктæм.

Маизæ ницы загъта, йæ ныхмæ сæвнæлдта, йæ уырзтæ йыл сæвæрдта æмæ йæ цæстытæ зæхмæ æруагъта.

Ныр лæууыди кæрты астæу æмæ хатыдта — скъоламæ цæуын æй нæ фæндыд. Йе 'ппæт удыбонтæй йæ хатыдта æмæ дис кодта — уый цы у?! Афтæ куы никуы уыд, æмæ йæ скъоламæ цæуын ма фæнда. Ныр бацу, дæхиуыл дуар бахгæн, тынг æнгом æй бахгæн, стæй афтæ æд уæлæдарæс бахау диваныл, змæлгæ дæр мауал скæн, хуысс æмæ хуысс!

Фыццаг урок æм нæй, стæй фæд-фæдыл цыппар урочы, цыппар даргъ урочы! Кæд æмæ кæд хъуамæ фæуой — уартæ бонрæфты!

Æмæ хъуамæ сабаты ацыдаиккой. Куыддæр хистæр уазæг йæ райст-бавæрды дарæсы йæхи рацарæзта, афтæ йæ бинойнаг къултыл хизын райдыдта. Сыхбæстæ йæм фæдисы уадысты æмæ ма — цæй уазæг цыд æмæ цæй цыдæр! Рынчындонмæ йæ аскъæфтой æмæ йын уыцы изæр операци скодтой. Æмæ сын къуырисæры цæугæ æрцыд. Иуæй, дам, нæм сабаты æнхъæлмæ кастысты, æмæ, дам, худинаг у кæйдæр адæмæй. Уый сæ хистæр дзырдта афтæ. Иннæмæй та, дам, Хуыцауæхсæв æмæ Уастыр-

джийы æхсæвæй уæлдай нæй фарны хъуыддаджы фæдыл цæуынæн.

Бон дзæбæх æрбарухс и. Уасджытæ сæ уасын æмæ сæ базырты тъæпп-тъæппæй банцадысты. Уæдмæ, мидæгæй чи уыди, уыдон тыргъмæ рахызтысты. Фыд æмæ фыдыфсымæр дæр семæ. Æмæ та тыргъы æрхизæны дæр схæцыдысты ныхасыл.

Гадзо йæ уæлхъус балæууыди Дзахойæн.

— Цы, уый зоныс? Цом æмæ далæ Парсаданты бын уыцы малы нæхи нысхуыстытæ кæнæм, нæ хуыссæг дæр куыд фæлидза æмæ нæ фæллад дæр.

Дзахойæн йæ уæнгтæ барызтысты малы коймæ. Гадзомæ бакаст — кæд хъазгæ кæны. Уæдæ уанцон схуыстытæ нæу уыцы уазал доны æхсæвы дзæгæрæгæй!

— Хуыздæр ницы æрхъуыды кодтай?

— Æмæ уый æвзæр æрхъуыды у! Дыууæ сычъийы хуызæнæй куы сцæйцæуæм атагъайæ, нæ сæртæ бæрзонд куы сисæм æмæ фæйнæрдæм футтытæ куы кæнæм.

Дзахо бахудти сычъиты коймæ, афтæ сæ дыууæйыл чи ахæстаид, ахæм худтæй бахудти. Æмæ йæ Гадзо батагъд кодта:

— Цæй, цæй, цалынмæ адæм нæма базмæлыдысты, уæдмæ куыд фæдæле уæм.

— Стæй мæ пъартфел та?!

— Дæ пъартфел демæ рахæсс.

— Æмæ йæ дыууæрдæм рахæсс-бахæсс кæндзынæн?

— Æмæ йын цы у!

— Уæззау у.

— Гъемæ йæ дæлæмæ ды ныххæсс, хæрдмæ йæ æз схæсдзынæн.

Ацыдысты. Ахастой пъартфел дæр. Уым сæ ныууагътой ныхасгæнгæ фысымæй-уазæгæй. Цалынмæ афтечы дæле уыцы къулы фæуырдыг кодтой, уæдмæ æнæдзургæйæ фæцыдысты. Разæй — Гадзо, фæсте — Дзахо. Уым, уыцы къулныууайæны сæр æрлæууыд Гадзо, æмæ йæ Дзахо куы баййæфта, уæд йæ къух хуссармæ адардта.

— Куыд рæсугъд у, нæ фæлæ, хуссар! Ныр ууыл иу-дыууæ æмдзæвгæйы ма ныффысс! Йæ бур-рæгъæдæй сæлæт æфтауы, æлгъæд кæны лæджы, — дзуры Гадзо æмæ афтæ зыны — дзурын æм нæ цæуы, фæлæ йын æнæ дзургæ нæй. — Ныр ай хуызæн хуссæрттæ кæмæн нæй, уыцы хъæутæ дæр цæргæ

кæнынц?! Цæрдтытæй хъазынц? Уæдæ, хъæу уай æмæ дын хуссар ма уа! — загъта уыцы ныхæстæ, афтæ сæ загъта æртхъирæнгæнæджы хъæлæсæй æмæ фæуырдыг кодта. Дзахо лæугæйæ баззад: дæлæ уыцы æфсæйнаг хæтæлтæ! Фæрсæй-фæрстæм ныддæргъ сты дыууæйæ. Афтæ зыны, цыма бафæлладысты, сæ бон нал у хурæй-къæвдайæ уыцы ран дзыназын, æмæ ма гыццыл æнхъæлмæ кæсынц, хæрз гыццыл, стæй ахæцдзысты сæхиуыл æмæ зуыгъ-зуыгъгæнгæ далæ дæлбыл балæудзысты. Æмæ сæ бынат афтидæй аззайдзæн. Æмæ фæтæрсæгау кодта уыцы хъуыдыйæ Дзахо. Сæ бынат афтидæй куы аззайа, уæд ма цы уыдзæн сæ бынаты? Ницы? Куыд ницы?! Æмæ уыцы æхсæв та цы фæуыдзæн, тыгъдызæй куы сыстад æмæ тугуарæнтæ куы кодта! Уыдон сæ уæлхъус куы æрæййæфта дыууæйæ æмæ стæй сæ иуы, дæлæ ардыггаджы хуылфы куы амидæг сты дыууæйæ! Уыцы æхсæвы кой дæр нал фæзындзæн, хæтæлтæ сæ бынæттæй куы феггуырсой æмæ далæ донбыл куы абадой, уæд?!

Кæм и ныр Рагнетæ?! Кæдæм фæхæццæ, кæм æрæнцад?! Цы хуртæ уыны Арчилимæ? Кæд йæ зæрдæ ам баззади, мыййаг, кæд уый фыдæнæн фæраст и Арчилимæ, Дзахойы фыдæнæн?! Чердæм нæ ныззилдзæн сылгоймаджы зæрдæ, кæуылты ахизынмæ нæ рабæтдзæн йæ гæрзтæ!

— Фынæй ма бау, гъе уæлæ лæг! — Фехъуыст æм иуафон æмæ, цыма æцæг фынæй уыд æмæ хъал раци, уый ракæс-бакæс акодта фæйнæрдæм. Ауыдта Гадзойы — дæлæ лæууы уыцы дыууæ хæтæлы цур. Фæстæмæ кæсы, æмæ Дзахойы хъуыдыйы абадти: Гадзо нæ зоны, цæмæй зоны — уыцы тыхдымгæ ’мæ тыхуарынмæ бæстæ хъентæ-ментæ куы бадти, уæд уыдон ам кæй лæууыдысты дыууæйæ æмæ хæтæлы хуылфы кæй бамидæг сты, стæй дунейы хæлбурцъæй сæхи удты хæлбурцъ кæй фæтыхджындæр æмæ сæм дунейы хæлбурцъ кæй нал хъуысти хæтæлы хуылфмæ.

Сæ фæрсты ныххызтысты хæтæлтæн. Æмæ уым, фæсте чъылдымæрдыгæй цы дурджын зæнг æрцыди, ууыл рон æрбабæттæгау атыхсти нарæг къахвæндаг — суадоны фæндаг. Гадзо баздæхти къахвæндагыл. Дзахо дæр ыл баздæхти. Суадон уади урс-урсид хъæдын нукгондыл уыцы дурджын зæнджы хуылфæй, æмæ бынæй дуртыл цæппузыртæй тахт фæйнæрдæм. Гадзо цыхцырмæ йæ къухтæ бадардта, ауыæрста сæ, уый фæстæ дон анызта.

Дзахо лæугæйæ баззад. Атагъайы уарыд рухс. Хур нæма скаст, фæлæ хурыскæсæны хох урс адардта æмæ хохы урс сæрæй урс сыг рацыд. Згъæлди уыцы урс сыг атагъайы тъæпæнты æмæ-йæ зæланг цыд, йæ мынæг, йæ уайсадгæ зæланг. Æмæ дис кодта Дзахо — цæмæн афтæ зæланг кæна уыцы сыг? Кæд атагъа нырма афтид кæй уыди, æддагон хъæлæба дзы кæй нæма цыди, уымæн афтæ уыд? Хъуыста уыцы зæлангмæ æмæ йæм зынын райдыдта, цыма йæ сæ кæртæй Гадзо нæ ракодта, цыма йæм уым, кæрты куы лæууыд, уæд уырдæм байхъуыст ацы зæланг, йæхæдæг æй нæ базыдта, афтæмæй йæм байхъуысти æмæ йæ уый ракодта ардæм, уыцы зæланг.

Хатт-иу ныссабыр, йæ азæлд ма-иу цы баззад хъусты алыварс æндæр-иу йæхæдæг нал хъуысти зæланг. Стæй та-иу базмæлыди æмæ та-иу кæцæйдæр-кæцæйдæр гыццылгай-гыццылгай сыхъуысти уыцы алæмæттаг зæланг.

— Уæддæр дæ хъул сах куыд абадти! — æнæнхъæлæджы æрбайхъуыст Дзахомæ æмæ йæм афтæ фæзынд — уый уыцы зæлангæй равзæрдысты, уыцы зæланджы мидуынæры райгуырдысты уыцы ныхæстæ, уырдыгæй райхъуыстысты. — Уыцы цъæх цæстытæ, цыма дыууæ цæсты не сты, фæлæ дыууæ æнæбын цады сты, кæмдæр уæлхох зæххы арфæй чи сабузта. — Ноджы ма цыдæр дзурынмæ хъавыд Гадзо, бæрæг уыд йæ цæстæнгасыл, фæлæ Дзахо йæ къух хуссармæ адардта — нæ йæ фæндыд, ам Маизæйы цæстыты кой кæной, уый — æмæ загъта хъæрæй:

— Фарон уалæ уыцы уæлвæзы Майы бæрæгбон куы кодтам. Къухтыл цæуынæй мемæ куы быцæу кодтай æмæ дæ фæсте куы фæуагътон. Ферох дæ и?

— Æмæ дæуæй ферох и — дур куы æхстам æмæ йæ а лæппу дæуæй дыууæ санчъехы дарддæр куы ныддыввытт кодта, уый? — бахудти Гадзо.

Дзахо ницуал сдзырдта — сразы и йемæ. Маизæйы цæстыты кой мауал кæнæд, уыййеддæмæ йæ кæд фæнды — фондз санчъехы дарддæр зæгъæд!

Фæстæмæ куы здæхтысты, уæд дæр йæ ныхасы къуди нæ аскъуыд Гадзойæн. Дзырдта æмæ дзырдта æмæ та-иу лæугæ дæр æркодта. Æмæ та-иу æрлæууыди Дзахо дæр. Уазал доны фæстæ хур æхсызгон хъарм кодта уæнгтæ, æмæ-иу Дзахо куы ’рлæууыд Гадзойы фæстæ, уæд-иу æм цæуын нал цыд, афтæ куы лæууыдаид хуры хъæрммæ, уый йæ фæндыди.

— Уыцы дыууæ лæджы — уо, худæджы лæгтæ фæуат! Мæнæ цыма артисттæ уыдысты æмæ цыма хъазгæ кодтой, фынг дæр цыма æцæг фынг нæ уыд, фæлæ йыл цæмæй уыцы дыууæ лæджы хъазой, уый тыххæй арæзт уыд. Сæ иу — къæсхуыр æмæ æнæ дæндаг. Афтæ зынд, цыма йæ дæндæгтæ дæр йæ фыркъæсхуырæй азгъæлдысты. Иннæ — хæрзхуыз, тымбылсæр, дастсæр. Ныр а мæллæг чи у, уый дзы иуæй цыма аргъуц кодта, иннæмæй та дзы цыма хъазын йæ зæрды уыд, афтæ зынди. Æмæ йæ нуазæн дары хæрзхуыз лæгмæ фынджы сæрты. Дзуры йæм:

— Мæ нуазæн мын бануаз, Малак. Нуазæн аздахын æхсæрфарс ныцъцъыкк кæнынæй уæлдай куы нæ у, уæд мын цæмæ маст кæныс?

Лæг æм йæ хъус ницы 'рдардта. Мæллæг йæ тæнæг былтæ асдæрдтытæ кодта, стæй бахъавыд, бахъавыд æмæ куыддæр февдæлди хæрзхуызы, афтæ та йæм бадардта йæ агуывзæ.

— Дæумæ дзурын, Малак. Мæ нуазæн дæм дарын, æмæ мын аргъ скæн мæ нуазæнæн.

Æмæ йæм уæд йæ фæтæн риу бадардта стыр лæг.

— Гæррæтт, иу нуазæн вæййы фынгыл æмæ дын æй баныztон.

— Уæд дæ хæдзар — далысдон! — Æнæкъæрццæй срæцыгъта къæсхуыр лæг, йæ тæнæг былтæ худынызмæлд бакодтой, фæлæ сыл нæ разынд худын — куыд сыл разындаид уыцы тæнæг былтыл! Æмæ сæ уæд йе 'взагæй асдæрдтытæ кодта. Абадти, абадти æмæ та схæцыд агуывзæйыл. Æмæ та йæ бадардта фынджы сæрты. Лæг ыл йæ цæстытæ схъулæттæ кодта.

— Ай Маркъоз нæ дæ?!

— Маркъоз дæн, уæдæ Тъиракъоз дæн! — скъæрцц та кодта къæсхуыр.

— Арæби, баныztон дын дæ нуазæн. Мæ армытъæпæныл дæр ма куы фæдæлгом кодтон сыкъа æмæ афтæ дæр куы загътон: ай куыд афтид у, афтæ афтид уæд де знаджы хæдзар, уæд æй куыд нал хъуыды кæныс, æви дæ хъустæ хизынмæ уыдысты?! — Æвæццæгæн мæсты кæнын байдыдта, хæрзхуыз лæг чи уыди, уый.

Къæсхуыр фæлæууыд, афтæ зынд, цыма фæчъыдзых и уыцы ныхæстæй, фæлæ уайтагъд йæ хъуыр-хъуыр ма ссæуа!

— Мæ хъустæ хизынмæ уыдысты, сынæр цæгъдынмæ уыдысты, уый никæмæ хауы. Уыдысты хизынмæ мæ хъустæ уæдæ!

Уæд хæрзхуыз лæг рудзынджы дæлвæйнæгмæ аздæхт, уым

иннæ худты ’хсæнæй йæ худ систа. Тымбылзылд гуыдыны хуызæн худ, бадардта йæ къæсхуыр лæгмæ.

— Ай мæ худ нæу, Маркъоз? Дзуарыбынæй йæ рахæсдзынæн, куыд дын баныztон дæ нуазæн. Гъеныр дæр мæ нæ уадзыс мæ мæгуырыл?!

Дзахомæ хорз фæкаст уыцы лæгты загъд-замана, стæй йæ Гадзо афтæ хорз кæй бадардта йæ зæрдыл, уый дæр æм хорз фæкаст. Аргъауы лæгты хуызæттæ — сæ иу хæрзхуыз, тымбылсæрджын, се ’ннæ — къæсхуыр, тæнæгбыл.

— Стæй йæм ницуал сдзырдта, уыцы къæсхуыр чи уыди, уый?

— Цыдæр зæгъынмæ ма хъавыди — бæрæг ыл уыд, фæлæ сыл уæле хистæр рахъæр кодта, æмæ ницуал загъта. Уæддæр ма-иу йе ’взаг æрбасæрфтытæ кодта йæ тæнæг былтыл.

Уæдмæ, суадонмæ баздæхæнмæ схæццæ сты, æмæ йæ цыд фыццаг сабырдæр фæци Дзахойæн, стæй бынтондæр æрлæууыди. Кæмдæр дзы цыма цыдæр баззад! Йæ къæхтыбынмæ каст æмæ йæ цæстыты уæлтъыфæлттæ æртъæпп-æртъæпп кодта: кæм дзы цы баззадаид?! Сæхи кæм надтой, уым балæууыд йæ хъуыдыйы — ницы дзы баззади уым. Пъартфел æм уыд æмæ уæртæ Гадзойы къухы æрзæбул. Æндæр æм ницы уыд. Кæд дзы уым исты баззад, Бæрзыхъæуы? Æхсæв уыди, нуазгæтæйедтæ кодтой. Фæлæ йæм уым дæр ницы уыди. Æмæ дзы цы хъуамæ баззадаид уæд уым дæр! Уæдæ йыл цы бафтыд уыцы æнæхайыры хъуыды, кæцæй йæм æрцыд: цыдæр дзы баззади кæмдæр?!

Лæугæ кæны, уый æмбæрста, иунæгæй лæууы, уый дæр бафиппайдта æмæ базмæлыд: ацæуа! Гадзойы сæййафа. Æмæ куыддæр базмæлыд, афтæ ауыдта — уартæ Парсаданты цæхæрадоны былæй дæлæмæ уыцы тæссар-мæссар фæндагыл æрдугъ кæны Таизæ. Уынгæ йæ дзæбæх нæ кæны уырдыгæй уырдæм, фæлæ уæдæ æндæр чи хъуамæ уа! Сабыр цæуын æрмæст уый нæ зоны уыцы фæндагыл. Куы йæ сарæзтой, уæдæй нырмæ йыл нырма фæд-фæдыл дыууæ къахдзæфы сабыр нæ акодта, ирууыл, дугъ. Дæлæмæ дæр — дугъ, уæлæмæ дæр. Уæлæмæ зын дугъ кæнæн у, доны бедра йæ иу къухæй иннæмæ фæисы. Уæддæр ыл сабыр ацæуа, уый — нæй. Æмæ тынг фидауы, уыцы тæссæрттæ-мæссæртты куы ’рцæйдугъ кæны, уæд.

Ныр хуры фыццаг тынтæм сырх-сырхид мигъы фæскъауы хуызæн зынди. Цыма йæ уадымс раскъæфта, уым æй уæлбылæй

раскъæфта æмæ йæ дæлæмæ-дæлæмæ фæхæссы далæ суадæттырдæм.

Дзахо йæм кæсгæйæ баззади. Донмæ æрцæуы, æвæццæгæн, фæлæ уæд йæ бедра кæм и, йæ урс-урсид бедра? Æви йæм зынгæ нæ кæны йæ бедра — уырдыгæй уырдæм, æвæццæгæн. Уæдæ донмæ æнæ бедра цæмæн хъуамæ цæуа?!

Æрæджиау разылд Гадзомæ Дзахо. Уый уалæ хæтæлты сæр уыцы зæнгыл лæууы, йæ къухы Дзахойы пъартфел æмæ йæм цыма æппындæр нæ фидыдта йæ пъартфел Гадзомæ, афтæ йæм фæкаст. Æмæ атагъд кодта Дзахо — райса пъартфел, йæхæдæг æй ахæсса, фæлæ цыма дзæбæх цæуын нал арæхст, кæм-иу йæ къах истæуыл скъуырдта, кæм та-иу цыма цудгæ дæр фæкодта.

— Дæ зæрдæ-мæ зæрдæйы мæ фæстæ цæуы, — бахъуырхъуыр кодта Гадзо, куы йæм схæццæ и Дзахо, уæд. — Æмæ йын дунейы дзæбæх ныхæстæ фæкодтон. Гъеныр-иу схæр!

Дзахо йæм ницы сдзырдта.

Скъолайы фæзмæ куы схæццæ сты, уæд хур дзæбæх скасти. Фæзы кæрæтты хъахъхъæнджытау цы стыр сусхъæд бæлæстæ лæууыд, уыдоны парахат къалиутыл цыма сызгъæрин дон бапырх чындæуыд, уыйау æрттывтой, æмæ, кæй æрттывтой, уый цыма сæ кæрæдзийæн æвдисынмæ хъавыдысты, уый змæлд кодтой — уыцы уæздан æмæ тавицы змæлд. Æмæ сæ судзгæ цæнгтæ кæрæдзимæ бадар-бадар кодтой.

— Дысоны хабар читт-читтыл ма схæцай! — бадзырдта Дзахо Гадзомæ, æмæ бахудти Гадзо.

— Уый афонмæ Суадæттыхъæуæн сæ мыстытæ дæр зонынц.

Фæзы скъоладзаутæ къордтæ-къордтæй лæууыдысты. Уыдон се 'хсæнты цыдысты. Скъолайы схизæны цы тъæпæн дурын асин уыд, уый рæбын æрлæуууыдысты æмæ, куыддæр æрлæуууыдысты, афтæ, ахуыргæнджытæ кæм вæййынц, уыцы хатæны рудзынг рахостæуыд. Дзæбæх æй рахостæуыд, йæ дзинг-дзинг ссыди авгæн, æмæ кæсыныл фесты рудзынгмæ. Уым, мидæгæй йæ лæгуын сæр рудзынджы авгмæ комкоммæ ныццарæзта Бесæгъуыр, цыма йыл ранцайынмæ хъавыди æддæмæ, æмæ сын йæ æнгуылдзы къæдзæй амыдта — мидæмæ рауайут!

— Цы нæ кæна Песталоцци? — бахудти Гадзо. Хъазгæйæиу афтæ хуыдта Бесæгъуыры.

— Уроктæм нæ ма 'рвита, фыццаг уроктæм?! — йæ хъæлæс цыдæрхуызон æрхауд Дзахойæн. — Абабау! Æмæ мæхи уроктæм

куыд цæудзынæн, ууыл джитæнтæ куы кæнын. Фæлтау ма уым куы афæстиат уыдаиккам.

— Кæм, Бæрзыхъæуы?

— Донибыл дæлæ, уый дын Бæрзыхъæу æмæ фæрвыхъæу дæуæн дæр!

Бесæгъуыр сæ размæ фæци.

— Гъеныр сымах мæнæн стут мæ Уастырджитæ, мæ дыууæ къобор Уастырджийы, — загъта хъæрæй, стæй сæ астæу балæууыд, сæ цæнгтæм сын бавнæлдта æмæ сыл, уартæ рæбынæй йе стъол кæм лæууыд, уыцырдæм ахæцыд. Стъолмæ куы бахæццæ сты, уæд сæ суагъта æмæ стъолмæ багуыбыр. Уым стъолы уæлæ дæргъæй-дæргъмæ авджы бын дæргъæй-дæргъмæ гæххæттыл, йæ уæлæ  цыппæрдигъон хæххытæ, афтæмæй лæууыд урокты фæткæвæрд.

— Ды мын, Гадзо, ацæудзынæ — Бесæгъуыр йе ’нгуылдз ныццарæзта авгмæ, — мæнæ дæсæм «б» къласмæ. Уæтæрби ныммарди-ныссæфти — абон мæ ауадз. Йæ разы йын бæндæнтæ куы байтыгътаин, уæддæр æй нæ баурæдтаин: сæ сæрты асæррæтт ластаид!  Ды та мын, мæхи дзæбæх Дзахо, ацæудзынæ дæсæм «а» къласмæ æмæ дзы иу дæхи хуызæн дзæбæх урок скæндзынæ. — Бесæгъуыр раст слæууыд, йæ лæгуын сæрыл фыццаг йæ иу армытъæпæн æруагъта, стæй — иннæ.

Дзахойы уæнгтæ барызтысты — куыд ацæудзæн дæсæм «а» къласмæ æмæ дзы куыд скæндзæн иу дзæбæх урок! Абон æм урок дæр куы нæ ис уым! Æппындæр цæттæ куы нæ у, урок скæна, уымæ! Йæ къух ныххаста, стъолы уæлæ цы авг ныддæлгом и, уымæ æмæ йæхæдæг дæр не ’мбæрста, цытæ дзырдта, уый, афтæмæй загъта:

— Æмæ сæм дæлæ физикæйы урок куы и. Пъалайы урок сæм куы и дæлæ!

— Пъалайы урок сæм и, уый æз дæр зонын. Фæлæ Пъалайы хабар нæ фехъуыстай? Бæласæй нæ рахауд æмæ йæ фæрсчытæ нæ ныссаста?!

— Цæй бæласæй рахауд æмæ цæй фæрсчытæ ныссаста?! — Иуæй цыма фæрсгæ кодта, иннæмæй — бустæ бакодта, афтæ рауад йæ ныхас Дзахойæн.

Æмæ йæм цæхгæр ныззылди Бесæгъуыр.

— Сæхи бæласæй, сæ фæткъуы бæласæй, æндæр цæй бæласæй! Сæтгæ дæр — йæхи фæрсчытæ. Йæ рахиз фæрсчытæ.

Дыууæ дзы асасти, кæнæ дзы æртæ асасти, — уым фæурæдта йæ ныхас Бесæгъуыр, лæппутæм та фæйнæ касты бакодта. — Фæлæуут-ма, æмæ сымах кæм къутуйы бын бадтыстут?! Уæдæ знон изæр хъæу фæдисы куы фæцыди Пъаламæ, уæд сымах куыд ницы фехъуыстат?!

— Мах ам нæ уыдыстæм, — загъта Гадзо æмæ тамако сдымдта. Дзахо дæр афæнд кодта — сдыма уый дæр тамако, райса Гадзойæ æмæ — сдыма. Искуы иухатт-иу сдымдта. Фæлæ йæм тамакойы фæздæг сулæфа, уый ныфс дæр нæ разынд. Уæд гыццыл æддæдæр алæууыд æмæ уым загъта: йæхицæн загъта, æндæр æппындæр никæмæ дзырдта:

— Æппындæр мæ нæ фæнды урокмæ, ай диссаг нæу?!

— Фæнды дæ, фæнды! — хъæрæй йæм бадзырдта уырдæм Бесæгъуыр, æмæ уый дæр хъыг уыди Дзахойæн. Уæдæ уымæ куы ничи дзуры, уæд ма йын йæ мастыл цæхх цы кæны! Æмæ хъæрæй загъта уæд фыдæнæнгæнæгау:

— Нæ мæ фæнды!

— Æз та дын афтæ зæгъын, æмæ дæ фæнды! — нæ састи Бесæгъуыр. Æмæ та Дзахо дæр сцæйдзырдта цыдæр. Фæлæ йæ уый нал суагъта дзурын, Бесæгъуыр. — Стæй, нæ фехъуыстон, ма зæгъут: Знон изæрæй не 'фсин æмæ нæ чызг суадысты æмæ сæ къухтæ сæ дæлæрмтты кæм бакодтаиккой æмæ афтæмæй кæм рацыдаиккой нæ хæдзарæй.

— Æвæццæгæн, афтæ зæгъынмæ хъавыс — сæ дæлæрмтты тæбæгътæ уыди? — бадзырдта йæм Гадзо.

— Базыдтай йæ! — цæхгæр та ныззылд уымæ дæр Бесæгъуыр. — Тымбыл тæбæгътæ, мæнæ, амæй тымбылдæр тæбæгъæн гæнæн нал и, кæмæй фæзæгъынц, ахæм тæбæгътæ, гъе! Æмæ сыл мах дæр батымбыл уыдзыстæм мæнæ урокты фæстæ.

Уæдмæ ахуыргæнджытæ æмбырд кæнын байдыдтой. Дзахо ма уæддæр йæ зæрдæ дардта — чи зоны, æндæр исчи фæзына æмæ, чи зоны, уый арвита Бесæгъуыр дæсæм «а» къласмæ, æмæ, чи зоны, уый нал арвита.

Стæй цæуын байдыдтой ахуыргæнджытæ уроктæм. Уæд уый дæр райста журнал, йæ дæларм æй бакодта æмæ къæсæрæй ахызт. Дæсæм кълæстæ 'мæ фарæстæм кълæстæ уым ахуыр кодтой, уартæ зæронд агъуысты. Йæ бахизæны сусхъæды цонгыл дзæнгæрæджы бæсты уыцы тымбылсæр æфсæйнаг ауыгъд

кæмæн и, уым. Асины сæрмæ куы рахызт, уæд æрлæууыд: цы ми кæндзæн дæсæм «а» къласы? Цæй æмæ сын Къостайы нывты тыххæй радзура истытæ. Йæхæдæг цы зоны, уый сын радзура. Æмæ сын, йæхæдæг цы зоны, уый куы радзура, уæд сын уый фаг у.

Уым æй раййæфта Гадзо, асины сæр.

— Цæмæ ма лæууыс? — дзуры йæм.

— Ницæмæ лæууын. Цæмæ лæууын?!

— Уæдæ цæуылнæ цæуыс?

— Куыд нæ цæуын.

Стæй цыдысты. Сæ фæстæ ма чидæртæ цыди. Дыууæ чидæры уыдаиккой, уымæн æмæ фарæстæм кълæстæ дæр дыууæ уыдысты. Дыууæ къласы уыдысты æмæ сæм дыууæ ахуыргæнæджы цыдаид. Æмæ та рæздæхти урокмæ. Нывты тыххæй сын радзурдзæн, йæхæдæг цы зоны, уый сын радзурдзæн. Хъуамæ дæсæм кълæсты истытæ-истытæ зониккой Къостайы нывты тыххæй. Хъуамæ комкоммæ амынд цæуид уый. Уыцы ныв æмæ уыцы ныв уыцы æмæ уыцы къласы. Уыцы ныв та — уыцы къласы. Афтæмæй сæ кой æппындæр нæй, цыма Къоста нывгæнæг нæ уыд, цыма иу ныв дæр никуы скодта. Афтæмæй цы нывтæ сты! Æмæ йын дзы сæфгæ та цытæ фæкодта! Æмæ та йæ цæстытыл ауади уыцы ныв — хъыггæнæг зæд. Лæууы кæмдæр æбæрæг ран, хуымæтæг фæйнæджытæй кæй сарæзтæуыд, ахæм дзуары раз. Дзуары уæлæ — тымбылтыхт чи уыд, топтыхт, ахæм гæххæтт — йæ дæллаг кæрон йæхиуыл куыд схæцыд æмæ уæлæмæ куыд сысхъæл, уымæй дæр бæрæг у. Æвæццæгæн дзы евангелийæ истытæ фыст и. Йæ галиу къухæй хæцы дзуары рахиз фисыныл, йæ рахиз армытъæпæн йæ цæсгомыл æрбавæрдта, афтæ йæ æрбавæрдта, æмæ йæ рахиз уадул дæр фæци армы бын æмæ йæ рахиз цæст дæр. Фæлтау галиу цæст дæр куы фæуыдаид армы бын æмæ уыцы æнкъардæй куы нæ зынид. Цас хъыг дзы и, цас! Фæлæ, цымæ, цы хъыг бавзæрста! Цавæр маст ын æхсыдта йæ зæрдæйы уидæгтæ. Цæсгомæй, дам, Попова Аннæйы хуызæн у. Йæ цæсгом, дам, ын уый цæсгомы хуызæн скодта Къоста. Уый хъыг кастаид Поповты чызгмæ. Къоста йæ зæрдæмæ цыд, афтæмæй йын йæ хъæздыг бинонтæ йæ кой кæнын дæр нæ уагътой æнæхæдзар, æнæисбон Къостайæн. Гурмæ дæр æй уый тыххæй нæ арвыстой, цæмæй кæрæдзийы ма уыдтаикой Къостаимæ?!

Цыди æмæ цæугæ-цæуын касти зæдмæ. Æмæ йæм кæд нæ зынди Таизæйы хуызæн! Бынтондæр Таизæйы хуызæн. Æмæ фæлæууыд йæ цæуынæй. Куыд хъуамæ уа зæд Таизæйы хуызæн? Уый зæд куы у, хъыггæнæг зæд. Йæ хъыг зæххыл куы нæ цæуы. Уæд Таизæйы цы хъуыддаг и хъыг кæнынмæ?! Æппындæр æй ницы хъуыддаг и, хъыг кæна, уымæ. Нæ, нæ, нæу Таизæйы хуызæн. Уый зæд у, хъыггæнæг зæд, Таизæ та чызг у, скъоладзау чызг у Таизæ та нырма. Гыццыл æм, чи зоны, ис цыдæр Таизæйы хуызæнæй. Кæнæ та, чи зоны, Таизæмæ ис цыдæр уый хуызæнæй. Афтæ уыдзæни, афтæ. Уымæ ис цыдæр зæды хуызæнæй, Таизæмæ. Фæлæ йæм, цымæ, цы и зæды хуызæнæй?

Скъоладзаутæ фестадысты къласы дзагæй. Дзахо фæтыхсти. Уæддæр сыл йæ цæстытæ æрхаста. Дзурын сæм ницы сфæрæзта æмæ сбадтысты. Уый не сбадт. Лæууыд æмæ, йæ цæстыты уæлтъыфæлттæ æнахуыр æртъæпп-æртъæпп кодтой, афтæмæй касти Дзахомæ. Æмæ йæм афтæ кæсгæйæ бынтондæр зæды хуызæн фæзынди. Æмæ йæм кæсгæйæ аззади Дзахо дæр. Афтæ кастысты кæрæдзимæ. Стæй йæхи фембæрста Дзахо æмæ йæм бадзырдта:

— Сбад.

Уый уæддæр не сбадти. Уæд, фæстаг партætæй иуыл цы дыууæ чызджы бадт, уыдон æмыстад фæкодтой, алæууыдысты, сæ уадултæ басырх сты. Æмæ сæ иу загъта:

— Арфæ уын кæны нæ кълас, Дзахо Бардзины фырт, — æмæ фæлæууыди чызг æмæ иннæ чызг айста ныхас:

— Дæуæн æмæ, дæхицæн цардæмбалæн кæй равзæрстай, уымæн, — æмæ та фæлæууыди уый дæр, æмæ ма йын иннæ бафтыдта йæ ныхасмæ:

— Нæ зæрдæ уын зæгъы амондджын цард.

Æмæ сагъдау баззади Дзахо: зонгæ та йæ цæмæй бакодтой?! Науæд æй зонгæ дæр бакæнæнт, фæлæ ма искуы скъоладзаутæ сæ ахуыргæнæгæн ахæм арфæтæ кодтой?! Уый хæдуæлвæд йæ сæры абадт: кæд фынæй у? Кæд, куыддæр æрбацыдысты, афтæ йæхи ауагъта йæ сынтæджы, афынæй ис æмæ йæ фыны уыны ацы хабæрттæ-йедтæ!

Чызджытæ ма уæддæр лæууыдысты, æвæццæгæн, æнхъæлмæ кастысты — исты сæм сдзурдзæни сæ арфæтæм! Фæлæ сæм ницы дзырдта, æмæ уæд сбадтысты. Æмæ ахъуыды кодта Дзахо: цæй æмæ сын йæ мады нывæй райдайа. Маройы дзæбæх чи зыдта, уыдоны ныхæстæм гæсгæ йын куы скодта йæ ныв, стæй-

иу чи федта ныв, уый-иу фарста Къостайы, кæм, дам, ссардтай дæ мады ныв. Æмæ-иу ыл цинтæ кодтой. Раст ын цыма йæхимæ касти мадæн, афтæ йæ сныв кодта зонгæты ныхæстæм гæсгæ. Ахæм диссæгтæ дунейы мидæг, æвæццæгæн, бирæ не 'рцыди. Æмæ фесæфти — ахæм ныв фесæфæд! Æмæ цал фесæфти Къостайы нывтæй! — чи йæ зоны! Уыцы рахау-бахауы царды адæмы къæхтыбын æмæ адæмы фæсдуæртты цы нывтæ дардта, — куыд нæ сæфтаиккой! Уый фесæфти — мады ныв, адæмы ныхæсты йæ мыдгай фембырд кодта, Нинæйы ныв фесæфт, сыгъдæг Нинæйы ныв. Æвдисынмæ-иу æй кæм сæвæрдта, уым-иу адæм кæрæдзийы сæрты кæмæ хаудысты, Хъипианийы ныв фесæфт. Шамил фесæфт. Æмæ, дам, Лабæйы цы зынгирвæзт уыд, уым, дам, дунейы цыдæртæ куы басыгъд — æндæр кой куы нæ кодтой уæды газеттæ, уæд дзы йæ ныvтæй иу нæ бахаудаид! Хорз уыди, æмæ уый нæ фесæфт — хъыггæнæг зæд. Нæдæр зынгирвæзты бахауд, нæдæр æнæуи фесæфти. Хорз уыди.

*2008 аз*

*РÆМОНТЫ Геор*

# УДЫ ÆЛВÆСТ ХЪИСТÆ

* * *

**Уæлбар ныл карз, дæвдæггæнæг зымæг,**
**уæндон йæ ныхмæ стæмты фенæм дзургæ;**
**йæ ныллæг дуарыл бахизæм, ныллæг**
**нæ зымæгæн уæнгтæуагъдæй æркувгæ.**

* * *

*(Ф-йæн)*

**Кус мын рухс тауæгæй, кус,**
**Уымæй хъуаг, мæгуыр ыстæм:**
**цардмæ хæсс, мæ зæд, дæ рухс,**
**Рухсæй саф фыдбылызтæ!**

## «МÆНГАРД ХЪОМЫСЫ» ФАРН

*Афтæ уæ æз федтон сымах, ме 'миронты, мыггæгтæн се 'ппæты 'хсæн хъаччын ацы стыр мийæ. Нæ уын уыди сымахæн чиныг...*

*Амæй æз дæр ныфсджын фæдæн æмæ бауæндыдтæн, цæмæй мæ мæнгард хъомысæй сфæлварон ирон æвзагæй чиныг скæныныл. Æмæ афтæ скодтон ирон æвзагыл ацы чиныг.*

***Æгъуызаты Иуане***

**Фæндаг нæ ир нæ ардта тарæй рухсмæ,**
**цыма цыфыддæр фыдæхæй æлгъыст.**
**Цæмæй уыд адæм «хъаччын» æмæ рыст,**
**цæмæн æрцыд гæвзыкк æмæ фæлурсмæ,**

Уый бамбæрстай йæ зæрдæмæ ныхъхъусгæ;
дæ хъизæмар, дæ удуæлдайæ куыст
нæ фæци уæгъды: чиныджы фæлдыст
нæ рæбинаг æмдзæрин сси æнусмæ...

Куы басгуыхтæ нын фарны лæг, цырагъдар,
куы басгуыхтæ нын саукусæг... Зынаргъдæр
хæрзиуæгмæ кæй уд бæллид дæ цуры!..

Тæхудиаг — цы хъысмæт дын лæвæрд! —
Дæ табуйаг «мæнгард хъомыс» æвæрд
ирон чиныджы фарн-фидар бындуры.

## УЫГÆРДÆНЫ

*Цæуæм та Хосхæрæны рагъмæ,*
*Пъæззыйæн акъуырæм йæ сæр!..*
***Къадзаты С.***

1
Зиугуысты та баиу стæм
уæд æрдхорд уа, ‘мгæрттæ уа!..
Хæс æрхастам, — даргъ уистæй
уыгæрдæн «уыгæрдтау» у.

Арвы тыгъдау — уый фæтæн.
Зæрдæ ам рæсугъд зары...
Удуæлдай куыст... Зивæгæн
хорз хосдзау йæ уд мары.

2
Ам æмбал æмбалæн
йе ‘нцой у, йæ ныфс...
Цæвæджы бын халæн
нал у хал æххуыс.

## ДЗЫРД

Йæ бон нæу ныббыхсын дæлдзиныг, ныхкъуырдæн.
Йæ фидауц зонынæн нæй хъомыс мæнгардмæ;
цысыгъдæгдæр рухсæн, цыуæздандæр мыртæн
поэты зæрдæйæ — сæ фемæхсæн цардмæ.

## «НЫХАС КЪОСТАИМÆ», ЗÆГЪГÆ, НÆМ АХÆМ СÆРГÆНДТИМÆ АРÆХ ФÆЗЫНЫ ÆМДЗÆВГÆТÆ

Хуыцау, поэты фарн — фынæй.
Дæ фарн æй райхъал кæнæд — курын!
Куыннæ уа диссаг уый: бынæй
уæлæмæ уæнд Къостамæ дзурын?!

## СИДЗÆРГÆС

Йæ хъæбулы Сомæн зынæй дæр — цæргæ,
мæтæйдзаг — æхсæв дæр йæ уатыл...
Кæй хуыдта фырбуцæн «мæ гыццыл зæрдæ»,
куы айрæзт — сси стырзæрдæ мадыл.

* * *

Зын — райгуырын, мæлын дæр нæу æнцон.
Дыууæ фыды ‘хсæн чи базоны бахсидын, —
æхсарæлвæст, зæрдæрæвдзæй йæ бон
вæййы йæ фæстаг — й’ адзалы хæс бафидын.

* * *

*Дзаболаты Рамазанæн*

Цыг-иу бадт æдзухдæр дæ хъул.
Дæ цард-балц ныры онг — хуыскъ мæскъыл:
дæ зæрдæйыл — масты дзæкъул,
мæгуыры дзæкъул та — дæ уæхскыл.

* * *

Фæхаста Ирæй дард йæ сæр,
уым номджын сси йæ зонд, йæ тыхæй...
Цыргъ æхсырф чи басгуыхт кæмдæр, —
нæ хуымы ‘рлæууыди къуымыхæй.

* * *

Æд хæрæмттæ, æд фидауцтæ бындурзылд
нæ царды гæнах, хъоды нæ — æлгъыст...
Ныххæлиу дургай цал фæлтæры куыст!..
Фæцъынд-тар и, зæрин сомæй цы хур зынд...

Йæ ивддзаг дæр замана у, фыдуд сырд,
мæгуырдæрмæ æнæхатыр у, зыст;
æрдуйыл нымад — мардæрцыд уа, рыст,
фыдыусау фыдызмурæй йæ узæлд...

Уыд Зноныл — хъисын, Абоныл ис голлаг,
сты залым-дугæн дзыллæтæ йæ холлаг, —
дзаджджын минасæй никуы сцух йæ раз.

Куы судзгæ марой райхъуысы, куы худын,
ныфсæвæрæгау дзурын æз мæ удæн:
— Мæ уд, фæлитой замантæн фæраз!

## ДЫУУÆ ÆМДЗÆВГÆЙЫ А. БЛОКÆЙ

* * *

Рæхджы æз фендзынæн сæ мард,
сæ бын нæ сау дуне, мæ бæстæн...
Зыбыты иунæг уæд, — мæ зард,
мæ илæлæй нæрдзæн сæ фæстæ.

Мæ цин — хъаймæты бон, тырнæг
мæ уд æм, — мондæгтæ дзы исын.
Зæххыл æз иунæг ахæм лæг —
дунейы сæфтæн чи у ‘вдисæн.

* * *

Цы нæ бон у нæ монцтæн, уастæн,
нæ туг дæр — хивæнд-уаг, цырын...
Мæ чысыл хур, йæ рындзмæ уарзтæн
нæ фæндаг — хъизæмайраг, зын...

Æрттивы мæй хъызты æвзистау,
уым рудзынг — рухс-райдзаст, уæлвонг...
Нывонд дын — уды æлвæст хъистæ,
сæ цъæхснаг зарæг дын — нывонд...

## ИРОН ДЗЫРДТÆ

Рухс æмæ цæхæрæй
ифтонгæй — сæ хъазт...
Ракæлынц гæр-гæрæй
зæрдæйæ æваст.

Уд-адджын — сæ тæмæн, —
уидз æмæ сæ уидз...
Рисæмхиц зæрдæмæ
у уæлмонц æмхиц.

* * *

Æрдз парахат — райынæн:
уалдзæг та у, хур...
Миты гъæйттæй тайынæн
нал у хъызт цæлхдур.

Уад ныр ниугæ нал дымдзæн, —
зымæгæн — æгъгъæд...
Миты басæй астым дæр,
хуымтæ дæр — æлгъæд.

* * *

— Йæ ных ын цæв, — цæуы дæ хъæр, —
уый хорз йæ туг æрсабырæн!
Æз та зæгъын: — Кæуыл нæй сæр,
йæ ных нæй уымæн бакъуырæн!

*2005*

*АБАЙТЫ Эдуард*

# РÆСТÆДЖЫ ФÆЛМÆЙ

* * *

**«Ма нуаз мæ суадонæй!» — радзырдта чидæр,**
**Æмæ нæ фæкодта афтæмæй читт дæр.**
**Суадоны цур æз былыцъæрттæ хордтон,**
**Дойныйæ мæлгæйæ сау хъырды кодтон.**

**Макуы дзы æрлæуу, — кæйдæр зæххы хай у,**
**Фæлæ дзы какон, пысыратæ зайы.**
**Нал дзы сæрвæт бæрæг, нал дзы уыгæрдæн,**
**Иуусыл сæ сæхгæдта уыдон бæхгæрдæг.**

**Алкæмæ иухуызон хур дæр нæ кæсы,**
**Хурæй æнæхай та кæцы у, кæцы!**
**Арв æмæ зæххы ‘хсæн ма лæуу хæлиуæй,**
**Тас дын у, гормон, бæллæхæй — фæхиуæй.**

**«Бир-бирæ зæххытæ батыдтон», ма зæгъ.**
**Бирæ нæ хуызæттæ батыдта сау зæхх.**
**Здыхсы йæ зæххыл зæхкусæг, æлхуыйау,**
**Кусгæ йæ чи кæны, зæхх æрмæст уый у!..**

* * *

**Æрхуыссыд мæ разы дзæгъæл куыдз — фæрсыл,**
**Кæсы мæм æдзынæг, цыма мæ фæрсы.**
**Цæмæй йæ базыдта, æз дæр дæн дзæгъæл,**
**Мæ зæрдæмæ ссардта уый уайтагъд дæгъæл.**

**Кæйдæр дзæгъæлдзыхæй мæ зæрдæ у хаст.**
**Цæстытæй фæкæнæм зæрдæбын ныхас!**
**Ды батылдтай сабыр дæ хъуынджын къæдзил,**
**Æмæ йæ æмбарын, кæй мыл кæныс цин.**

Æхсызгон дын — ме ‘рсæрфт. О, ма срæй, мæ хур,
Кæйдæр дзæгъæл рæйдæй мæ зæрдæ цъæх у.
Фæсвæдты фæзилын дæ хуызæн æз дæр,
Кæдæм нæ фæхъуысы æдзæлгъæды хъæр.

«Зæрдæйы дуар, — загътой фыдæлтæ, — дзых у,
Кæйдæр куыдзы рæйдæй мæ зæрдæ цъæх у.
Цæстытæй зæрдæмæ — цыбырдæр фæндаг.
Хуыцау нæ фæкæнæд кæрæдзи фæндйаг!

* * *

Сахуыр и сахаты цъыкк-цъыккыл хъус
Æмæ мæм нал хъуысы.
Фехæлдтон м’ ахуыр, æмæ та фæлурс
Райста уæд авд хуызы.

Сæхгæдтон хъустæ æз, гъемæ та ног
Ракастæн цæстытæй.
Сæхгæдтон цæстытæ æмæ та — стонг
Сахаты дзæхстытæ.

Уасæджы уасын мæ хъусыл цæуы,
Цыма дзæнгæрæгау.
Хъустæ, цæстытæ куы фестадтæн, куы, —
Хъуыды — дзæгæрæгау.

Халын æй. Рæстæджы фæлмæй мæм рухс
Разынд æбæрæг ран.
Сахаты дзæхст-дзæхст, куырдау, хойы хъус,
Цыма хъæсдарæгыл...

* * *

Мисынау цъæх мигъ ныццахсти, ныббадт,
Хуры тымбылæг дзы — гарачъинад.
Уалынмæ абыгъдæг, асыгъдæг арв,
Ракаст хур — гарачъи бахсысти — царв.

Базмæлынц къутæрыл тынтæ — фæлурс,
Æмæ сыл ахъазы хурæн йæ рухс,
Цыма фæндыры урс амонæнтыл
Хуры чызджы урс æнгуылдзтæ хæтынц.

Царвау зæрин хур мæныл дæр фæтагъд,
Никуыдæмуал кæнын цыма æз тагъд,
Фæлæ фæкъул ис æрæгвæззæг хур,
Мæнæ тæргай цæст куыд ракæсы зул.

Бирæ нæ ахæссы царды нæ цин,
Æмæ мæнæн дæр мæ амонд фæци,
Ахæм тæрхон мын ыскодта Хуыцау.
Тыныл ма ахъазынц урс æмæ сау...

*КОКОЙТЫ Эльзæ*

# НÆ РИССÆГТÆ

* * *

**Бæзджын митын хæрв**
**райдыдта ныр тайын.**
**Дзæбæх фæсаутæ**
**хуссарвæрсты зæхх.**
**Цæй, тагъддæр размæл,**
**удæхцон цъæх уалдзæг,**
**æмæ та нын**
**уæлтæмон цинтæ ‘рхæсс.**
**Ды ног бæллицтыл**
**зæрдæтæ æфтауыс.**
**Дæ хъарм фæхудтæй**
**срухс вæййы**
**æппæт.**
**Цъæх даритæй**
**ысфæлындыс нæ хæхтæ,**
**нæ чысыл хъæутæй**
**саразыс дзæнæт.**

**...Бæзджын митын хæрв**
**уалдзæджы улæфтæй**
**æртадис æмæ**
**схъулæттæ и зæхх.**
**Цæй, тагъддæр размæл,**
**удæхцон цъæх уалдзæг,**
**æмæ та нын**
**уæлтæмон цинтæ**
**‘рхæсс.**

* * *

**Æнкъард уыд бон. Арв — мигъæмбæрзт,**
**Йæ мигъ-къуымбил пырдта.**
**Зæхх судæст къахбын, химидæг,**
**Æвæццæгæн, куыдта.**

Бæласы цонгыл дзæгъындзæг
Мæ хæд сæрмæ æрбадт,
Цымæ йыл бæстæ бакъуындæг,
Æнкъард цæстæй мæм каст.

Хуылыдз сыфтæртæй йе 'рагъмæ
Лыстæг цыхцырæг тагъд.
Æнхъæлмæ каст кæд йе 'мбалмæ? —
Фæсайдта йæ, фæтахт...

Кæрæдзийыл мах, дисгæнгæ,
Нæ хъуыдытæ быдтам.
Æнæдзургæ нæ риссæгтæ
Кæрæдзийæн дзырдтам.

...Маргъ баззади. Æз ацыдтæн...
Цы бауыдзыстæм мах?
Кæд ацы 'нахуыр маргъ уыдтæ
Кæнæ къæвдайы 'ртах?..

* * *

Иунæг хатт ахæм хорз разын,
иунæг хатт ракур хатыр.
Базон мæ разы дæ азым
иунæг хатт, иунæг хатт ды.

Бакæс мæ цæстыты арфмæ,
фен сын сæ катай, сæ рыст.
Уарзыс æви мæ нæ уарзыс,
ууыл ныр нал цæуы дзырд.

Зæрдæ æууæндын кæм зоны,
чи зоны, уый у йæ сайд...
Уарзыс мæ æви нæ уарзыс,
уый мæм ныр нал у нымад.

Иунæг хатт ахæм хорз разын,
иунæг хатт ракур хатыр.
Базон мæ разы дæ азым
иунæг хатт, иунæг хатт ды...

# «МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ



*Нæ равдысты —*
*номдзыд скульптор, Уæрæсейы*
*Аивæдты академийы æцæг уæнг,*
*Цæгат Ирыстоны адæмон нывгæнæг*
***Соскъиты Владимиры** куыстытæ.*



*Мады сурæт.*



*Ветеран.*



*Чырысти райгас.*

*Хъыг.*



*Лæджы цæссыгтæ.*







*Лæппу йæ куыдзимæ.*

*XX æнусы кæрон.*



*Къоста ӕрбаздӕхт йӕ райгуырӕн хъӕумӕ.*



*Барджытӕ- ӕхсӕвдалынджы.*



*Диалог.*



*Барæг.*



*Польшæйаг скульптор А.Хайдецкий.*



*Композици.*



*Хъазт.*

МАМИАТЫ Изетæ

# АИВАД — УДВАРНЫ РÆЗÆН

*(Интерактивон урокты цикл)*

Урочы темæ: **МУЗЫКÆ – УДЫ ХÆРАМ САФÆГ**

***Эпиграф:*** «Музыка – это лучшее, что знают небеса и смертные на земле» (Джозеф Аддисон — 17 æнусы цæрæг англисаг фыссæг-рухстауæг).

**Урочы хæстæ:**

1) литературæйы «æвзагæй» æрдзы нывтæ æмæ зæлтæ «фыссыны» арæхстмæ хъус æрдарын;

2) радзырды зæлынад (тон) æмæ йæ аивадон фæрæзтæ иртасыныл скъоладзауты фæцалх кæнын.

3) бацамонын сын æгъдаураивд æмæ æгъдаухæлды æхсæн хъауджыдзинад.

***Урочы фæлыст:*** 11 къласы ахуыгæнæн чиныг-хрестоматийы æрмæг, Ирыстоны номдзыд сылгоймæгтæ — аивады дæсныты хуызисттæ (Дудараты Вероникæ, Тугъанаты Дзерассæ, Адырхаты Светланæ æмæ ин.), Цæгæраты Максимы портрет, Хаситы Раисæйы литогравюрæйы хуызист «Чысыл чызг-скрипкæйылцæгъдæг».

***Урочы хуыз:*** Урок-беседæ блиц-æрфарст.

## I. ХÆДЗАРМÆ КУЫСТ СБÆРÆГ КÆНЫН

***Блиц-æрфарст:***

1. Хетæгкаты Къоста кæд æмæ кæм райгуырдис?
2. Чи уыдысты йæ ныййарджытæ?
3. Мады ад кæмæй базыдта? Цавæр поэтикон рæнхъыты ары Къоста йæ хъомылгæнæджы ном?
4. Цы фæд ныууагътой Стъараполы гимназы ахуыры азтæ Къостайы царды?
5. Чи йæ арвыста Петербурджы Аивæдты академимæ?

6. Цæуылнæ фæцис академи æххæстæй каст?

7. Цавæр æмдзæвгæ ныффыста Къоста, райгуырæн хæхтæм сыздæхгæйæ?

8. Кæд рацыди мыхуыры «Ирон фæндыр»?

9. Цы зонут, Къостайы зæрдæйы чи æрцарди, уыцы дыууæ Аннæйы тыххæй? Цавæр номарæн уацмыстæ сыл ныффыста?

10. Къоста бындур æрæвæрдта ирон национ нывгæнынадæн дæр. Цавæр жанрты куыста?

11. Исты иудзинад ис Къостайы нывтæн йæ поэтикон сфæлдыстадимæ? Цавæр æнкъарæнтæ сæ æвдыст цæуы?

12. Ранымайут Къостайы сюжетон нывтæ. Цы хъуыдытæ уæм æвзæрын кæнынц? (Къостайы нывтæ «Дурсæттæг сабитæ», «Дон хæссынмæ» æмæ æнд. нæ дисы æфтауынц, йæ рæстæджы ирон царды уавæртæ сæ куыд дæсны æвдыст æрцыдысты, се сфæлдисæджы цæст куыд уынаг уыдис, уымæй).

13. Цы зæгъдзыстут йæ пейзажон нывтæй та? Ранымайут сæ. (Йæ пейзажон нывты æнкъарæм авторы зæрдæйы равг, йæ уарзондзинад райгуырæн æрдзмæ; немæ «дзурынц» ирд æмæ бирæхуызджын ахорæнты «æвзагæй»).

14. Бацамонут Къостайы номимæ баст бынæттæ Ирыстоны. (Фæлладуадзæн парк Дзæуджыхъæуы, Паддзахадон университет, Дзæуджыхъæуы 13-æм скъола, уынг æмæ проспект Дзæуджыхъæуы, хæдзар-музейтæ Нары æмæ Дзæуджыхъæуы Бутырины уынджы, хъæу Æрыдоны районы).

15. Ис ахæм зæрдылдарæн бынæттæ нæ республикæйы æдде дæр? (Къостайы ном хæссынц Хуссар Ирыстоны драмон театр, Хъæрæсейы Лабæйы хъæу, ноджы Хъаспийы денджызы наутæй иу, ис дзы Къостайы музей. Стъараполы ис Къостайы номыл уынг æмæ музей, Петербурджы Аивæдты академийы скверы та — Соскъиты Владимиры конд статуя, Украинæйы горæт Очаковы иу уынг хæссы поэты ном æмæ а. д.).

16. Ранымайут Къостайы цыртдзæвæнтæ (Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны, Стъараполы, Хъæрæсейы, Къахеты, болгайраг горæт Кырджалийы æмæ æндæр рæтты), чи сты сæ автортæ?

17. Цы зонут Къостайы архайды тыххæй Пятигорскы, Стъараполы, уæлдайдæр та Ирыстоны æхсæнадон-культурон царды? (Къоста-поэт кодта егъау рухстауæн куыст дæр. Уый алкæддæр уыдис, Дзæуджыхъæуы, Пятигорскы, Стъараполыиу цы культурон мадзæлттæ арæзт цыдис, уыдоны архайæг.

Иу рæстæджы хъавыдис курдиатджын сывæллæттæн байгом кæнын, ныв кæнын сын кæм амыдтаид, ахæм кълас. Ацархайдта газет уадзыныл дæр. Фыста декорацитæ театралон равдыстытæм, йæхæдæг дæр-иу, хæдахуыр артисттæ цы спектакльтæ æвæрдтой, уыдоны ахъазыди сæйраг рольты. Тынг уарзта зарын, кафын, уыдис æмбисонды дæсны куыд ирон, афтæ уырыссаг кæфтытæм дæр. Нæ бон зæгъын у, Къоста иуварсæй никуы каст Ирыстоны культурон царды кæцыфæнды зынгæ цаумæ дæр).

18. Кæм ныгæд ис Къоста?

19. Кæд снысан кодтой Къостайы номыл стипенди æмæ йæ уæды суинаг фысджытæй æппæты фыццаг чи райста? (1939 азы, Цæгæраты Максим).

20. Чи сты Къостайы номыл премийы фыццаг лауреаттæ? (1964 азы: Абайты Вассо, Мамсыраты Дæбе; 1965 азы: Николай Тихонов, Тæбæхсæуты Бало æмæ а. д.).

21. Кæд æмæ цы хуызы бæрæг кодтой Къостайы райгуырды Æппæтцæдисон фыццаг юбилей?

22. Ранымайут Къостайы цард æмæ сфæлдыстадыл фыст уацмыстæ. [Къостайыл фыццаг æмдзæвгæтæ чи ныффыста, уыдон уыдысты нæ литературæйы хуыздæр минæвæрттæ: Гæдиаты Секъа, Гуырдзыбеты Бласка, Цæголты Георги, Æлборты Барысби, Гулуты Андрей. Къостайыл пьесæтæ ныффыстой Нигер æмæ Епхиты Тæтæри (æмавтортæ), Туаты Дауыт. Ссис Цæгæраты Максимы радзырдты («Дзыллæйы сагъæстæ», «Асиаты кино»), Дзадтиаты Тотырбеджы роман «Хæххон стъалы»-йы персонаж. Бирæ æмдзæвгæтæй йын йæ ном ссардтой уырыссаг, украинаг, белоруссаг, сомихаг, азербайджанаг, дагестайнаг æмæ æндæр адæмты фысджытæ дæр). Ахуыргæнæджы бон у хъæугæ æрмæг бацагурын æмæ скъоладзаутæн рагацау бабар кæнын, цæмæй хицæн авторты уацмыстæ урочы аив бакæсой].

Блиц-æрфарсты иннæ хай рацаразæн ис ахæм хуызы: техникон фæрæзты æххуысæй равдисын скъуыддзаг (киноныв, балет, оперæйæ æмæ а.д.) æмæ уый фæстæ бафæрсын:

23. Къостайæн йæ кæцы уацмысмæ гæсгæ ист æрцыдис киноныв?

24. Къостайæн йæхи тыххæй дæр систой кинонывтæ. Куыд хуыйнынц? Цы фрагмент федтат, уый кæцы кинонывæй ист у? Чи ахъазыдис Къостайы ролы?

(Ам скъоладзауты дзуаппытæ баххæст кæнæн ис Четиты Рубены уацы («Æнусон бынат: Къостайы фæлгонц сценæ æмæ экраныл») æрмæгæй (кæс: Рæстдзинад, 1994, 3 ноябрь). Хетæджыфырт паддзахы хицауады хъомысæй дыккаг хатт хаст æрцыдис Украинæйы хуссар хаймæ. Дзæвгар рæстæг ацы ран кæй фæцардис, уымæ гæсгæ украинаг кинематографисттæ сæхицæн хæсыл банымадтой поэты 80 азы юбилеймæ исты саразын. Уый уыдис фыццаг документалон киноныв Къостайыл. Сценаримæ гæсгæ конд у дыууæ хайæ: фыццаджы æвдыст цæуынц Къостайы цард æмæ æхсæнадон архайды фæдыл документтæ. Дыккаг хайы ныхас цæуы, Херсоны фæллойгæнджытæ, йе 'мдугонтæ стыр поэты куыд мысынц, ууыл. Дæс азы фæстæ В. Б. Корзуны сценарийы бындурыл арæзт æрцыдис дыккаг документалон киноныв «Адæмы зарæггæнæг». Уый фæстæ киностуди «Ленфильм» зынгæ режиссер В. Чеботаревы разамындæй (фысджытæ Цæгæраты Максим æмæ Роман Фатуевы сценаримæ гæсгæ) систа аивадон киноныв «Ирыстоны хъæбул». Къостайы ролы дзы ахъазыдис номдзыд артист Тæбæхсæуты Бало. Аивадон телекиноныв-оперæ «Къостайы æрыздæхт» (1967) та арæзт æрцыдис Ирыстоны. Поэты фæлгонц аив сныв кодта УСФСР-йы сгуыхт артист Икъаты Мæирбег. Ирыстоны ма систой документалон киноныв дæр «Къоста. Ныстуан» (1989). Йæ саразджытæ: сценарист Цæллагты Валодя, кинорежиссер Рафаэль Гаспарянц æмæ кинооператор Михаил Немысский уыцы аз систы Хетæгкаты Къостайы номыл премийы лауреаттæ. Æппæт кинонывтæ дæр ист сты уырыссаг æвзагыл).

25. Къостайы уацмысы бындурыл арæзт æрцыдис балет. Куыд хуыйны? Чи у йæ автор? (Хаханты Дудар, «Хетæг»)

26. Ирыстоны композитортæ се 'ргом аздæхтой Къостайæн йæхи сурæтмæ дæр. Цавæр музыкалон уацмыстæ хæссынц Къостайы ном? (Плиты Христофоры оперæ, Хаханты Дудары 5-æм симфони).

27. Къостайы æмдзæвгæтæй бирæтæ систы музыкалон уацмыстæ. Ранымайут сæ.

Æрфарсты кæрон ахуырдзаутæ байхъусдзысты, поэты æмдзæвгæтыл фыст зарджытæм. (Зæгъæм, композитор Кокойты Тæтæрхъаны музыкæйыл фыст «Додой», «Усгуры сагъæс», «Ал-лол-лай» æмæ æнд.)

## II. НОГ ÆРМÆГ

***Ахуыргæнæджы раныхас*** (дих кæны цалдæр хайыл).

1. Сырдон Нартæн балæвар кодта фæндыр (музыкалон аивад). Уыйадыл Нарт æрфæсмон кодтой сæ митыл æмæ Сырдоны рахуыдтой се 'фсымæр.

Хетæгкаты Леуаны фырт Къоста балæвар кодта йе 'мзæххонтæн «Ирон фæндыр», æмæ адæм сæ *дойны суагътой* поэтикон аивады суадонæй, арф банкъардтой нывæфтыд дзырды ад æмæ *хъомыс*. Къостайы тохмæсидæг хъæлæс сын райхъал кодта сæ национ *хиæмбарынад*.

Рæстæг цæуы æмæ, фыдæлты загъдау, фарн хæссы. Ирыстоны фырнымд сылгоймæгтæ, Ныхасмæ цæуыны бар кæмæн нæ уыдис æмæ кадæггæнæджы фæндырдзагъдмæ дардæй, ныгъуылдтытæгæнгæ, чи хъуыста, уыдон абон сæхæдæг систы, дунетæ кæй зонынц æмæ аргъ кæмæн кæнынц, ахæм дирижертæ, балеты кафджытæ, кино æмæ цирчы артисттæ, суанг хъисфæндырыл цæгъдджытæ дæр.

Уымæн æвдисæн Цæгæраты Максимы радзырд «Мады зарæг» (ис 11 къласы программæйы). Йæ архайджытæ бахаудтой æрыгон фæндырдзæгъдæджы курдиаты уацары. Цы уавæры сæ уынæм, уымæй гуырысхойаг нал у нæ урочы эпиграфы рæстдзинад.

**Текстыл куыст.** Радзырдæй урочы цы скъуыддзаг ахуыр кæндзысты, уый кæсыны размæ уал ахуыргæнæг кæнæ скъоладзаутæй исчи (развæлгъау хæсгонд кæмæн уыдис, ахæм), цыбыртæй зæрдыл æрлæууын кæндзæнис уацмысы фабулæйы цаутæ (амынд эпизоды разистори). Къласы иртасинаг текстимæ скъоладзауты базонгæ кæнæн ис инсценировкæйы хуызы. Уый тыххæй радзырдæй скъуыддзагмæ равзарын хъæуы, йæ мидис ын хуыздæр цæй фæрцы раргомгæнæн ис, ахæм музыкалон фрагменттæ. Сæ ацæгъдын бахæс кæнын хъæудзæнис, хъисын фæндырæй (скрипкæйæ) чи арæхсы, ахæм чызгæн (иттæг хорз уаид, ахуырдзаутæн æй сæхи æхсæн ссарын), йæ уæлæ — радзырды мидисмæ гæсгæ, — æмбæлгæ дарæс. Текст ахуыргæнæг кæнæ скъоладзаутæ, кæрæдзийы ивгæйæ, кæсынц; тексты алы хицæн хайы фæстæ (кæнæ та йæ размæ) чызг мелоди цæгъды хъисфæндырыл.

**Урочы рацарæзты дыккаг вариант:** радихгонд скъуыддзæгты фæстæ скъоладзаутæ хъусынц фæйнæхуызон мелодитæм æмæ уыдоны æхсæнæй æвзарынц, иу кæнæ иннæ хайы мидис æххæстдæр чи æвдисы, ахæм музыкалон фрагмент. Зæгъынц, сæргондæн ын чи сбæззид, ахæм варианттæ æмæ уыдоны æхсæнæй æвзарынц, хуыздæр ыл чи сфидаудзæнис, ахæм.

*Цæгæраты Максим.* **МАДЫ ЗАРÆГ**

*(скъуыддзаг)*

Мæй цыма театры бæрзонд царыл ауыгъд у — сценæйы кæрдæгхуыз пъолыл зыр-зыр кæны йæ фæлурс зиллакк. Мæнгæфсон ауыгъд цырагъы рухс дæр ма афтæ фæкатай кæны мæйдары.

Æгас театры иу рухсы цъыртт никуыцæй зыны, иу сыбыртт никуыцæй хъуысы. Æрмæстдæр уыцы иунæг фæлурс зиллакк. Змæлы. Æнхъæлмæ кæсы. Кæмæдæр сиды. Адæмы йæхимæ æркæсын кодта. Иу минут. Дыууæ минуты. Ныддаргъ сты *сывæллоны фынау.* Æппынфæстаг зиллакк йæ бынатæй фæцагайдта. Сценæйы къуымы балæууыд. Уым иу чысыл афæстиат. Стæй рæхснæг, бæрзондгомау чызджы уæхсчытыл скафыд, чызджы цæсгомыл уылæнтæй æрызгъордта, æвзист *доны пырхæнтæ* æркалд чызджы æрттиваг дзыккутыл, йæ камари роныл, цъæхцъæхид стъалытæй бахудт риуæгънæджытыл, разгæмтты хæрдгæбыдыл, æртыхст чызджы риутыл, йæ нарæг астæуыл.

Чызг, цыма стæхынмæ хъавы, уый хуызæн лæууы сценæйы бæрæгастæу. Йæ сæрæй кувы адæмы къухæмдзæгъдæн. Йæ хъисын фæндыр йæ галиу уæхскыл авæрдта, йæ сæр æм æркъул кодта...

Банцад театры зал. Ныссабыр фæстæмæ. Боныцъæхтæ та сæхи сындæггай æруагътой сценæйы фæстаг къулыл. Райсомы тæнæг фæлм йæхи систа хæхты цъуппытæй, мæсгуыты *ихсыд* фæрстæй, кæмтты нарджытæй. Хуры фыццаг тынтæ сæхи найынц æхсæрдзæнты *фыцгæ* уылæнты, худынц дидинджыты æртæхæй æхсад *къусчыты,* бæлæсты уымæл сыфтæртыл.

Чызг цыма хохы цъуппыл лæууы, цыма райсомы æрдзмæ уырдыгæй кæсы. Стæй йæ рахиз цонг хъисфæндыры сæрты тасгæ-уасгæ бацыд. Дард кæмдæр дидинджытæй стахтысты фыййауы уадындзы сагъæсджын зæлтæ, дымгæ сæ хæхты цъуп-

пытыл ахаста, систа сæ мæсгуыты хæлд тигътæм, хъæуы ныхасмæ, æхсæрдзæны уылæнтæм, кæмтты фæзилæнтæм.

*Æхсæрдзæны* нæрын, дымгæйы къуыззитт, дидинджыты сусæг ныхас, хæхты *азæлд*, ныхасы даргъ таурæгъ — æппæт дæр баиу уадындзы мыртимæ, чызджы алыварс, гыццыл фæндыры дзураг хъистыл. Афтæ зыны, цыма чызг йæхæдæг æгасæй дæр зарæг сси. Цыма ацы сæрдыгон райсом хæхты йæхи йеддæмæ иу цъиуызмæлæг нæй. Цыма æрдз æрмæст уыцы иунæг рæхснæг чызджы зарæгмæ ныхъхъус.

Стæй хуры тынтæ хохы цъуппыл ахуыссыдысты. Бæзджын сау мигътæ сæхи ныллæг æруагътой дидинджытыл, хъæуы ныхасыл, *дондыппырæй* ныббадтысты кæмтты нарджыты. Дымгæ сыстад. Арв баталынг. Æрмæст ма йæ гæрæхты рухс – судзгæ фæттау — цæхæртæ калдта *мæйдары.* Арв тынгæй-тынгдæр нæрыд. Дæтты гыбар-гыбур *хæхтæ арыдта.* Ноджы *сыг æрбацыд.* Цыма арв бынтон ныскъуыдтæ, афтæ бæстæ æгасæй дæр сæх-сæх сси...

Ногæй та фыййауы уадындз кæцæйдæр æрбахаста хуры фæлмæн тынтæ, æрмæст ацы хатт мæргъты тъæлланг зарджытимæ, бындзыты дыв-дыв æмæ хуссайраг мыды адджын тæфимæ.

Адæмы æхсызгон улæфтæн галуаны къултæ нал сфаг сты — гом рудзгуытыл æддæмæ атахт. Йæ ныхы сурхид ныссæрфта Афай дæр. Цыма йе ‘ккойæ стыр уаргъ æриста, уыйау йæ къæхты бынæй ныуулæфыд, йæ фарсмæ чи бадт, уыдонмæ аивæй бакаст, уыдон та цы ми кæнынц, зæгъгæ. Йæ хæд фæстæ иу ацæргæ ус йæ сæр бæрзонд systa, цыма размæ исты дзырдта, уый хуызæн йæ былтæ змæлыдысты, стæй йæ сыхаг чызгмæ йæхи æргуыбыр кодта, æмæ Афайы хъустыл æрцыд йæ сусæг ныхас: «Мæ буары *дыз-дыз* нæма банцад... Мæскуыйы консерваторийы фæстаг курсы ахуыр кæны...» Ницы дзырдта Афай. Йæхæдæг дæр хуыздæр уавæры нæ уыд.

Чызг иу уысмы бæрц цæуылдæр аджих, цавæрдæр мидбылты худт йæ сырх уадултыл ахъазыд, æмæ йæ рахиз цонг уæхсчы рæбынæй лæбурæгау скодта. Иу хатт. Дыууæ хатты. Фæндзæм хатт. Æмæ та цыма кæмдæр арв æмæ зæхх кæрæдзи хостой, цыма хæхты фыдбоны зæй ниудта, уый хуызæн гыццыл фæндыры цагъд бæстæ йæ сæрыл систа. Чызджы дзыккутæй иу бындзыг фæхицæн, ныхыл æрхауд, æрфгуытыл йæхи

хоста. Афай ноджы ӕдзынӕгдӕр ныккаст чызгмӕ. Цӕй фӕндыр ӕмӕ цӕй ӕндӕр — фӕззыгон мигъы фӕлм фӕзынди кӕцӕйдӕр, фӕпырх театры сценӕйы, амбӕхста Дзерассӕйы...

<...> Сценӕйы фӕстаг къулыл хуры тынтӕ иугай-дыгай ахуыссыдысты. Изӕрдалынгтӕ кӕцӕйдӕр ӕрбахъуызыдысты, сӕ фӕлмы бын амбӕхстой хӕхты цъуппыты, зӕронд мӕсгуыты, хъӕуы ныхас.

Хъисфӕндыры зӕлтӕ авдӕны зарӕгау сӕхи дардӕй-дарддӕр истой. Кӕмдӕр ма хӕххон дидинджытыл рӕдзӕ-мӕдзӕ кодтой. Стӕй мӕйы тынтӕ ӕвзист цъӕпӕрайӕ ӕркалдысты. Йӕ сӕрӕй йӕ къӕхтӕм ныррухс кодтой Дзерассӕйы. Фӕндыры хъисыл бамыр зарӕджы фӕстаг улӕфт...

Адӕм сыстадысты. Театры къултӕ та се 'мдзӕгъдӕй ныййазӕлыдысты. Сыстад Афай дӕр. Йӕ цӕстытӕ донӕй айдзаг сты, афтӕмӕй кӕсы, ӕрдӕбоны сылгоймаг ӕд дидинджытӕ Дзерассӕйӕн куыд хъӕбыстӕ кӕны, уымӕ. Стӕй сценӕмӕ алырдыгӕй тӕхын байдыдтой дидинджытӕ. Сырхытӕ, цъӕхтӕ, урсытӕ... Цыма дыуӕ сылгоймаджы дидинджыты хуымы лӕууыдысты. <...>

*Дзырдуатон-фразеологион куыст*:

1. Хиӕмбарынад – самосознание.

Пырхӕнтӕ — брызги.

Камари — сызгъӕрин донытылд ӕвзист рон.

Хӕрдгӕбыд — сызгъӕрин ӕндӕхты быд.

Ӕхсӕрдзӕн — водопад.

Дидинӕджы къуск — чашечка цветка.

Азӕлд — эхо.

Дондыппыр — разбухший от воды.

Мӕйдар — талынг, тар.

Сыг ӕрбацӕуын — ам: сахкъӕвда, саха-уард ӕрбацӕуын.

(Буары) дыз-дыз — дрожь, пробегающая по телу.

Цъӕпӕра — бот. кисточка.

2. Дзырдтӕ *ихсыд, рӕхснӕг, арауын, хъомыс*-мӕ скъоладзаутӕ агурынц синонимтӕ:

Ихсыд — хӕлд, фӕлахс.

Рӕхснӕг — гуырвидыц, хӕрзконд.

Дӕтты гыбар-гыбур хӕхтӕ *арыдта*; арауын — ам: айхъуысын, нӕрын, ӕнкъусын кӕнын (хӕхты).

Хъомыс – тых, хъару, ахадындзинад.

Текстимæ кусгæйæ спайдагæнæн ис ахæм **фæрстытæ æмæ бакусинæгтæй:**

1. Æркæсут дыккаг абзацы хъуыдыйæдты арæзтмæ. Цы дзы фиппайут? (Цыбыр, «цæхгæргарст» фразæты фæрцы æвдыстæуы адæмы æнæрхъæц, концерт кæд райдайдзæнис, уымæ сæ æнхъæлмæкаст).

2. Бакæсут, «мæйы тынты» хъазт кæм æвдыстæуы, уыцы рæнхъытæ («Æппынфæстаг зиллакк йæ бынатæй фæцагайдта. Сценæйы къуымы балæууыд. Уым иу чысыл афæстиат. Стæй рæхснæг, бæрзондгомау чызджы уæхсчытыл скафыд, чызджы цæсгомыл уылæнтæй æрызгъордта, æвзист *доны пырхæнтæ* æркалд чызджы æрттиваг дзыккутыл, йæ камари роныл, цъæх-цъæхид стъалытæй бахудт риуæгънæджытыл, разгæмтты хæрдгæбыдыл, æртыхст чызджы риутыл, йæ нарæг астæуыл») æмæ зæгъут, радзырды структурæйы йыл цы хæс æвæрд ис. (У хъисфæндырдзæгъдæджы фæлгонц романтиконæй снЫв кæныны ирд динамикон фæрæз).

3. Уæ хъус æрдарут, æвзонг музыканты сурæт куыд æвдыст цæуы, уымæ. (У «хайгай» æмбырдгæнинаг). Текстмæ кæсгæйæ, дзырдтæй сныв кæнут чызджы æххæст сурæт: йе 'ддаг бакаст, йæ уæлæдарæс, йæ цагъды уаг, буары змæлды характерон æу-уæлтæ. (Фыццаг уал æй уынæм «мæйы» рухсмæ, бæрзондгомау æмæ рæхснæг чызг бæрæгбонарæзтæй – ирон разгæмтты, «цыма стæхынмæ хъавы, уый хуызæн лæууы сценæйы бæрæгастæу. Йæ сæрæй кувы адæмы къухæмдзæгъдæн». Цырагъы рухсы стъæлфæнтæ, чызджы дзыккуты æрдзæй рахæсгæ æрттывд, разгæмтты хæрдгæбыды тæмæн, нарæг астæуыл камари роны, риуæгънæджыты тыбар-тыбур, – чызг æгасæй дæр рухсы тынтæй уæфт цыма у!)

Скъоладзаутæ тексты дарддæр агурынц сурæтæвдисæг дзырдтæ æмæ дæсæм абзацы райдайæны сæмбæлынц æвзонг фæндырдзæгъдæджы æддаг бакасты ноджы ма иу хаххыл («Чызг иу уысмы бæрц цæуылдæр аджих, цавæрдæр мидбылты худт йæ *сырх уадултыл* ахъазыд...»). Хъæудзæнис бафæрсын, цæмæн афтæ æрæгмæ кæны фыссæг уыцы сырх уадулты кой. Ахсджиаг у, цæмæй скъоладзаутæ бамбарой, ныхас кæй нæ цæуы чызджы русты æрдзон ахуырстыл: йæ уадултæ ссырх сты, музыкæйы тæмæны кæй бацыдис, уый аххосæй («Афтæ зыны, цыма чызг йæхæдæг æгасæй дæр зарæг сси»).

Скъоладзаутæ сæ хъус æрдардзысты, цагъды темп æмæ мидисы раивд куыд æвдыст цæуынц, уымæ дæр (буары змæлды характерон фæзилæнты руаджы: «Стæй йæ рахиз цонг хъисфæндыры сæрты *тасгæ-уасгæ бацыд*», «рахиз цонг уæхсчы рæбынæй *лæбурæгау скодта.* Иу хатт. Дыууæ хатты. Фæндзæм хатт», «Чызджы дзыккутæй иу бындзыг фæхицæн, ныхыл æрхауд, *æрфгуытыл йæхи хоста*»).

4. Иу хатт ма бакæсæм ацы хъуыдыйад: «Чызг иу уысмы бæрц цæуылдæр аджих, *цавæрдæр мидбылты худт йæ сырх уадултыл ахъазыд...*». Куыд æй æмбарут? (Ам дæр ис сурæтæвдисæг деталь; æмбарын æй хъæуы афтæ: гæзæмæ мидбылты фæхудтæй чызджы уадултæ фæдзыхъхъ сты).

5. Бахахх кæнут, æнахуыр ма уæм цы дзырдтæ æмæ хъуыдыйæдтæ фæкастысты, уыдоны бын. Сæ мидис сын рафæлгъаут.

(— абарст *«сывæллоны фынау»* – концертдзаутыл рæстæг ныддаргъ ис, канд ууыл дзурæг нæу, фæлæ ма — дæлтексты æмвæзыл — аивад сывæллоны фынау зæххон хæрам æмæ лыстызмæлдæй адæймаджы зæрдæ æнæсайд æмæ рухс фантазиты дунемæ кæй хæссы, ууыл дæр;

— типологион рæнхъ (*«æхсæрдзæны* нæрын, *дымгæйы* къуыззитт, *дидинджыты* сусæг ныхас, хæхты *азæлд, ныхасы даргъ таурæгъ* — æппæт дæр баиу уадындзы мыртимæ») — æнгасджындæр кæны хъисфæндыры мелодийы здæхæнтæ æмæ гæнæнтæ: йæ бон у цыфæнды æрдзон фæзынд «равдисын», концертдзаутæм ма дзы суанг фыдæлтыккон таурæгъы æнæтындзгæ зæлтæ дæр хъуысынц.

— «...дидинджытæй стахтысты фыййауы уадындзы сагъæсджын зæлтæ» — дидинджытæй стæхынц гæлæбутæ, мыдыбындзытæ. Цæгæраты Максимы радзырды та дзы стахтысты... уадындзы зæлтæ. Аивады фантазион дунейы ис бынат ахæм æнахуыр фæзындæн дæр;

— «Ногæй та фыййауы уадындз кæцæйдæр æрбахаста хуры фæлмæн тынтæ, æрмæст ацы хатт мæргъты тъæлланг зарджытимæ, бындзыты дыв-дыв æмæ хуссайраг мыды *адджын тæфимæ*». Ацы хъуыдыйады æнахуыр у, хъисфæндырдзагъдæй нæм цы зæлтæ хъуысы («мæргъты тъæлланг зарджытимæ, бындзыты дыв-дыв») æмæ суанг нæ цæстыл цы нывтæ уайы, уый æдде ма музыкалон мыртæ уырзæй («хуры *фæлмæн* тынтæ») æмæ æмбудæнæй («хуссайраг мыды *адджын тæфимæ*») басгарæн

дæр кæй ис. Ахæм хуызы нын автор æмбарын кæны, музыкæйы хъомыс куыд тыхджын æмæ универсалон у, уый.

6. Тексты ссарут декорациты æрфыст, бакæсут уыцы бынæттæ. Зæгъут, цы у сæ нысаниуæг. [Æвдисынц бадзырдон дæрддзæг (хæхты цъуппытæ, зæронд мæсгуытæ, хъæуы ныхас) æмæ афон: (мæйрухс æхсæв — боныцъæхтæ — изæрдалынгтæ — мæйрухс æхсæв): «Мæй цыма театры бæрзонд царыл ауыгъд у — сценæйы кæрдæгхуыз пъолыл зыр-зыр кæны йæ фæлурс зиллакк. Мæнгæфсон ауыгъд цырагъы рухс дæр ма афтæ фæкатай кæны мæйдары.

Æгас театры иу рухсы цъыртт никуыцæй зыны, иу сыбыртт никуыцæй хъуысы. Æрмæстдæр уыцы иунæг фæлурс зиллакк. Змæлы. Æнхъæлмæ кæсы. Кæмæдæр сиды. Адæмы йæхимæ æркæсын кодта. <...>Боныцъæхтæ та сæхи сындæггай æруагътой сценæйы фæстаг къулыл. Райсомы тæнæг фæлм йæхи систа хæхты цъуппытæй, мæсгуыты *ихсыд* фæрстæй, кæмтты нарджытæй. Хуры фыццаг тынтæ сæхи найынц æхсæрдзæнты *фыцгæ* уылæнты, худынц дидинджыты æртæхæй æхсад *къусчыты,* бæлæсты уымæл сыфтæртыл»; «Сценæйы фæстаг къулыл хуры тынтæ иугай-дыгай ахуыссыдысты. Изæрдалынгтæ кæцæйдæр æрбахъуызыдысты, сæ фæлмы бын амбæхстой хæхты цъуппыты, зæронд мæсгуыты, хъæуы ныхас»; «Стæй мæйы тынтæ æвзист цъæпæрайæ æркалдысты. Йæ сæрæй йæ къæхтæм ныррухс кодтой Дзерассæйы. Фæндыры хъисыл бамыр зарæджы фæстаг улæфт...»].

7. Куыд баст сты декорацийы хицæн нывтæ уацмысы «музыкалон хаимæ»? (Хъисфæндыры цагъды фæзилæнтæ æвдыст цæуынц боныхъæды ивæнты хуызы).

8. Уæ хъус æрдарут мæнæ ацы хъуыдыйадмæ: «Æрмæст ма йæ гæрæхты рухс — судзгæ фæттау — цæхæртæ калдта мæйдары» (Кæс æвдæм абзац: «Стæй хуры тынтæ хохы цъуппыл ахуыссыдысты...»). Зæгъут, фыссæг раст спайда кодта дзырд «*мæйдар*»-æй? Баивут æй, ацы контексты чи сфидаудзæнис, ахæмæй. (Тексты ныхас цæуы, боныгон кæй баталынг ис, ууыл: мигътæ сæхгæдтой арв. *Мæйдар* кæнæ *мæйрухс* та вæййы æхсæв, мæй куы фæкæсы (кæнæ куы нæ фæкæсы), уæд. Растдæр уыдзæнис зæгъын: «...цæхæртæ калдта тары (талынджы).

9. Номхуындæй цавæр нывтæ уайынц Афай æмæ иннæ концертдзауты цæстытыл? Нывтæ кæрæдзийы куыд ивынц? Ссарут æмæ бакæсут уыцы бынæттæ.

10. Радзырды «зæлон» хай адих кæнут хицæн хæйттыл. Ссарут, алы хай дæр цы дзырдтæй райдайы æмæ фæуд кæны, уыдон. [Фыццаг хай: «Дард кæмдæр дидинджытæй стахтысты...» — «Цыма æрдз æрмæст уыцы иунæг рæхснæг чызджы зарæгмæ ныхъхъус»; дыккаг хай: «Стæй хуры тынтæ хохы цъуппыл ахуыссыдысты...» — «...бæстæ æгасæй дæр сæх-сæх сси...»; æртыккаг хай: «Ногæй та фыййауы уадындз кæцæйдæр æрбахаста хуры фæлмæн тынтæ...»; цыппæрæм хай: «Чызг иу уысмы бæрц цæуылдæр аджих...» — «гыццыл фæндыры цагъд бæстæ йæ сæрыл систа»; фæндзæм хай: «Хъисфæндыры зæлтæ авдæны зарæгау сæхи дардæй-дарддæр истой» — «Фæндыры хъисыл бамыр зарæджы фæстаг улæфт...»]. Сæ зæлынадмæ гæсгæ цавæр сæргæндтæ раттиккат уыцы музыкалон «нывтæн»? Ныффыссут сæ уæ тетрæдты.

11. Радихгонд хæйтты уæ хъус æрдарут мырты фæлхатмæ. Куыд хъуыды кæнут, цы амоны? [Фыццаг хайы хъæлæсон мыр *и*, æмхъæлæсонтæ — *дз, з, ц*-йы фæлхат у уадындзы цъæхснаг мырты азæлды хуызæн; дыккаг хайы — æмхъæлæсон мыртæ *с, р, п, дж* (иугæйттæ æмæ дывæргондæй) нæ хъуыды здахынц къæвдайы сæх-сæхмæ, арвы нæрын æмæ дæтты знæт хъæрмæ; афтæ нæм кæсы, цыма, бæзджын сау мигътæ зæххы æмвæз сæхи уæззаугай куыд æруадзынц, уый нæхи цæстæй уынæм].

12. Куыд æнкъарынц сæхи адæм концерты фæстæ? Ссарут æмæ бакæсут уыцы бынæттæ. Бацархайут концертдзауты равг хъæлæсыуагæй раст равдисын.

13 Саулаты Дзерассæйы хъисфæндыры цагъд адæмыл цы хуызы бандæвта, уымæн иу хъуыдыйадæй куыд зæгъæн ис?

14. Хи ныхæстæй радзурут кæронбæттæны эпизод («Дыууæ сылгоймаджы дидинджыты хуымы»).

15. Аивад искуы сымахмæ дæр Цæгæраты Максимы радзырды концертдзаутау тыхджын æнкъарæнтæ сæвзæрын кодта? Бæстондæр æрымысут уыцы уавæр.

16. Бакæсут урочы эпиграф, йæ мидис ын уæхи ныхæстæй бамбарын кæнут.

**III. ФÆРСТЫТÆ ÆМÆ БАКУСИНÆГТÆ** æрмæг бафидар кæнынæн*:*

1. Уæ зæрдыл æрлæууын кæнут, цы аргъ скодтой Сырдоны лæварæн Нарты адæм? Цæуыл дзурæг у уый?

2. Цы æххуыс фæцис ирон адæмæн Къостайы «Ирон фæндыр» та?

3. Цы хуызы дзуры абоны царды ивддзинæдтыл Цæгæраты Максимы чызг-хъисфæндырдзæгъдæджы хъысмæт?

4. Радзырды цаутæ æмæ æрыгон музыканты кæй цæстæй уынæм? (Цæгæраты Максим йæ радзырды цы зæдæнгæс чызджы сурæт сныв кодта, уый уынæм йæ дада Афайы цæстæй).

5. Цæмæн хуыйны Цæгæраты Максимы радзырд «Мады зарæг»?

5. Афай йæхиимæ цы карз быцæуы бацыдис, уый цæуыл ахицæн ис?

6. Куыд æмбарут уацмысы сæйраг хъуыды? (Цард æнцайы уарзт æмæ рæсугъддзинадыл, уыдонæй гуыры удсыгъдæггæнæн бæрзонд аивад).

7. Цавæр бастдзинад ис радзырды экспозицийæн сюжетон цаутимæ æмæ авторы идейæйы райхæлдимæ? (Мæскуыйы консерваторийы студенткæ Саулаты Дзерассæйы аивад йе ‘мзæххонтыл цас сахадыдта, уый æвдыст цæуы сæ иумæйаг уавæрæй: «Адæмы æхсызгон улæфтæн галуаны къултæ нал сфаг сты — гом рудзгуытыл æддæмæ атахт. Чызджы цагъдмæ Афайы зæрдæйы сног сты ивгъуыды карз æмæ рухс мысинæгтæ. Дзерассæйæн йæ гыццийы фарн мæрдтæм нæ ацыди: Слонаты кæстæртæ сæ мыггаджы фидыц Азауханы фыццаг хатт хъазтмæ куы ракодтой, уæд хъæубæстæ уый курдиатæй дæр афтæ зæрдæскъæф фесты, «уыцы бон базыдтой, фæндыр канд цæгъдын нæ, фæлæ ма дзурын дæр кæй зоны». Афай дæр уæд банкъардта фыццаг уарзты цин, фæстæдæр Азауханимæ сæ цард куы баиу кодтой, уæд та — бинонты амонд, хъæбулты ад. Фæлæ хъысмæты уæззау цæф баййæфта æрыгон ныййарджыты: цоты кæстæр — Афайы иунæг бындар хæдтулгæйы бынмæ бахаудис. Шофыры аххос дзы нæй, фæлæ Афайæн ссис йæ туджджын. Уалынмæ райдыдта хæст, Афай æхсарджынæй тох кодта знаджы ныхмæ. Хæдзармæ сыздæхтис уæззау цæфтимæ, йæ уарзон æмкъайы удæгасæй нал сæййæфта. Рæстæг цыдис, чызджытæ бахъомыл сты. Иу изæр минæвæрттæ хистæр Изетæйы номыл Афайы дуар бахостой, фæлæ æнæ дзуаппæй аздæхтысты: сиахсаг кæд разындис сæ туджджынты мыггагæй. Уыйадыл фыд æмæ чызг кæрæдзийæ адард сты...

Ныр концерты, йæ хъæбулы хъæбулы цагъдмæ хъусгæйæ,

Афайы уды æрфыты æрыхъал ис туг-стæджы æнкъарæн. Дзерассæйы æгъуыстаджы курдиат басаста зæронд лæджы зæрдæйы хæрам).

**Беседæ.**

1. Радзурут, цы хуызы уæ цæстытыл уайы, Афай Саулаты кæртмæ куы бахиза, уыцы сценæ.
2. Зæгъут, цы нысан уыдис раргзаманты тугисыны æгъдауæн? Цæуылнæуал фидауы абон?
3. Ноджы ма цавæр æгъдæуттæ систы нæ абоны цардарæзты къуылымпыйы хос? Ранымайут сæ ныхмæ фыст аивадон уацмыстæ.
4. Æппæт æгъдæуттæ ис фæстæзад æмæ зианхæссæг рахонæн?
5. Куыд æмбарут дзырд «æгъдаухæлд» («æгъдаусæфт»)?

## IV. ХÆДЗАРМÆ КУЫСТ:

1. Зæрдыл æрлæууын кæнын æгъдауы тыххæй базырджын ныхæстæ. Тетрæдты сæ ныффыссын.
2. Ныффыссын цыбыр нывæцæн «Цард æгъдауæй фидауы».
3. Ссарын æрмæг æмæ бакæсын (кæнæ бафæрсын хистæрты) рагон ирон кæфтыты тыххæй.

*Уыдзæн ма.*

*ХÆМЫЦАТЫ Фузæ*

# ХИБАР КУЫСТЫ ХУЫЗТÆ ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОКТЫ

*(1 — 6-æм кълæстæ)*

Ирон æвзаджы ахуыргæнæг, куыд иннæ предметты ахуыргæнджытæ, афтæ хъуамæ архайа, цæмæй скъоладзауты ахуыр кæна æнæ искæй æххуысæй кусыныл, логикон хъуыдыкæнынадыл, сæ алфамблай цард зонынмæ æмæ раст æмбарынмæ тырныныл æмæ а. д.

Скъоладзау куы базона æнæ рæдыдæй фыссын, йæ ныхас раст куы араза, йæ хъуыдытæ бæлвырд фæткыл æвæрынмæ куы арæхса, уæд ын æнцондæр уыдзæн иннæ предметтæ ахуыр кæнын дæр.

Абон æгъгъæдыл нымаинаг нæу скъоладзаутæн растфыссынады теори, ныхасы культурæ бацамонын. Скъоладзаутæ хъуамæ сæхæдæг хатдзæгтæ кæнын зоной.

Фыццаг бонтæй фæстæмæ скъоладзауты ахуыр кæнын хъæуы хибарæй кусыныл. Уый тыххæй сын дæттæн ис ахæм хæстæ:

а) цухгонд дамгъæтæ кæнæ уæнгтæ ссар;

æ) лæвæрд дзырдтæй хъуыдыйад сараз;

б) хъуыдыйæдтæй сараз æмхæст текст;

в) лæвæрд текст бакæс, фарстытæн дзуаппытæ ныффысс;

г) лæвæрд текстæн кæрон ныффысс.

Ацы куыстыты сбæрæг вæййы, скъоладзаумæ цас сфæлдыстадон хъару ис, уый.

I. Фонетикæ ахуыр кæнгæйæ ис аразæн ахæм хибар куыстытæ:

1. Текст рафыссын чиныгæй бæлвырд хæсимæ. Ацы куыстæн ис бирæ хуызтæ. Райдайæн кълæсты фылдæр чиныгæй фæфыссынц текст æнæ ивгæйæ. Фæлæ куыдфæстæмæ куыст фæвазыгджындæр вæййы. Гæнæн ис:

а) рафыссын текст цухгонд дамгъæтæ æвæргæйæ;

æ) рафыссын текст дзырдтæ æвæргæйæ;

б)æвзаргæ рафыст æмæ æнд.

Фæйнæгæй кæнæ чиныгæй фыссын рæзын кæны сабитæм лæмбынæгдзинад. Фыссынæн цы текст лæвæрд цæуы, уымæн хъуамæ бакæсой йæ хæслæвæрд, гæнæн куы уа, уæд та текстæн йæхи дæр. Равзарой дзы хуызæгмæ гæсгæ иу хъуыдыйад (дзырд), стæй скъоладзаутæ кусынц сæхæдæг.

2. Æвзаргæ рафыст. Ам кусын хъæуы бæлвырд хæсмæ гæсгæ исты орфограммæйыл. Уый сæ здахы æвзаджы фæзындтытæм лæмбынæг кæсынмæ. Ацы куыст цæмæй бакæной, уый тыххæй дæр сын хъæуы хуызæг раттын.

3. Фæрстытæн дзуаппытæ. Ахуыргæнæг фæйнæгыл фыссы фæрстытæ, скъоладзаутæ сын дзуапп дæттынц дзургæйæ. Уый фæстæ сæ дзуаппытæ фыссынц тетрæдты. Ахæм куыст саразæн ис скъоладзаутæн сæхи, сæ алфамбылай, сæ бинонты цардæй ист темæтыл. Зæгъæм, ныффидар кæнын хъæуы сæрмагонд нæмтты растфыссынад. Уымæн ис скъоладзауы бинонты цардæй фæрстытæ сæвæрæн, æххæст дзуаппытæ сæ домгæйæ.

II. Ныр та цыбырæй æркæсæм, темæ «Дзырдарæзт» ахуыр кæнгæйæ хибарæй цавæр куыстытæ бакæнæн ис, уымæ. Бирæ методикон мадзæлттæ ис ацы темæйæн. Æмæ кæцыфæндыйæ куы пайда кæнæм, уæддæр зæрдыл дарын хъæуы, йæ нысан кæй у мадæлон æвзаджы дзырдты морфологион арæзт раиртасын.

Темæ ахуыргæнгæйæ æнæмæнг хъæуы ахуыргæнæджы ныхас. Уый хъуамæ цыбырæй бацамона дзырдæн йа аразæг хæйттæй алкæцыййы дæр, уыдонæн сæ нысаниуæг. Хорз у цæстуынгæ æрмæгæй пайда кæнын. Ахсджиаг хъуыддаг у хибарæй куыст дæр. Зæгъæм, скъоладзаутæм цæмæй цымыдис æвзæра, уый тыххæй иуæй-иу дзырдтæн чысыл этимологион анализ аразын — Абайты Вассойы дзырдуатмæ гæсгæ. Хорз у чиныджы теоретикон æрмæг сабитæ сæхæдæг куы бакæсой, уый фæстæ та алыхуызон фæлтæрæн куыстытæ куы бакæной. Цæмæй скъоладзаутæ бамбарой дзырды уидаг æмæ бындур, уый тыххæй кусæн ис дзырдуатимæ дæр.

Иуæй-иу урокты фæлварын хъæуы, цæмæй сывæллæттæ сæхæдæг кæной хатдзæгтæ. Скъоладзаутæ ацы темæ ахуыргæнгæйæ хъуамæ арæхсой разæфтуантæ æмæ фæсæфтуанты руаджы ног дзырдтæ аразынмæ, хъуамæ бамбарой, цæмæн хъæуынц разæфтуантæ, фæсæфтуантæ.

Вазыгджын дзырдтæ ахуыргæнгæйæ дæр ис скæнæн алы хуызы хибар куыстытæ.

Фæйнæгыл иу-цалдæр вазыгджын дзырды равзарыны фæстæ сабитæ æрцæуынц хатдзæгмæ: ***«Ахæм дзырдты фæрцы дæр не 'взаг кæны хъæздыгдæр».*** Скъоладзаутæ сæхæдæг базонынц, цал бындуры ис дзырды, цавæр фонетикон ивддзинæдтæ æрцыди дзырдты æмæ а.д.

Скъоладзаутæ бакæсынц ахæм куыстытæ дæр:

а) лæвæрд дзырдтæй саразын вазыгджын дзырдтæ;

б) чи фылдæр æрхъуыды кæна вазыгджын дзырдтæ.

III. Лексикæ ахуыр кæнгæйæ та хибар куысты сæйрагдæр хуыз у алыхуызон дзырдуæттимæ архайын. Ацы куыст æххуыс вæййы скъоладзауты ныхасы культурæйы рæзтæн, орфографийы æгъдæуттæ зæрдыл дарынæн. Уый руаджы æнæмæнг фæкъаддæр вæййынц сæ фысгæ куыстыты рæдыдтытæ. Зæгъæм, скъоладзаутæ арæх рæдийынц уырыссаг æвзагæй æрбайсгæ дзырдты растфыссынады. Уыцы рæдыдтытæ куынæг кæныны мадзæлттæй иу у орфографион дзырдуатимæ куыст. Ис раттæн ахæм хæс: ссарут дзырдуаты ахæм дзырдтæ: ***ма... инæ, альп... нист, ж...рнал.*** Рафыссут сæ æмæ сын бахъуыды кæнут сæ растфыссынад.

Абарын æмбæлы текст уырыссагау æмæ иронау. Афтæмæй сывæллæттæ æнцонæй бамбардзысты, уыцы иу дзырдтæ кæй ис дыууæ 'взаджы дæр. Сæхæдæг бакæсдзысты, цы сты æрбайсгæ дзырдтæ, куыд сæ фыссын хъæуы, уый

Скъоладзаутæн ис ахæм хæс раттæн: «Саразут, нæ къласы цы предметтæ ис, уыдоны номхыгъд. Æрбайсгæ дзырдты бын бахахх кæнут. Цавæр предметтæ ис къласы? Се 'хсæн цал æрбайсгæ дзырды ис? Ирон æвзаг сæ кæцæй æрбайста?» Скъоладзаутæн сæхи бон бауыдзæн, цы пайда у уырыссаг æвзаг ирон æвзаджы лексикæйæн, уый базонын, хатдзæгтæ скæнын.

Дзырдуæттæй пайда кæнын хъæуы лексикæйыл кусгæйæ дæр, уæлдайдæр архаизмтæ æмæ омонимтæ куы ахуыр кæной, уæд. Неологизмтæ æвзаргæйæ та хъуамæ зоной газетты, журналты æрмæгæй пайда кæнын.

Цæмæй скъоладзаутæ хибарæй кусой урочы, уый тыххæй ахуыргæнæг хъуамæ лæмбынæг ахъуыды кæна, цавæр ног æрмæг бацæттæгæнæн ис, цавæр цæстуынгæ æрмæг равдисæн ис. Хибар куыст хъуамæ скъоладзауæн ног зонындзиндтæ радта.

Æвзаг ахуыргæнгæйæ хорз у къæйттæй кусын. Алы къайæн дæр раттын хъæуы йæ хъарутæм гæсгæ куыст. Афтæмæй рæзы

сæ ныхас. Къæйттæй кусын куы базоной, уæд рахизын æмбæлы къордтæм. Иу къорд иннæмæн дæтты алыхуызон фæрстытæ, хæстæ. Уыдон дзуапп дæттынц. Уый фæстæ къордтæ ивынц сæ бынæттæ. Ахуыргæнæг сын сæ куыстæн аргъ кæны, чи куыд дзуапп лæвæрдта, чи активондæр уыди, уымæ гæсгæ.

Цæмæй скъоладзаутæ хибарæй кусой, уый тыххæй сæ раздæр ахуыр кæнын хъæуы алкæй дæр хицæнæй кусыныл (индивидуалон куыст). Ахуыргæнæг хъуамæ зона, сабитæн сæ зонындзинæдтæ, сæ цæттæдзинад фæйнæхуызон кæй сты. Уымæ гæсгæ сын хъæуы фæйнæ хуызы æхххуыс. Хъуамæ сын лæвæрд цæуа хæс сæ арæхстмæ гæсгæ. Фæлæ иу хаттæй иннæ хатмæ хъуамæ куыст вазыгджындæр кæна.

Ацы куыст графикон хуызы ис мæнæ афтæ сбæрæг кæнæн.




IV. Хибар куыст ахадгæ у ныхасы рæзты урокты. Абоны царды дзургæ ныхас ахсджиаг бынат ахсы урокты. Уымæн æмæ горæтаг скъолатæн сæ сæйрагдæр хæс у скъоладзауты иронау сахуыр кæнын. Зæгъæм, дзырдуатон куысты фæстæ скъоладзаутæ хибарæй саразынц хæрз цыбыр радзырдтæ нывтæм гæсгæ, сывæллон йæхæдæг кæй федта, ахæм цауты фæдыл, раныхæстæ сæ уарзон чингуыты, сæ бинонты тыххæй. Ацы темæтæ æхххуыс сты хъуыды кæнынæн, стæй ныхасы рæстæн. Дæттын хъæуы ахæм темæтæ, скъоладзауы эмоцитæ чи агайы: аргъау æрхъуыды кæнын, газетмæ уацхъуыд ныффыссын, президентмæ фыстæг ныффыссын æмæ а.д.

Ахæм куыстытæ скъоладзаутæн фадат дæттынц сфæлдыстады цин бавзарынæн. Амонын сын хъæуы, раныхæстæ куыд аразгæ сты, уый дæр. Зæгъæм, конференци кæнæ дискуссийы куыд растдæр дзургæ у:

1. Дæ хъуыдыимæ æххæст разы нæ дæн.
2. Чи зоны, ды раст дæ.
3. Бар мын ратт мæ хъуыдытæ зæгъынæн.
4. Æз та афтæ хъуыды кæнын ... фæлæ:
— Ды раст нæ дæ;
— Кæцæй æрхастай уыцы хабар?
— Афтæ уа, уымæн гæнæн нæй.

Скъоладзау хъуамæ арæхса дзырдуаты тагъд æмæ æнцонæй хъæугæ дзырд ссарын, таблицæтæ саразын, схемæтæй раст пайда кæнын.

Ис ма хибар куысты æндæр хуыз. Ахуыргæнæг раздæр загъта скъоладзаутæн, сæ иу ын æххуысгæнæг (ассистент) кæй уыдзæн иннæ урочы, фæлæ чи, уый не схъæр кодта. Сывæллæттæ хæдзары сæхиуыл бакусынц, кæй бон куыд у, афтæ, ахуыргæнæджы ролы «хъазынмæ». Афтæмæй бафиппайæн ис, скъоладзаутæ цас арæхсынц, уый. Сæ зонындзинæдтыл дæр æфты, сæ хъуыдыкæнынад дæр рæзы, сæхи уæндондæрæй дарынц.

Æмæ ма иу куысты хуызы тыххæй. Уый, мæнмæ гæсгæ, æппæтæй арæхдæр æмбæлы. Йæ ном: лекци беседæйы элементтимæ. Ахуыргæнæг ног темæ фæзæгъы, скъоладзауты раз æрæвæры хæстæ, фæрстытæ, скъоладзаутæ та уайтагъд хъуамæ райдайой хъуыды кæнын. Ам ахуыргæнæджы хæс у, йæ алы фарстæн дæр æххæст дзуаппытæ домын. Афтæмæй сывæллоны хъуыдыкæнынад хуыздæр кæны. Ахæм куыстытæ литературæйы урокты арæх аразын æмбæлы. Фæлæ сын æвзаджы урочы дæр ис скæнæн. Зæгъæм, ахуыргæнæн чиныджы ис фæлтæрæнтæ Абайты Вассойы, Æлборты Барисы, Тыбылты Алыксандры, Шегрены, Миллеры тыххæй. Цæмæй сывæллæттæ бæстондæр базоной, чи уыдысты уыдон, цы хæрзты бацыдысты ирон адæмæн, уый тыххæй хæс раттын æмбæлы хуыздæр скъоладзаутæн ныффыссын докладтæ. Афтæмæй фæцалх вæййынц чиныгимæ кусыныл, текст æвзарыныл. Сæ ныхасы рæзт дæр кæны хуыздæр.

Ныхасы рæзтыл кусгæйæ æмбæлы тынг бирæ алыхуызон куыстытæ скæнын. Зæгъæм, Хостыхъоты Иринæйы «Дидактикон æрмæг 3-аг къласы» бакæсгæйæ æз уым федтон 14 хуызы куыстытæ. Мæнæ дзы цалдæр:

а) æмхæст текст хицæн хъуыдыйæдтыл адих кæнын;
æ) æмхæццæ хъуыдыйæдтæй æмхæст текст саразын;

б) лæвæрд хъуыдыйæдтæй æмхæст текст саразын;

в) фæрстытæн дзуаппытæ ныффыссын;

г) лæвæрд пъланмæ гæсгæ саразын радзырд;

д) радзырд цыбырæй ныффыссын;

е) радзырд йæ райдианмæ гæсгæ кæронмæ ныффыссын;

ж) радзырд йæ кæронмæ гæсгæ ныффыссын;

з) хæслæвæрдмæ гæсгæ текстæй хъæугæ скъуыддзаг рафыссын æмæ а.д.

Ацы хæстæ скъоладзаутæ æххæст кæнынц уæгъдибарæй æмæ равдисынц сæ цæттæдзинад ирон æвзагæй.

V. Ирон æвзаг уырыссаг къордты ахуыр кæныны тыххæй мæ фæнды цалдæр ныхасы зæгъын. Уыдонимæ кусын, ай-гъай, зындæр у, уымæн æмæ сывæллæттæ фыццаг хатт базонгæ вæййынц не 'взагимæ. Цæмæй сæм ахуырмæ цымыдис фæзына, уый тыххæй алы хуызы методтæй хъæуы спайда кæнын. Сæ иу у хъазгæйæ ахуыр кæнын. Зæгъæм, фонетикæ ахуыргæнгæйæ раттæн ис ахæм куыст:

а) чи тагъддæр равзардзæн дзырд;

æ) чи тагъддæр сбæрæг кæндзæн кавказаг мыртæ;

б) сбæрæг кæнын тыхджын хъæлæсонтæ;

в) бацамонын зылангон æмæ æзылангон хъæлæсонтæ æмæ а. д.

Æмхæст тeксттæм рахизгæйæ скъоладзаутæ кæсын хорз куы базоной, уæд дзырдуæтты руаджы æнцонæй тæлмац кæнын сæ бон уыдзæн.

Ахуыргæндты хатдзæгмæ гæсгæ, ацы куыст ахадгæ у мæнæ афтæмæй:

а) фыццаг сбæрæг кæнын хъæуы теоретикон æрмæг куыд базыдтой, уый;

æ) теорийыл æнцайгæйæ, хи дæнцæгтæ æрхæссын;

б) практикон куыст сæххæст кæнын хибарæй.

Хъуамæ сывæллон куса афтæ, æмæ йæ куысты йæхи сфæлдыстад дæр куыд уа. Ома, сывæллæтты аразын хъæуы хъуыды кæныныл, æвзарыныл, хатдзæгтæ кæныныл. Уый тыххæй скъоладзауты размæ æвæрын хъæуы ахæм фæрстытæ, хæстæ: «Бамбарын кæн», «Сбæрæг кæн», «Цæмæн?» Æмæ дзы домын хъæуы æххæст дзуаппытæ.

VI. Морфологи ахуыргæнгæйæ дæр ис алыхуызон куыстытæ бакæнæн.

Зæгъæм, бафыссын номдартæм хъæугæ кæрæттæ. *Не скъола у стыр æмæ рæсугъд. Скъола... алыварс ныссагътам бæлæстæ. Скъола... фæндаг ныссыгъдæг кодтам. Не скъола... кусы бирæ хорз ахуыргæнджытæ.*

Кæнæ мивдисæг ахуыргæнгæйæ, хъуыдыйæдты ныффыссын мивдисджытæ, архайд куыд тыхджындæр кæны, уымæ гæсгæ: ***Калм (быры). Адæймаг (цæуы). Рæстæг (згъоры). Ракетæ (тæхы).***

VII. Цавæр куысты хуызтæ ис синтаксис ахуыргæнгæйæ та?

1. Тексты ссар æмбасты (æмарæзты, æфтыдады) руаджы арæзт дзырдбæстытæ.

2. Лæвæрд хуымæтæг цыбыр хъуыдыйадæй сараз хуымæтæг даргъ хъуыдыйад.

3. Лæвæрд схемæмæ гæсгæ сараз хъуыдыйад.

Тынг арæх пайда кæнынц ахуыргæнджытæ ахæм куысты хуызæй дæр: скъоладзаутæн лæвæрд цæуынц дзырдтæ, дзырдбæстытæ. Уыдон та хъуамæ ныффыссой, уыцы дзырдтыл æнцойгæнгæйæ, нывæцæнтæ, нывтæм гæсгæ радзырдтæ. Æмбæлы экскурситæ аразын дæр, стæй, цы федтой, уымæ гæсгæ ныффыссын радзырд, нывæцæн.

Кæнæ ма мæнæ ахæм куыст, номдарты тасындзæг ахуыр кæнгæйæ: бафыссын номдартæм хъæугæ кæрæттæ.

Бонæй-бонмæ куыст хъуамæ кæна вазыгджындæр æмæ алыхуызондæр. Афтæмæй рæзы се 'мбарынад. Кусынц æнæ ахуыргæнæджы æххуысæй. Хибарæй кусгæйæ скъоладзауæн сбæрæг вæййынц йæ зонындзинæдтæ æнæхъæнæй дæр: ныхасы дæр, хъуыдыкæнынады дæр, фыссынады дæр.

# АРВИСТОН

## ЦАРДÆГАС СÆРЫХЪУЫНТÆ

Уæ цæстытыл-ма ауайын кæнут: сæрыхъуыинтæ рæзынц æмæ рæзынц, æлвынæн та сын ницыхуызы ис, уымæн æмæ... цардæгас сты! Ахæм сæрыхъуынты хицау у бразилиаг сахар Сан-Паулуйы цæрæг Андреа Гернандес. Куыддæр ын йæ сæрыхъуынтæ æлвынынмæ бавналай, афтæ сæ туг кæлын байдайы æмæ æвирхъау рыст скæнынц.

Цыбыр ныхасæй, ацы сылгоймагæн иннæ адæмæй уæлдай йæ сæрыхъуынтæ конд сты цардæгас чырæгтæй, стæй сын ис тугдадзинтæ æмæ суанг чысыл бандзæвд дæр æнкъарынц.

## ÆРТЫКЪАХЫГ АДÆЙМАГ

Франческо Лентини, кæнæ Фрэнк, райгуырди Сицилийы 1889 азы, æмæ йын астæуæй уæлæмæ уыди нывыл гуырыконд. Фæлæ уымæй дæлæмæ æрдзæй æфхæрд баййæфта: уыдис ын æртæ къахы, сæ иу — чъылдымæрдыгæй, къæдзилыстæгæй чысыл уæлдæр. Уыцы къах ын цæуынæн нæ бæззыд, уыйхыгъд ын тардта бандоны бæркад — Фрэнкы-иу куы бафæндыд, уæд-иу ыл æрбадти.

1898 азы фарастаздзыд Лентини афтыд Америкмæ æмæ ссис Буффало Биллы цирк «Хъæддаг Ныгуылæны Шоу»-ы хъазæг. Америчы ус ракуырдта, райгуырд ын цыппар сывæллоны (се 'ппæт дæр сты æнæсахъат), царди Флоридæйы. Амарди 1966 азы.

## ЦÆСТЫФÆНЫКЪУЫЛДМÆ

Ацы дзырды хъуыды баст у нæ буары змæлдтыты тагъддæртæй иуимæ. Фæлæ, бæлвырд фæлварæнтæ куыд равдыстой, афтæмæй цæстныкъуылды процесс бынтон тагъд не 'рцæуы, растдæр зæгъгæйæ та, йæ дæргъ у секунды цыппæрæм хай. Царды æндæр фæзындтытимæ йæ куы абарæм, уæд нæ бон зæгъын у: цæстыфæныкъуылдмæ космосон нау атæхы 4,4 километры, къогъойы базырты змæлд та цæстыфæныкъуылдмæ схæццæ вæййы 200 — 240 хатмæ.

## ГЕНИОН РЫНЧЫНТÆ

Диссаг та куыннæ у, æвæдза, дунейыл йæ кой кæмæн айхъуыст, уыцы адæймæгтæй-иу бирæтæ райгуырдысты тæнтъихæг æмæ низæмхицтæй, иуæй-иутæ та дзы æппындæр цæрынхъом нæ уыдысты. Зæгъæм, Ренессансы дуджы гени Леонардо да Винчи куы райгуырд, уæд йæ уæз уыд æдæппæт 900 граммы. Æвгъæдгæстæ йæ мардыл банымадтой æмæ йæ тасы ныппæрстой, фæлæ гæзæмæ змæлын куы байдыдта, уæд æм зилын байдыдтой. Леонардо да Винчи фæцарди 67 азы æмæ йæ фæстæ ныууагъта адæмæн æмбисонды уацмыстæ.

Иуцасдæры фæстæ дунемæ фæзынд Исаак Ньютон — дунеон наукæйы цырагъдартæй иу. Йæ мад куыд дзырдта, афтæмæй Исаак ахæм къаннæг ноггуырд уыдис æмæ бæгæнынуазæны бацыдаид. Фæлæ Ньютон фæцарди 84 азы.

Фæйнæ 83 азы фæцардысты, низтæм æмхиц чи уыд æмæ тæнтъихæгæй чи райгуырд, уыцы Джеймс Уатт (тæфæйкусгæ машинæ æрхъуыдыгæнæг), англисаг философ Герберт Спенсер (авд азы онг уыдис æдзухъом, мæлдзой кæмæй фæзæгъынц, ахæм) æмæ дзырддзæугæ францаг фыссæг Виктор Гюго. 80 азы батыдта немыцаг классикон философийы бындурæвæрæг Иммануил Кант (райгуырди бынтон лæмæгъæй, уыдис ын нарæг риу æмæ зылын уæхсчытæ).

Фæлæ низæмхиц æмæ æнæбонæй чи райгуырд, уыцы номдзыд адæймæгты ‘хсæн ис ахæмтæ дæр, кæй ранымадтам, уыдонæй ноджы фылдæр чи фæцарди: немыцаг ахуыргонд-æрдзиртасæг Александр Гумбольдт акаст йæ 90 азы сæрты, англисаг философ Томас Гоббс (райгуырд æмгъуыдæй раздæр, йæ цард-цæрæнбонты уыди бынтон лæмæгъ) — йæ 91 азы сæрты, францаг фыссæг æмæ зонад парахатгæнæг Бернар Фонтенель — йæ 100 азы сæрты.

70 — 80-гай азтæ фæцардысты китайаг зондылæг Конфуций, Ромы папæ — низæмхиц дæлæмæдзыд Григори II, поэт Гавриил Державин, поэт Пьер Беранже (мады гуыбынæй йæ æртыскæны фæрцы райстой) æмæ ноджы бирæтæ.

## АЛЕКСАНДР МАТРОСОВ: ЙЕ СГУЫХТЫ ТЫХХÆЙ ÆЦÆГДЗИНАД

Матросовы сгуыхты тыххæй æппæты райдайæны афтæ хъусынчынди: «Хъæу Чернушки»-йы цур хæсты рæстæг фæском-

цæдисон Матросов, 1924 азы гуырд, равдыста стыр хъæбатырдзинад — дзоты амбразурæ йæ буарæй сæхгæдта, æмæ не 'фсæддонтæн фадат фæци размæ абырсынæн. Чернушки ист æрцыд. Æфсæдтæ размæ цæуынц».

Фæлæ хъуыддаг афтæ у, æмæ пулемет йæ тæккæ æхсыныл куы уа, уæд йæ нæмгуытæ цыфæнды буар дæр иуварс аппардзысты. Цæвиттон, амбразурæйæн риуæй сæхгæнæн нæй! Фæлæ уый афтæ нæ амоны, æмæ ацы æвзонг хæстон нæ фесгуыхти. Матросов æцæгæй дæр бакъуылымпы кодта, махонты атакæ чи урæдта, знаджы уыцы пулеметы æхст. Гъе, æрмæст цаутæ бынтон æндæрхуызон уыдысты. Фронты газеттæ фыстой, зæгъгæ, Матросовы мард амбразурæйыл нæ уыди, фæлæ дзоты цур митыл. Æвæццæгæн, советон хæстон бацыди знаджы пулеметæйæхсджыты бакомкоммæ æмæ сæ хъавыди вентиляцион хуынкъæй мидæмæ багæрæхтæ кæнынмæ (йæхи цæстæй йæ чи федта, уыдон дæр афтæ дзырдтой). Знæгтæ йæ æхсгæ дæр уыцы хуынкъæй ракодтой. Æмæ Матросов хуынкъ йæ буарæй куы бамбæрзта, уæд фашисттæн улæфын фæзын. Цалынмæ Матросовы мард æппæрстой, уæдмæ не 'фсæдтæ дæр размæ абырстой. Матросов цы сгуыхт равдыста, ахæм сгуыхт ма равдыстой 400 советон салдаты æмæ афицеры. Сæ фылдæрæн-иу сæ хабар афтæ рауади: дзотмæ-иу хæстæг бабырыдысты æмæ-иу дзы гранаттæ ныппæрстой, фæлæ-иу сæхæдæг дæр искуы-иу хаттæй фæстæмæ фæмард сты. Фæлæ сталинон пропагандæ архайдта, не 'фсæддонтæ цы уыдысты, уымæй сæ хъæбатырдæрæй равдисыныл æмæ та-иу атауыс кодтой, ахæм æмæ ахæм хæстон йæ риуæй амбразурæ бамбæрзта, зæгъгæ.

Мæнг ныхас у, Александр Матросов 23 февралы фесгуыхти, зæгъгæ, уый дæр. Æцæгæй та хабар æрцыди 27 февралы. Фæлæ æрыгон лæппу Сырх Æфсады бæрæгбоны йæ цард Райгуырæн бæстæйы сæрвæлтау радта, зæгъгæ, куы айхъуыса, уæд ахæм сгуыхт, ай-гъай, тынгдæр ахады!

Ноджы ма иу гæды ныхас — Матросовы уырыссаг лæппу кæй хуыдтой, уый. Уæвгæ та уыди башкираг, йе 'цæг мыггаг æмæ ном: Мухамедьянов Шакирьян, райгуырди, Кунакбаево, зæгъгæ, уыцы хъæуы (Башкортостан). Фæлæ сывæллæтты хæдзармæ куы бахауд, уæд йæхицæн æрымысыди мыггаг «Матросов», гуыргæ та, дам, Днепропетровскы ракодтон.

Советон пропагандæ уыйбæрц мифтæ мысыд, æмæ сæ баны-

майын дæр тынг зын хъуыддаг у. (Л. Б. Лихачева, А. В. Соловей. Энциклопедия заблуждений. СССР. М., Донецк. 2005, 212 — 213 фф.).

Матросовы цард æмæ тохы хабæрттæ хорз зыдта номдзыд уырыссаг фыссæг Виктор Астафьев. Мæнæ куыд фыста йæ хæлар Виктор Кондратьевмæ: «Вот ты помянул Сашу Матросова, а ведь у меня где-то (где-то!) в бумагах лежит вся история его страшной жизни, не по его вине страшной, а по жизни всей системы. Он ведь был перед отправкой не в РУ, а в исправительной колонии, которая до недавнего времени носила его имя, и только потом пришло кому-то в голову, что нехорошо тюремному предприятию носить имя героя. Воистину героя! Грудью на дзот он, конечно же, не бросался. А попавши на верх дзота, пытался вырвать руками или наклонить ствол пулемета к земле, но в дзоте-то сидели не те болваны, коих нам показывают в кино, и кормлены они были получше, чем Саша в штрафной роте, и они его... за пулемет, стащили сверху и в амбразуру, которую, ты знаешь, даже сытой комиссарской жопой не закрыть. Изрешетили парнишку. Но и этой заминки хватило пехоте, чтоб сделать бросок и захлестнуть дзот гранатами. И добро, что борзописец тут скумекал, а не будь его, кто бы узнал о Сашином подвиге. Борзописец тот всю жизнь сулился написать о Матросове правду, да не умел он и не хотел жить правдой» («Литературная газета», 26.X.94).

## КРИЗИС СЫН ФÆАХЪАЗ

Журнал «Форбс» та ногæй банымадта, Уæрæсейы хъæздгуытæй исбон кæмæ цас ис, уый. Кæд фарон бæстæйы 32 миллиардеры уыд, уæд афæдзмæ сæ нымæц схæццæ 62-мæ. Номхыгъды цы адæймæгтæ ис, уыдоны иумæйаг исбоны аргъ у 297 миллиард доллæры. Афæдзы размæ та уыди 142 миллиарды, олигархтæ фесты дыууæ хатты хъæздыгдæр. Æппæты бонджындæр уæрæсейаг у Новолипецкы згъæрыкуыстгæнæн комбинаты хицау Владимир Лисин — йæ исбоны аргъ хæццæ кæны 15,8 миллиард доллæрмæ. Афæдзмæ йæ исбоныл бафтыди 10,6 миллиард доллæры. Дыккаг бынаты ис Михаил Прохоров (13,4 миллиард доллæры) — «Онэксим»-ы президент, æртыккаг бынаты та — Михаил Фридман, «Альфа-Групп»-ы

советы сæрдар. Дарддæр номхыгъды сты: Роман Абрамович (11,2 миллиард доллæры), Олег Дерипаска (10,7 миллиард доллæры), Вагит Алекперов (10,6 миллиарды), Владимир Потанин (10,3 миллиарды), Алексей Мордашев (9,9 миллиарды), Виктор Рашников (9,8 миллиарды), Дмитрий Рыбаловлев (8,6 миллиарды).

Уæрæсейы хъæздгуыты номхыгъды ис не 'мбæстон дæр, компани «Меркурий»-ы хицау Хъесаты Игорь, ис æм 1200 милуан доллæры.

Уæрæсейы хъæздыгдæр адæймæгты исбон фарон цалдæр хатты фæкъаддæр. Ныр, куыд уынæм, афтæмæй сæ хъул сах абадти.

## САУДЖЫН ДЕБРЕЙЫ ХАБÆРТТÆЙ

* * *

Сауджын Дебре марходарæн бон хордта, цы не 'мбæлд, ахæм хæринаг. Дыууæ æртæ уидыджы куы фæдæле кодта, уæд æм йæ лæггадгæнæг дзуры:

— Абон марходарæн бон у.

Сауджын ын йæ уадул ныдздзæхст ласта æмæ йын афтæ:

— Æдылы къоппа куы нæ уаис, уæд мын æй хъуамæ йе райдианы загътаис, йе та, хæрд куы фæуыдаин, уæд!

* * *

Иу лæг сауджын Дебремæ йæ тæригъæдтæ сыгъдæг кæныны охыл æрбацыди. Загъта, мæ сыхагæй, дам, мæнæуы куыристæ фондзыссæдзы адавтон. Дебре йæ бафарста, æвæццæгæн, дам сæ иу хаст нæ акодтай. Давæг ын афтæ, цыппар хатты, дам сæм бацыдтæн æмæ, дам-иу, алы цыдæн дæр ссæдз куырисы рахастон.

— Æмæ дын афтæмæй цыппарыссæдзы йеддæмæ куы нæ уайынц, ды та фондзыссæдзы куы загътай?

— Абон дæр ма дзы ссæдз куырисы радавинаг дæн, æмæ мын æххæст уыдон дæр банымай.

* * *

Æрыгон католик-сылгоймаг йæ тæригъæдтæ сыгъдæг кæнынмæ бацыд аргъуанмæ. Сауджын Дебрейы зæрдæмæ

фæцыди, йемæ æввахсдæр базонгæ уæвын æй æрфæндыд æмæ йæ бафарста, дæ ном цы хуыйны, зæгъгæ.

— Мæ ном мæ тæригъæдтæм нæ хауы, — дзуапп ын радта сылгоймаг. — Цæмæн дын æй хъуамæ зæгъон?

* * *

Иу æдылыдзæф æрыгон лæппуйы æрфæндыди дины скъоламæ бацæуын. Фæлварæн та дзы иста сауджын Дебре. Фæрсы лæппуйы:

— Нойæн уыди æртæ фырты: Сим, Хам æмæ Иафет. Чи уыди сæ фыд?

Æдылыдзæфы бон дзуапп раттын нæ уыд æмæ йæ рарвыстой.

Фыдæн йæ хабæрттæ куы ракодта, уæд ын уый афтæ:

— Ай бынтон æнæсæр куы дæ, бынтон æнæсæр! Ау, уый дæ зонд куыннæ æрцахста? Ахъуыды ма кæн. Нæ сыхаг куыройгæсæн ис æртæ фырты: Пьер, Жан æмæ Якоб. Чи у сæ фыд?

— Куыройгæс, æндæр чи! — бахъæр ласта лæппу.

— Уæдæ йæ ныр бамбæрстай?

Фырт та ногæй ацыди сауджынмæ. Дебре æмбæрста, лæппу та кæй фæкъуыхцы уыдзæн, уый æмæ йæ бафарста: Нойы фырттæн сæ фыд чи уыди?

— Нæ сыхаг куыройгæс!

* * *

Сауджын Дебре йæ уазджытимæ сихор хордта. Тæвд хæринаг ын йæ цуры æрæвæрдтой. Уый дзы куы скомдзаг кодта, уæд æй, цы зæгъын æй хъæуы, басыгъта. Сауджын йæхиуыл фæхæцын нал бафæрæзта æмæ æвзæр ралгъыста. Дины кусæгæн æвзæр дзыхæй дзурæн никæд ис, ай-гъай. Уазджытæй иу гæххæтт æмæ къæрандас систа æмæ фыссын райдыдта.

— Цы фыссыс, уый ма мын зæгъ, — дзуры йæм сауджын.

— Сыгъды ныхмæ цы куывд ракодтай, уый, зæгъын, мæхимæ куы фæнысан кæнин. Цы нæ вæййы, мæн дæр искæд куы бахъæуа.

Цъары фæрстыл:

*2. Уастырджи.*

*3. Фыды сурæт.*

*4. Хъуыдыгæнæг.*

* * *


*Технический редактор Виктория БОРАЕВА*
*Корректор Заира КАРАЦЕВА*
*Компьютерный набор Марина КИРГУЕВА*
*Компьютерная верстка Ирида КОДЗАТИ*
*Дизайн Залина ГУРИЕВА*

*Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору за соблюдением законодательства в сфере массовых коммуникаций и охране культурного наследия по Южному Федеральному Округу.*

*Свидетельство о регистрации СМИ ПИ №ФС 10-6649 от 20 июня 2007 г.*

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

*Журналмæ цы къухфыстытæ цæуы, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.*

*Учредители: Комитет РСО-Алания по печати и делам издательств, Государственное учреждение «Литературно-художественный и общественно-политический журнал «Мах дуг»*

*Подписано к печати 25.05.10. Формат издания 60х84 1/16. Бум. офсет. № 1. Гарнитура шрифта Mygl. Печать офсетная. Усл. п. л. 8,37. Учетно-изд. л. 6,84. Тираж 1200 экз. Заказ № 639. Цена свободная.*

*Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11. E-mail редакции: mahdug@mail.ru. Тел. 75-10-94.*

*Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис» РСО-Алании, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.*



Индекс 73247

